

REPUBLIQUE DU BURUNDI



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Direction du développement
et de la coopération DDC



LADEC



REVUE DE JURISPRUDENCE DE LA COUR SUPREME DU BURUNDI

Collection des arrêts fonciers modèles de la Cour
suprême et des Cours d'appel du Burundi

TOME 5

Bujumbura, 2022

PREFACE

La prolifération des conflits fonciers nuit au climat social et à la sécurité. La gestion de ces conflits fonciers reste problématique tant au niveau communautaire qu'au niveau des juridictions.

L'exploitation d'une parcelle constituant souvent un enjeu vital, l'incertitude généralisée en matière foncière constitue actuellement l'une des principales sources de conflit et de violence.

Opposant fréquemment des membres d'une même famille, ces conflits mettent en péril les liens sociaux les plus élémentaires.

Les litiges fonciers représentent les affaires les plus nombreuses portées devant les juridictions et sont à l'origine de leur saturation et au dysfonctionnement de la justice et près de la moitié relève du droit des successions et sont donc d'essence intrafamiliale.

En outre, ces mêmes juridictions manquent de moyens notamment la documentation juridique suffisante permettant aux juges de fonder leurs décisions.

La problématique de la succession au Burundi est compliquée par l'absence d'une loi pour la régir. En effet, jusqu'à ce jour, ce domaine est régi par la coutume. Même le code foncier, principal texte juridique dans le domaine, renvoie implicitement à la coutume notamment pour ce qui est des conflits relatifs aux successions (article 29 du code foncier).

Or, la coutume n'est ni uniforme encore moins codifiée pour en connaître le contenu à côté d'une jurisprudence presque inexistante.

Par ailleurs, le Code foncier n'est pas toujours bien appliqué par certains juges qui tranchent souvent en équité et en référence à la coutume au lieu de trancher en se référant à la loi écrite, notamment le Code foncier.

De ce qui précède, il importe d'approfondir la recherche relative aux solutions juridiques apportées par la jurisprudence aux problèmes juridiques posés, l'objectif étant l'harmonisation des pratiques en cette matière.

C'est dans ce cadre que la Cour Suprême et le Land and Development Expertise Center (LADEC : www.ladec.bi) ont collaboré pour la collecte, l'analyse, le commentaire et la publication de la jurisprudence des arrêts modèles de la Cour Suprême et de toutes les Cours d'appel du pays en matière foncière. Cette collaboration a eu lieu dans le cadre de la mise en œuvre du projet Prévention et Résolution des Conflits Fonciers financé par le Bureau de la Coopération suisse au Burundi.

La Cour Suprême exprime sa gratitude au LADEC, qui, engagé dans la promotion de la gouvernance foncière et la justice au Burundi, a contribué à travers son assistance financière et logistique à la réalisation de ce travail.

La Cour Suprême profite de la présente occasion pour réitérer également ses remerciements au Bureau de la Coopération suisse au Burundi pour les efforts qu'il ne cesse de déployer pour appuyer diverses activités en rapport avec la prévention des conflits et en particulier la gouvernance foncière.

A toutes les personnes ressources qui ont accepté les différentes missions qui leur ont été confiées, la

Cour Suprême apprécie à sa juste valeur leur contribution.


Nous souhaitons que ce recueil soit utile à tous les praticiens du droit, les chercheurs, les justiciables ainsi que tous ceux qui s'intéressent au contentieux foncier dans notre pays.

Notre volonté est de continuer à faire connaître la jurisprudence de nos cours et tribunaux conformément à l'article 25 de la loi régissant la Cour suprême.

Je vous en souhaite une bonne lecture qui, j'en suis sûr, vous apprendra énormément sur la jurisprudence de nos cours et tribunaux en matière foncière.

Le Président de la Cour Suprême du Burundi

Emmanuel GATERETSE



AVANT-PROPOS

La Cour suprême, la plus haute juridiction ordinaire de la République, a parmi ses missions celle de publier sa jurisprudence comme le fait d'ailleurs d'autres institutions judiciaires de même nature. Cependant, nous constatons un déficit de publication des décisions de justice dans notre pays. Les plus récentes publications datent de 2012 où la Cour suprême avait publié quatre revues sur sa jurisprudence en collaboration avec l'agence belge de développement et le Centre d'études et de documentation juridique.

Pourtant les décisions de justice devraient être publiées au même titre que les lois et les règlements pour permettre aux citoyens de connaître véritablement le droit positif constitué aussi par la jurisprudence. Si « nul n'est censé ignorer la loi », il est tout aussi important de savoir comment elle est appliquée par nos cours et tribunaux.

Le présent recueil de jurisprudence qui est consacré uniquement à la jurisprudence foncière vient donc renouer avec les bonnes pratiques de publication et sa focalisation sur un domaine aussi important dans la vie quotidienne de notre population fait sa particularité. En effet, en matière civile, les litiges fonciers occupent, dit-on en milieu judiciaire, plus de septante pour cent (70%) des affaires qui sont pendantes devant les cours et tribunaux. Elles opposent essentiellement des frères, des frères et des sœurs, des cousins, des parents et des enfants, bref, des parentés entre elles.

Ces conflits fonciers se posent nettement à travers des questions juridiques comme celles relatives à la succession, aux régimes matrimoniaux, aux libéralités, à la prescription, aux droits de la femme survivante etc.

Le recueil met alors en évidence ces problématiques juridiques qui ne connaissent pas chez nous de législation spécifique, malgré leur présence quasi permanente devant les cours et tribunaux burundais, et veut en conséquence porter à la connaissance du large public, les décisions prises en la matière pour faire avancer le droit et la jurisprudence burundaise. Ainsi les juges à différents niveaux, les avocats, les étudiants en droit, les professeurs des facultés de droit, les chercheurs dans le domaine foncier, les juristes et la population en général sont tous invités à s'approprier de ce recueil de jurisprudence combien riche en réponses qu'il apporte aux différents litiges fonciers dans les décisions judiciaires qu'il renferme. Le recueil contient bien des arrêts de principe et des arrêts d'espèce qui vont sans doute inspirer tout avocat ou tout justiciable avisé dans la défense de sa cause et tout juge éclairé dans la prise de sa décision.

Cela appelle alors, à l'édition, à la publication du recueil et à sa vulgarisation pour le rendre le plus largement accessible à toutes les couches de la population dans la mesure où la bonne justice fait partie intégrante de la personne humaine et crée toujours un cœur joyeux en tout un chacun. Le recueil devrait donc être distribué en premier lieu aux praticiens du droit et trouver ensuite d'autres modalités pour qu'il soit à la portée de tout individu qui voudrait l'obtenir. Dans le même prolongement, nous estimons que toutes les décisions contenues dans le recueil de jurisprudence foncière méritent d'être mises en ligne sur le site internet de la Cour suprême pour les rendre encore plus accessibles.

En outre, la Cour suprême va poursuivre cette initiative de publication de jurisprudence foncière pour couvrir les années suivantes. En effet, pour assurer sa disponibilité dans la durée, il faut prévoir des rééditions et pour ce faire, prévoir des budgets conséquents sur le compte de la Cour suprême pour qu'en fin elle puisse continuer aisément à publier sa jurisprudence de manière régulière.

Le présent recueil de jurisprudence foncière vient donc à point nommé et va servir d'outil important dans l'unification du droit en matière foncière qui est la finalité recherchée dans un Etat de droit et l'objectif à atteindre par la Cour suprême.

LISTE DES SIGLES ET ABREVIATIONS

Art	: Article
BANCOBU	: Banque commerciale du Burundi
C C L III	: Code civil livre trois
C P F	: Code des personnes et de la famille
LADEC	: Land and Development Expertise Center
R C	: Rôle civil
R C A	: Rôle civil en appel
R C C	: Rôle civil en cassation
R C O	: Rôle commercial
R C O A	: Rôle commercial en appel
R C S A	: Rôle civil spécial en appel
REGIDESO	: Régie de distribution d'eau et d'électricité
R T C	: Rôle toutes chambres réunies
T G I	: Tribunal de grande instance
T R	: Tribunal de résidence

TABLE DES MATIERES

PREFACE	i
AVANT-PROPOS	iii
LISTE DES SIGLES ET ABREVIATIONS	iv
TABLE DES MATIERES	v
THEME I : LES CONTESTATIONS LIEES AU PARTAGE DE LA PROPRIETE FONCIERE FAMILIALE	1
RCSA 1667	4
RCC 30 127	10
RCSA 5178	15
RCSA 5633	19
THEME II : LE DROIT DES ENFANTS NATURELS DANS LA SUCCESSION DE LEURS GRANDS - PERES MATERNELS	31
RTC 1820.....	34
RCSA 5263	40
THEME III : LE STATUT DE LA FEMME SURVIVANTE	47
RCSA 00455	50
RCSA 2907	54
RCA 7304	61
RCC 30337 (RCA 0723).....	73
RCC 29.467	78
RCSA 3425/GIT	84
THEME IV : ACCORD PREALABLE DU CONJOINT DU VENDEUR	89
RCSA 2371/00185	92
RCA 118/2011.....	98
RCA 955	108
RCC 29895	115
RCC 26600	120
THEME V : LES ENFANTS DE LITS DIFFERENTS	127
RCA 7417	130

RCSA 510/GIT	140
RTC 856 bis	145
RCC 11030	151
THEME VI : LE PARTAGE ET LA LIBERTE DE TESTER	159
RCSA 4929/0347/019.....	162
THEME VII : LA SERVITUDE DE PASSAGE.....	167
RCA 315/2020	170
THEME VIII : LA PRESCRIPTION TRENTENAIRE.....	179
RCSA 00954	182
RCSA 1509	191
RCSA 2314.....	197
RCSA 4730.....	204
RCC 30395	208
THEME IX : VENTE D'UNE CHOSE INDIVISE.....	215
RCSA 443 (4176)	218

THEME I :

LES CONTESTATIONS LIEES AU PARTAGE DE LA PROPRIETE FONCIERE FAMILIALE.

INTRODUCTION

La société burundaise est traditionnellement patriarcale et de ce fait accorde une place privilégiée au garçon par rapport à la fille. Il est de notoriété, selon la coutume burundaise, qu'une fille ne peut hériter au même titre qu'un garçon. Elle obtient uniquement une petite portion de propriété familiale en usufruit appelée « Igiseke ».

Avec l'évolution de la société, l'on constate beaucoup de litiges devant les cours et tribunaux où l'objet de la demande est la contestation de cet état de fait considéré comme une injustice. Les demandeurs voudraient obtenir un partage équitable sur le patrimoine familial sans aucune autre considération.

Par rapport à cette situation, les quatre arrêts qui composent la thématique sous analyse avaient à traiter la problématique d'un partage équitable sur la propriété foncière familiale. Et les commentaires y relatifs font apparaître ces différentes questions juridiques :

- Dans l'arrêt RCSA 1667, rendu par la Cour d'appel de Muha le 10 novembre 2020, la question juridique posée est de savoir si la fille que le mariage a déçue peut hériter au même titre que ses frères ;
- Dans l'arrêt RCC 30217, rendu par la Chambre de cassation de la Cour suprême le 29 juillet 2021, la question juridique posée est de savoir si tous les enfants ont les mêmes droits sur les biens laissés par leur père ;
- Dans l'arrêt RCSA 5178, rendu par la Cour d'appel de Ngozi le 1^{er} octobre 2021, la question juridique à résoudre est de savoir si dans la masse successorale familiale tous les enfants du De Cujus ont les mêmes droits.
- Dans l'arrêt RCSA 5633, rendu par la Cour d'appel de Ngozi le 24 septembre 2021, la question juridique posée est de savoir si tous les successibles ont droits aux parts égales.

A l'égard de toutes ces questions juridiques le juge y a réservé une même réponse, le partage équitable.

Ainsi, la plus-value des arrêts commentés dans cette thématique par rapport à la décision du juge est qu'ils dégagent le principe de l'égalité entre les enfants et font avancer la jurisprudence coutumière par la formulation de cette règle générale de droit : « Les descendants d'un même père ont les mêmes droits sur le patrimoine familial. ».

RCSA 1667

SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA MUHA ISHASHE MU KININDO MU MANZA Z'AMATATI ZUNGURUJWE BIDASANZWE YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KU WA 10/11/2020.

HABURANA :

UWUNGURUJE : MPF.V wo ku mutumba KIGOZI Komine MUKIKE intara ya Bujumbura, aserukira abakomoka kuri R

UWUNGURURIJWE : BA.L, wo ku mutumba KIGOZI, Komine MUKIKE Intara ya Bujumbura, aserukira abakomoka kuri BA.R umuhungu wa NT. Yunganiwe n'umushingwamanza ND. S

ABASHINGISHIJE MU MBAVU : B.P aserukira abakomoka kuri K.

INCAMAKE

MPF.V aserukira abasigwa ba R ntiyashimye urubanza RCA 6676 rwaciwe na sentare nkuru y'Igihugu ya Bujumbura ku wa 29/8/2018 narwo rukaba rwari rwacitse ruvuga ruti :

Urubanza RC 65/2017 rwa sentare y'intango ya Mukike rurahinyanyuwe gutya :

1. Itongo rya G ryose rigaburirwa abamukomokako aribo R, K. na NT mu bice bitatu bingana
2. Amagarama atangwa na MPF.V, B.P hamwe na H.C.

MPF.V yaciye agungururiza muri sentare Nkuru isubiramwo imanza ya Muha, nayo iragwakira igwandika ku rutonde rw'imanza z'amatati zungurujwe bidasanze ku numero RCSA 1667 ;

MPF.V ashikiriza ibirego vyawe vyo kunguruzwa avuga ko sentare nkuru y'igihugu ya Bujumbura yamurengeje mu kumuvukanisha na BA.L, umunyarwanda nawe ari umurorere.

MPF.V avuga ko uwitwa BA.R yaje azananye na nyina NT na mushikiwe GA yahukanye na BAK. Abandanya avuga ko BA.R se wa BA.L yapfuye arenda imyaka mirongo itandatu kandi ngo ntiyigeze yidoga ngo ararangiye na muvayarawe N.N ngo kuko yari asanzwe azi ko itongo ryawe ririho kandi ngo yapfuye ariko ararondera itongo rya se ryo mu Ruhinga ngo n'urubanza rwari rugeze muri sentare nkuru y'igihugu ya Bururi ruvuye muri sentare y'intango ya Mugamba.

MPF.V abandanya avuga ko ama sentare yagumye yitwaza imico n'imigenzo y'ikirundi kuvyerekeye ugutorana k'umukobwa atagiye kubaka canke uwo ingo zananiye, ariko ngo kuri NT biratandukanye ngo kuko yarubatswe yongerera avyarira murugo yarongorewemwo ; ngo muri ico gihe abana yibarutse yubatswe batorana kwa se wabo abavyara. Ngo n'imba hariho abana NT yavyariye iwabo yaramaze kwahukana aremera bagabure.

MPF.V asozera imburano ziwe avuga ko BA.L niyerekana ko NT atigeze aja kubaka, akazana ikivye-meza aca atsindwa ngo kuko ico azi neza n'uko BA.R na GA Atari abana b'amashushu kuko bavukiye aho nyina wabo yari yarongorewe i Muramba ngo n'ikimenyamenya BA.R yarashingishije urubanza muri sentare y'intango ya Mugamba i Muramba. Avuga ko adashobora kugabura itongo n'abantu batavukana kandi basanzwe bafise iry'abo.

Kuberako vyagaragaye ko uwashingishirije mumbavu nawe akomoka kuri K.;

Kuberako vyagaragaye ko umutama G yasize abana batatu aribo R, K. na NT;

Kuberako vyagaragaye ko NT yagiye kwubaka ariko ingo zikamunanira agasubira muhira iwabo kwa se G;

Kuberako vyagaragaye ko NT yavyaye abana babiri aribo BA.R na GA, abasubirana muhira bakiri abana bato cane, G nawe arabakira arabaha n'indimiro;

Kuberako umuhungu wa NT ariwe BA.R yakuriye kuriryo tongo rya G, arahasohokera, arahavyarira abana bashika kundwi (7) bose;

Kuberako no mu bana ba BA.R hariho abavyariye abuzukuru n'abuzukuruza aho nyene kandi G n'abahungu biwe ariho bari, bakaba batigeze birukana NT canke ngo bankire abana biwe kuhaba no kuhavyarira;

Ko sentare isanga bene BA.R atahandi bigeze baba canke ngo bakorere ataringaho kw'itongo kwa G;

Ko naho uwungurujwe n'uwuburanira mu mbavu baguma bahakana ko bene NT bafashobora gutorana kwa G kandi nyina wabo ari umukobwa kandi yubatse, sentare isanga ingo zaramunaniye asubira iwabo arakirwa n'uruvyaro rwiwe;

Kuberako sentare ifatiye k'umuco n'umugenzo w'ikirundi kuvyerekeye umukobwa atubatse canke yananiwe n'urugo asubira muhira, isanga afatwa nk'umuhungu naho yoba yaravyaye abana;

Ko NT yatahanye abana kandi bakurira aho nyene atahandi bigeze baba canke go barondere kuja gushika bahavyarire n'inzukuruza;

Ko uwungurujwe n'uwuburanira mu mbavu bose bemeza ko BA.R yapfuye arenza imyaka mirong'itan-datu kandi apfira kw'itongo kwa G, aho yavyariye abana aharonkera n'abuzukuru;

Ko bitumvikana ingene abakomoka kuri NT bokwirukanwa n'abuzukuru n'abuzukuruza bakomoka kuri R. na K. kw'itongo risigwa na G kandi na ba se babo canke G ubwiwe atabikoze;

Ko icemezo catanzwe n'uwuburanira mu mbavu cerekana ko BA.R ari mwene BAK gifise ishingiro narirya wari umwidondoro wiwe w'aho yakorera muri INSS;

Ko naho vyagaragaye ko BA.R arimwene BAK agumana uburenganzira bwo gutorana nyina wiwe kuko wewe umuco n'umugenzo w'ikirundi kubakobwa bananiwe n'ingo umuha uburenganzira bwo gutorana G umuvyayi wiwe ku rugero rumwe n'abasazabiwe;

Ko kubona uwungururijwe ariko aburanira inyungu ziwe nk'uwukomoka kuri BAK bitamwaka naga-to uburenganzira afise kwa NT, narirya urubanza rutarahera kandi rutanguye vuba hafatiwe kumyaka bamaze kwa G;

Ko rero bitaragaragara ko bene NT bemewe canke bazokwemerwa kwa BAK narirya imanza zitara-hera;

Ko bene NT bafise uburenganzira bwo kumutorana k'umushingo wiwe aronswa n'umuco n'umugen-zo w'ikirundi wavuzwe aho hejuru narirya ari urunganwe rwa gatatu ruri aho hantu kw'itongo rya G

(3ème génération);

Kuberako kubona BA.R yarinze asaza adasavye kugabura bidasigura ko vyogenda gutyo no kubana biwe kuko gutorana bidata igihe (non-prescription successorale) nk'uko bishikirizwa n'uwungurujwe;

Ko rero bene G botunganirizwa mu kugabura itongo yabasigiye bose atanuwe avuyemwo uko ari batatu n'ukuvuga R, K. na NT;

KUBERA IZO MVO ZOSE

Sentare nkuru isubiramwo ica imanza z'amatati zungurujwe imbonankubone;

- Yihweje umuco n'umugenzo w'ikirundi kuvyerekeye ugutorana k'umukobwa atubatse canke uw'ingo zananiye;
- Yihweje na cane cane imibereho n'imburano z'ababuranyi;
- Yihweje urunganwe rwa gatatu bagezako bakiri aho hantu kwa G (3ème génération);

ISHINZE KO:

1° Ikomeje urubanza RCA 6667 rwaciye na sentare nkuru y'Igihugu ya Bujumbura ku wa 29/08/2018 mu ngingo zarwo zose.

2° Amagarama atangwa na MPF. V.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe mu Kinindo mu ntahe y'icese yo ku wa 10/11/2020.

HASHASHE : M.E : Umukuru w'intahe, ND.J.C na NK.F, abacamanza bafashjwe na N.F umushikirizamanza hamwe na NSH.L, umwanditsi w'imanza.

UMUKURU W'INTAHE

Sé M.E

ABACAMANZA

Sé NK.F

Sé ND.J.C

COMMENTAIRE DE L'ARRÊT RCSA 1667 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE MUHA EN DATE DU 10 NOVEMBRE 2020

RCSA 1667 : MPF.V. c/ BA.L.

Mots clés : Partage successoral - Descendants d'une femme divorcée - Propriété foncière - Coutume burundaise

I. DE L'INTRODUCTION

En droit coutumier burundais, la femme divorcée retournée dans sa famille d'origine est en droit d'hériter de ses parents.

1°. Des faits

Au décès de G., celui-ci laisse 3 enfants dont 2 garçons K et R ainsi qu'une fille NT. Son actif successoral comprend une propriété foncière. NT, déçue dans son mariage divorce avec son mari BAK et revient dans sa famille d'origine avec ses deux enfants que sont son fils BAR et sa fille GA. Le père de NT lui donne une portion de terre pour y habiter et y élever ses deux enfants. A l'âge de la majorité, BAR fonde son foyer dans la même propriété et y reste jusqu'à sa mort en y laissant ses enfants et petits-enfants. Aujourd'hui, les descendants de R représentés par MPF.V et ceux de K. veulent chasser les descendants de NT de la propriété qu'ils occupent en les renvoyant succéder dans leur famille paternelle. Ainsi commencent les procédures judiciaires.

2°. De la procédure

Le procès RC 65/2017 devant le Tribunal de résidence de Mukike opposait les descendants de MPF.V. et de NT. et B.P. se constitue partie intervenante pour le compte des descendants de K.

Non content de la décision intervenue, MPF.V. agissant pour le compte des descendants de R. interjette appel devant le Tribunal de grande instance de Bujumbura sous le RCA 6676. Le juge d'appel réforme en date du 29 août 2018 le premier jugement en affirmant que la fille NT jouit des mêmes droits que ses frères R et K sur la propriété leur laissée par leur père G et la partage en trois parts égales.

MPF.V. saisit la Cour d'appel de Muha siégeant en matière des terres rurales en alléguant qu'il ne peut pas partager la succession avec les descendants de NT. Il avance que ces derniers ont leur père connu et que par conséquent ils ont une famille paternelle dans laquelle se trouve leur succession. De son côté, le représentant des descendants NT maintient toujours sa position et réclame le partage équitable. La partie intervenante est du même avis que l'appelant.

Dans son arrêt RCSA 1667 du 10 novembre 2020, la cour confirme le jugement RCA 6676 du Tribunal de grande instance de Bujumbura.

3°. De la question juridique posée

Est-ce que la fille que le mariage a déçue peut hériter au même titre que ses frères ?

4°. De la réponse de la cour

La Cour d'appel de Muha a décidé que les enfants de G ont les mêmes droits et a partagé le patrimoine

successoral en parts égales entre ces enfants sans aucune autre considération.

Le juge a été guidé par le fait que NT est une femme divorcée qui doit avoir une propriété pour assurer sa survie et celle de sa progéniture.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

La juridiction d'appel a traité la question de succession entre les enfants d'un même père. Le juge est parti de la coutume selon laquelle une femme divorcée revenue dans sa famille d'origine acquiert le statut de garçon. Ce statut lui permet de jouir des droits successoraux au même titre que ses frères. Il conclut alors au partage de la masse successorale de G entre tous les enfants sans distinction de sexe.

Le juge d'appel avait, en instruisant l'affaire, identifié le père de BAR mais il a estimé que cela ne le prive pas du droit de succéder à sa mère que le mariage a déçue.

2°. De la valeur de l'arrêt

Dans sa motivation, l'arrêt RCSA 1667 de la Cour d'appel de Muha indique que les enfants d'un même père ont les mêmes droits en matière successorale. Le juge poursuit dans son argumentaire que la femme divorcée acquiert le statut de garçon et de ce fait, ses descendants sont en droit de l'hériter.

Il est connu qu'il n'est pas facile pour un descendant d'une fille divorcée de faire prévaloir ses droits dans la succession de son grand-père maternel.

En décidant que le patrimoine successoral se partage entre les enfants en parts égales sans distinction de sexe et que les descendants de ceux-ci les héritent, la Cour consacre par-là une bonne pratique coutumière de faire respecter les droits de la fille.

Le principe de l'égalité entre les citoyens trouve d'ailleurs sa source dans le contenu de l'article 22 de la Constitution qui dispose : « *Tous les citoyens sont égaux devant la loi, qui leur assure une protection égale. Nul ne peut être l'objet de discrimination du fait notamment de son origine, de sa race, de son ethnie, de son sexe, de sa couleur, de sa langue, de sa situation sociale, de ses convictions religieuses, philosophiques ou politiques ou du fait d'un handicap physique ou mental ou du fait d'être porteur du VIH/SIDA ou toute autre maladie incurable* ».

3°. De la portée de l'arrêt

Constatant que le droit successoral n'est reconnu aux filles que lorsque celles-ci sont les seuls descendants du De cujus ou si elles sont célibataires ou divorcées vivant chez leurs parents, l'arrêt RCSA 1667 de la Cour d'appel de Muha vient de contribuer à la promotion de la coutume burundaise en permettant aux descendants d'une femme de l'hériter. Il fait avancer la jurisprudence en ce qu'il consacre l'égalité des enfants dans la succession de leurs parents.

La décision vient de confirmer qu'une fille que le mariage a déçue peut hériter au même titre que ses frères.

L'arrêt RCSA 1667 est un arrêt de modèle qui peut inspirer les juges dans la prise de leurs décisions

RCC 30 127**SENTARE NTAHINYUZWA, IGISATA GASAMBURAMANZA YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KUWA 29/7/2021.****HABURANA :****ABITWARA :** ND.L ; NG.J ; NT.A**UWITWARIRWA :** N.M**A. IBURANISHWA MURI SENTARE**

Isambuza ryagizwe n'urwandiko rwashikirijwe ku wa 11/10/2019 rikaba rigiriwe urubanza RCA 0817 rwaciye na Sentare nkuru y'igihugu ya NTAHANGWA kw'igenekerezo rya 6/6/2019.

Urwo rubanza rwamenyeshejwe ND.L ku wa 18/8/2019.

Isambuza ryamenyeshejwe uwasamburijwe ku wa 5/11/2019.

Ivyireguro vy'uwitwariwe vyashikirijwe mu biro vy'iyandikiro ry'imanza rya Sentare Ntahinyuzwa ku wa 14/1/2020.

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa yarafashe ingingo yo kuburanisha urubanza mu ntahe y'icese yo kuwa 9/7/2021.

B. IMVO

Uwitwaye ashikiriza imvo zo gusambuza urubanza mu rwandiko rw'imburano. Urwo rwandiko ruherekeje uru rubanza, kandi ruri mu birugize.

C. UKWIHWEZA IMVO Z'UGUSAMBUZA URUBANZA

Ababuranyi bapfa ibisigi vya NY.B. N.M yahavuye yitura Sentare y'intango ya KINAMA, iyo Sentare ihava ica urubanza rukurikira:

1. *Sentare yakiriye urubanza RCF 750/2013 nkuko yarushikirijwe na N.M ivuze ko rushemeye;*
2. *Irafuse icitwa amasezerano y'uburage n'ayandi masezerano yose y'umuryango wa NY.B;*
3. *Parcelle iri muri quartier BUKIRASAZI II isigwa na NY.B itoranwa na NS.J, ND.Y, MP.S na NT.B;*
4. *ND.L na NG.J bagume ku ma parcelles abiri bagurishije ku MUTAKURA;*
5. *Amatongo yose asigaye ari mu KAGWEMA no mu KINYANKONGE agaburiwe ND.L, NG.J, NT.A, NS.J, ND.Y, MP.S na NT.B mu bice ndwi bingana habanje kuvamwo hegitari cumi (10 ha) za NT.A. Parcelle zibiri ziriko ziraburanwa ku MUTAKURA bazozigabura bazitsindiye;*
6. *Amagarama atangwa na ND.L, NT.A na NG.J mu mangane.*

ND .L, NG.J na NT.A bahavuye bungururiza urubanza muri Sentare nkuru y'igihugu ya NTAHAN-GWA iraha ica urukurikira:

1. *Irafuse icitwa amasezerano y'uburage n'ayandi masezerano yose y'umuryango wa NY.B;*
2. *ND.L na NG.J bagume ku ma parcelles abiri ari ku MUTAKURA, NT.A agume mw'itongo riri mu KINYANKONGE ripima ihagitari cumi (10 ha);*
3. *Parcelle iri muri quartier BUKIRASAZI isirwa na NY.B itorana NS.J, ND.Y, MP.S na NT.B;*
4. *Amatongo ari mu KARWEMA no mu KINYANKONGE agaburirwa abana bose bakomoka kuri NY.B mu bice bingana;*
5. *Amagarama atangwa na ND.L, NG.J na NT.A ku rugero rungana.*

Urwo rubanza nirwo ND.L, NG.J na NT.A basambuza.

Mu mburano ziwe umushingwamanza w'abasambuza ashikiriza imvo zibiri.

Mu mvo ya mbere yagiriza Sentare yaciye urubanza rusambuzwa koyarenze ingingo za 13 na 19 z'ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi, ingingo ya 7 y'amasezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu, imigenzo myiza y'ikirundi hamwe n'ingingo ngenderwako z'amategeko.

Mu gice ca mbere c'iyoy mvo, umushingwamanza w'abasambuza arega Sentare nkuru y'igihugu ya NTAHANGWA ko yarenze ingingo ya 13 y'ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi ivuga iti: *Abarundi bose baranganya iteka n'ivyo bakwiye kuronka. Abanyagihugu bose baranganya amateka kandi amabwirizwa abakingira kumwe.*

Nta murundi n'umwe azokumirwa mu vyerekeye imibano, ubutunzi canke intwari y'igihugu kubera ibara ry'urukoba rwiwe, ururimi, idini, igitsina canke ubwoko bwiwe.

Asigura ko ubwo burenganzira ku butunzi basigiwe na se abavyara, iteka n'ukungana vyatswe abana batatu ba NY.B aribo ND.L, NG.J na NT.A hisunzwe kumbure igitsina kuko ari abakobwa gusa.

Ashikiriza ko ku mugabane wa se, bose babwirizwa kwaza hasi bakanganya. Ngo ubwo burenganzira buri kandi mu yandi masezerano mpuzamakungu Uburundi bwashizeko umukono nk'ingingo ya 7 y'amasezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu ivuga iti:

Abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bafise uburenganzira bumwe atatandukanywa rihabaye bw'ugukingirwa n'amategeko. Abantu bose bafise uburenganzira bw'ugukingirwa kw'ikumirwa ritajanye n'aya masezerano no kuri ico cose cotuma iryo kumira riba.

Yemeza ko kubera ivyo, abo bana bose babwirizwa kungana imbere y'amategeko, ntihagire abakundwakazwa abandi ngo bafatwe nabi.

Izo ngingo zivuga ko abantu bose bangana imbere y'amategeko ata kumirwa rihabaye.

Mu rubanza RCA 0817, Sentare nkuru y'igihugu ya NTAHANGWA yaragaburiye amatongo asigwa n'umuhisi NY.B abana biwe uko ari indwi, ariko ntacerekana ko bose banganiye bakaza hasi ata, kuraba ngo aba ni abahungu, abandi ni abigeme.

Iyi Sentare ibona ko uru rubanza rukwiye gusambuka kugira amatongo yose asigwa na NY.B agaburirwe abana biwe banganye ata wandya wangura.

Ntibikenewe ko higwa ibindi bice vy'iyi mvo, mbere n'izindi mvo kuko bitotuma haba isambuza riyiyaguye kurusha.

D. INGINGO IFASHWE NA SENTARE

Kubera izo mvo zose,

Sentare Ntahinyuzwa ishashe mu gisata Gasamburamanza;

Imaze gukura urubanza mu mwiherero w'abacamanza;

ISHINZE KO:

1. Yakiriye isambuzwa ry'urubanza RCA 0817 rwaciwe na Sentare nkuru y'igihugu ya NTAH-ANGWA kw'igenekerezo rya 6/6/2019 kandi isanze rishemeye;
2. Isambuye rero urwo rubanza;
3. Irurungikiye iyi Sentare nyene ngo iruce ukundi gusha hashashe abandi bacamanza;
4. Iyi ngingo yandikwa mu bitabu vy'iyi Sentare hambavu y'urubanza RCA 0817 rusambuwe;
5. Amagarama y'urubanza atangwa n'uwusamburizwa.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe i BUJUMBURA mu ntahe y'icese yo kuwa 29/7/2021.

Hashashe NZ.C, umukuru w'intahe, ND.A na H.J.C, abacamanza bafashijwe na ND.D, umushikiri-zamanza mukuru na DU.D, umwanditsi w'imanza.

UMUKURU W'INTAHE

NZ.C

ABACAMANZA

ND.A

H.J.C

UMWANDITSI W'IMANZA

D.D

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCC 30127 RENDU PAR LA CHAMBRE DE CASSATION DE LA COUR SUPREME DU BURUNDI EN DATE DU 29 JUILLET 2021

RCC 30127 :ND.L., NG.J. et NT.A. c/ N.M.

Mots clés : Testament du De cujus - Conventions familiales - Partage successoral - Articles 13 et 19 de la Constitution de la République du Burundi - Article 7 de la Déclaration universelle des droits de l'homme - Coutume burundaise - Principes généraux du droit -

I. DE L'INTRODUCTION

Le testament discriminatoire et inégalitaire entre les enfants est susceptible d'être remis en cause.

1°. Des faits

NY.B laisse sept héritiers. Son actif successoral comprend une parcelle située au quartier Bukirasazi, deux parcelles à Mutakura, des terres rurales à Kagwema et Kinyankonge et deux autres parcelles en litige à Mutakura. Il était prévu que le partage successoral soit réglé conformément au testament du De cujus et d'autres conventions conclues en famille dont la mise en œuvre des différentes clauses se révèle difficile par défaut d'accord sur le partage. Ainsi les procédures judiciaires commencent.

2°. De la procédure

Saisi au premier degré par N.M, le Tribunal de résidence de Kinama annule, dans son jugement RCF 750/2013, les clauses testamentaires et les autres conventions conclues par la famille NY.B¹.

Non satisfaites de cette décision, trois filles interjettent appel devant le Tribunal de grande instance de Ntahangwa sous le RCA 0817. Le juge d'appel confirme l'annulation du testament et des autres conventions tout en maintenant dans la masse successorale un terrain de 10 hectares accordé par le premier jugement à NT.A.

Le jugement a, en date du 18/08/2019, été signifié à ND.L. Reprochant au juge d'appel d'avoir violé les dispositions des articles 13 et 19 de la Constitution et de l'article 7 de la Déclaration Universelle des droits de l'homme, ND.L et ses deux sœurs saisissent la Chambre de Cassation de la Cour Suprême sous le RCC 30127 qui, en date du 29/07/2021 casse et renvoie l'affaire devant la juridiction d'appel pour que le juge de renvoi procède au partage équitable de toutes les propriétés foncières laissées par NY.B au motif que tous sont égaux devant la loi.

3°. De la question juridique posée

Est-ce que tous les enfants héritent au même pied d'égalité des biens laissés par leur père ?

4°. De la réponse de la Cour

Le juge de cassation considère que tous les enfants sont égaux. Il estime que le juge de fond n'a pas équitablement partagé le patrimoine successoral entre les enfants de NY.B. Il casse l'arrêt RCA 0817 en application des articles des textes ci-haut indiqués et renvoie l'affaire au juge de fond pour procéder au partage de la masse successorale en parts égales entre les enfants du De cujus et sans discrimination liée au sexe.

¹ Voir dispositif détaillé du jugement tel que repris au premier et deuxième feuillet de l'arrêt RCC 30217

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

L'arrêt répond à une question de succession des enfants de NY.B. Il était reproché au juge d'appel d'avoir violé les articles 13 et 19 de la Constitution, l'article 7 de la Déclaration Universelle des droits de l'homme.

Ainsi, l'article 13 de la Constitution dispose que « Tous les Burundais sont égaux en mérite et en dignité. Tous les citoyens jouissent des mêmes droits et ont droit à la même protection de la loi. Aucun Burundais ne sera exclu de la vie sociale, économique ou politique de la nation du fait de sa race, de sa langue, de sa religion, de son sexe ou de son origine ethnique ».

L'article 19 de la même loi quant à lui ajoute : « Les droits et devoirs proclamés et garantis par les textes internationaux relatifs aux droits de l'homme régulièrement ratifiés font partie intégrante de la Constitution ».

La Déclaration Universelle des droits de l'homme énonce en son article 7 : « Tous sont égaux devant la loi et ont droit sans distinction à une égale protection de la loi. Tous ont droit à une protection égale contre toute discrimination qui violerait la présente Déclaration et toute provocation à une telle discrimination ».

De l'application de ces dispositions, il ressort que tous les hommes sont égaux devant la loi.. Dans sa motivation, il a constaté que le juge de fond n'a pas respecté le droit d'égalité des enfants en matière successorale et a cassé l'arrêt RCA 0817.

2°. De la valeur de l'arrêt

Dans son arrêt RCC 30 127 du 29/07/2021, le juge de cassation indique que les enfants d'un même père ont les mêmes droits en matière successorale. Il consacre une bonne pratique coutumière de faire respecter l'égalité des droits successoraux des enfants. La décision de la Chambre de Cassation a été une occasion de faire remarquer au juge de fond qu'en matière successorale, le partage du patrimoine successoral se fait dans le respect de l'égalité des enfants. La décision est juste et légitime.

3°. De la portée de l'arrêt

La Cour pose une règle générale selon laquelle, en matière successorale, les propriétés foncières sont partagées en parts égales entre tous les enfants.

Le régime de succession est dualiste. La coutume et la Constitution s'interprètent concurremment en l'absence d'une loi spéciale. Souvent la coutume consacre une succession discriminatoire entre garçons et filles au moment où la Constitution et les instruments internationaux relatifs aux droits de l'homme régulièrement ratifiés et domestiqués dans la Constitution en son article 19, consacrent l'égalité de tous.

L'arrêt RCC 30 127 de la Chambre de cassation contribue à l'enrichissement de la jurisprudence en matière successorale portant sur la propriété foncière.

C'est un arrêt de principe qui peut inspirer le juge dans la prise de décision dans des cas similaires.

RCSA 5178

SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA NGOZI ISHASHE MU GITERANYI MU MANZA Z'AMATATI Y'AMATONGO YO MU MITUMBA ZUNGURUJWE KU RUGERO RUDASANZWE YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KUWA 01/10/2021.

HABURANA:

- **UWUNGURUJE** : S.V wo ku mutumba NONWE, Komine GITERANYI, Intara ya MUYINGA.
- **UWUNGURURIJWE**: M.J wo ku mutumba NONWE, Komine GITERANYI, Intara ya MUYINGA.
- **ICUNGURURIJWE** : Urubanza rw'itongo RCA 6717 bis rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu ya MUYINGA.

Urubanza RCA 6717 bis rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu ya MUYINGA kuwa 29/5/2020 ruvuga ruti :

1. Irakomeje urubanza 9776 rwaciwe na Sentare y'Intango ya GITERANYI mu ngingo zarwo zose ;
2. Amagarama y'urubanza atangwa n'uwungurujwe.

Urwo rubanza rwarungurujwe hisunzwe quittance n^o117863 yo muri COOPEC yo gushingisha, abaturanyi bompi bararumenye, bararenguka mu ntahe barahana imburano bumvirijwe muri Sentare isanga vyoba ngombwa ko yishikira kw'itongo kugira ngo yirabire ayo matongo bapfa ;

Uwungurujwe avuga ko Sentare yosatura yisunze amasezerano abanyamuryango bagiriraniye, ko yoronka i NONWE, i KINYAMI akaharekera abandi, uwungururijwe nawe akavuga ko vyogenda uko nyene bavyumvikanye ; rwarumvirijwe mw'ido n'ido rushirwa kw'itongo kugira haje gufatwa ingingo ikurikira ;

KUBW'IVYO :

Kubera ko uwungurujwe avuga ko yaburanye amatongo y'umuryango ko ashaka ko hasaturwa babanje kumuha amafaranga 2.300.000 y'impanduro yakoresheje mukuriburana ;

Kubera ko uwungurujwe abandanya avuga ko bafise amasezerano bagiriraniye n'umuryango n'ingene bosatura itongo ry'i NONWE ryonyene ngo iry'i KINYAMI rikegukira umuhungu umwe ;

Kubera ko Sentare imaze kubwira uwungurujwe ko hasaturirwa abana bose yaciye ahindura invugo asaba ko itongo ry'i KINYAMI n'i NONWE yosaturwa yose ;

Kubera ko uwungurujwe asozera asaba ko Sentare yomukomoreza iyo mpanduro igaca igaburira abahungu bane n'umukobwa ;

Kubera ko uwungururijwe avuga mu kwiregura ko iyo mpanduro abaronderako atayo bomuha kuko ngo amafaranga abaguzi bo muri iryo tongo ngo niyo yakoresheje, ngo itongo ry'umuryango naryo

ni rimwe ry’i NONWE gusa ; ngo iryo i KINYAMI ni iryo F. yiguriye ;

Kubera ko uwungururijwe J. avuga mu gusozera ko itongo ry’umuryango ry’i NONWE ryogaburwamwo ibisate 3 vy’abahungu na kimwe c’umukobwa iry’i KINYAMI rikegukira NY.F ;

Kubera ko Sentare isanga abana bakomoka kuri NT ari 5 aribo NY.F, M.J, ND.P, MY.M na S.V ari nabo bosaturirwa kandi uwubisaba bukaba ari uburenganzira bwiwe kuko basangiye amatongo y’umuryango ;

Kuri ico naco gishimangirwa n’ingingo ya 25 y’igitabu c’amategeko agenga amatongo mu Burundi ivuga ko umwe mu basangiye afise uburenganzira bwo gusaba ko bosatura ;

Kubera ko Sentare hisunzwe ingingo ya 1 y’amasezerano mpuzamakungu abana bose bangana imbere y’amategeko ayo nayo akaba avuga ku gateka ka zina muntu, n’ingingo za 19, 22 b z’ibwirizwa Nshingiro rikabishimangira ;

Kubera Sentare isanga amatongo abiri yose, iry’i NONWE n’iry’i KINYAMI ari ay’umuryango wa NT gushaka kurikomorera Ferdinand yitwaza ngo ni iryo yaguze nta cemezo na kimwe yabitangiye nta n’amasezerano bigaragara ko bashaka kuzorisangira igaburwa rimaze guhera na rirya basangiye nyina bavuga rumwe ;

Kubera ko Sentare isanga ababuranyi bompi baronse mu biriko biraburanwa, bica bituma ibasangiza igarama hisunzwe ingingo ya 402 y’igitabu c’amategeko agenga itohozwa, iburanishwa n’icibwa ry’imanza z’amatati.

KUBERA IZO MVO ZOSE:

Sentare ica imanza imbonankubone,

- Yihweje igitabu c’amategeko agenga amatongo mu Burundi mu ngingo ya 25 ;
- Yihweje ingingo ya 1 y’amategeko mpuzamakungu akingira agateka ka zina muntu Uburundi bwateyeko igikumu ;
- Yihweje Ibwirizwa Nshingiro rya Republika y’Uburundi mu ngingo za 19, 22 b ;
- Yihweje igitabu c’amategeko agenga itohozwa, iburanishwa n’icibwa ry’imanza z’amatati mu ngingo ya 402 ;
- Ibanje gukura uru rubanza mu mwiherero w’abacamanza nk’uko amategeko abivuga;

ISHINZE KO :

1. Imburano za S.V zishemeye ;
2. Amatongo y’umuryango wa NT ni ukuvuga iry’i NONWE n’iry’i KINYAMI asaturirwe abana bamukomokako aribo NY.F, M.J, ND.P, MY.M na S.V mu bipande bingana ;
3. Umwe wese ico aronse agikoze ico ashaka ;
4. Amagarama y’urubanza barayasangira.

Uko niko ruciye, rusomwe na Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI mu ntahe y'icese yo kuwa 01/10/2021.

Hashashe, R.A, Umukuru w'Intahe, M.D na M.T, abacamanza, bafashijwe na NG.D Umushikirizamanza Mukuru hamwe na B.E, Umwanditsi w'Imanza.

UMUKURU W'INTAHE

R.A

ABACAMANZA

M.D

M.T

UMWANDITSI W'IMANZA

B.E

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCSA 5178 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE NGOZI LE 1/10/201

RCSA 5178 ; S V. c/ M. J.

Mots clés : Succession - Part successorale - Partage - Egalités des droits -Indivision - Article 25 du Code foncier

I. DE L'INTRODUCTION

Dans la tradition burundaise, la succession reste problématique en matière foncière.

1°. Des faits

Les faits sont relatifs au partage des propriétés familiales de feu NT entre ses successibles. Ces derniers s'étaient entendus et avaient conclu une convention de partage entre garçons et filles et voulaient la faire entériner par une décision judiciaire.

2°. De la procédure

L'un des successibles a alors saisi le Tribunal de résidence Giteranyi sous le RC 9776. Le Tribunal a statué mais le demandeur n'a pas été satisfait de la décision et interjeta appel devant le Tribunal de grande instance de Muyinga. Celui-ci dans son jugement RCA 6717 rendu le 29/05/2020, confirma le jugement RC 9776 du tribunal de résidence de Giteranyi. Le demandeur interjeta appel spécial devant la Cour d'Appel de Ngozi. Il demande alors à la Cour de les départager en respectant leur convention de partage conclue au sein de leur famille ; que donc le partage se ferait uniquement sur toutes les propriétés familiales entre quatre garçons et une fille.

L'intimé quant à lui ne conteste pas qu'il y a eu une convention de partage mais avance que le partage se ferait sur une propriété située dans la localité de Nonwe entre trois garçons et une fille et que la propriété de Kinyami serait exclue du partage parce qu'elle est la propriété privée de l'un de ses frères.

3°. De la question juridique posée

Dans la masse successorale familiale, tous les enfants du de Cujus ont- ils les mêmes droits ?

4°. De la réponse de la Cour

La Cour d'appel de Ngozi dans son arrêt RCSA 5178 du 1/10/2021 a répondu par l'affirmative. Elle précise que toutes les parties sont des descendants d'un même père et qu'elles ont par conséquent sur son patrimoine les mêmes droits.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

La juridiction d'appel dans sa motivation à travers son arrêt RCSA 5178 du 1/10/2021, en l'absence d'une loi régissant les régimes matrimoniaux, successions et libéralités a basé son argumentaire sur des textes juridiques notamment la Déclaration universelle des droits de l'homme en son article premier qui précise que tous les êtres humains naissent libres et égaux en dignité et en droits. Elle ajoute que ce texte international relatif aux droits de l'homme a été ratifié par le Burundi et reconnu par la Constitution burundaise en son article 19 qui dispose que « *Les droits et devoirs proclamés et garantis par les textes internationaux relatifs aux droits de l'homme régulièrement ratifiés font partie intégrante de la Constitution* ».

La juridiction d'appel en rappelant la ratification de ces textes internationaux relatifs aux droits de l'homme et leur intégration dans la Constitution voudrait signifier qu'ils rentrent par ce fait dans le droit interne burundais, que par voie de conséquence ces textes deviennent applicables devant les cours et tribunaux burundais.

La Cour d'appel dans son arrêt RCSA 5178 du 1/10/2021 a répondu en rejetant la convention de partage que les parties avaient mise en avant dans le partage de leur patrimoine familial.

2°. De la valeur de l'arrêt

La juridiction d'appel a dans son raisonnement privilégié le critère d'égalité entre tous les enfants d'un même auteur.

L'arrêt RCSA 5178 a donc bien motivé sa décision avec des arguments juridiques soutenus pour faire avancer la coutume en matière de succession en reconnaissant que tous les enfants ont les mêmes droits sur le patrimoine de leur père. Ainsi l'arrêt RCSA 5178 a consacré un partage équitable entre tous les enfants.

3°. De la portée de l'arrêt

L'arrêt RCSA 5178 de la Cour d'appel de Ngozi est un bon arrêt qui consacre l'égalité des enfants du De Cujus et fait avancer la jurisprudence en matière de succession. Ainsi, de l'arrêt RCSA 5178 ressort cette règle générale de droit : « *Les descendants d'un même père ont les mêmes droits sur le patrimoine familial* ».

C'est une question de justice et de dignité humaine qui est tranchée. L'arrêt RCSA 5178 rendu le 1/10/2021 par la Cour d'appel de Ngozi est donc un arrêt modèle.

RCSA 5633

SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA NGOZI ISHASHE I NGOZI MU MANZA Z'AMATATI Y'AMATONGO YO MU MITUMBA ZUNGURUJWE KU RUGERO RUDASANZWE YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KUWA 24/9/2021

HABURANA:

- **UWUNGURUJE** : N.V mwene N.G na N.L, umutumba KIBENGA, Komine GATARA, Intara ya KAYANZA. Yunganirwa n'Umushingwamanza MF.A.H.
- **UWUNGURURIJWE**: N.E mwene N.G na N.L, umutumba KIBENGA, Komine GATARA, Intara ya KAYANZA. Yunganirwa n'Umushingwamanza NLE.
- **ICUNGURURIJWE** : Urubanza RCA 15182 rwaciye na Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA kuwa 30/4/2021.

Kw'igenekerezo rya 30/4/2021, Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yaciye urubanza RCA 15182 ruvuga ruti: «

- 1) Imburano za N.E yunganirwa n'Umushingwamanza NLE zishemeye mu bice bimwe bimwe ;
- 2) Urubanza RC 2969 rwa Sentare y'Intango ya GATARA rurahinyanyuwe uku gukurikira :
- 3) Ikomeje ingingo ya 1 y'urwo rubanza ;
- 4) Ibivi vyose vy'ibigurano vya N.G bigaburwemwo ibipande bine bingana vy'abana biwe bose havuyemwo aho N.V yaguriye G.P ;
- 5) Igarama ritangwa n'ababuranyi bose ku rugero rungana ».

Urubanza RC 2969 rwa Sentare y'Intango ya GATARA rwari rwacitse ruvuga ruti: «

- 1) Itongo ry'umuryango wa N.G risaturwemwo ibipande bitatu bingana bibiri vy'abahungu : N.V na N.E na kimwe c'abakobwa ND.S na N.C ;
- 2) Ibivi vy'ibigurano vya N.G bisaturwemwo ibipande bine vy'abana biwe bose ;
- 3) Ibivi vy'ibigurano N.V avuga ko yiguriye vyegukiye umuryango wa N.G navyo nyene bisaturwemwo ibipande bine bingana havuyemwo aho yiguriye na N.I, H.L, ND.H na Di ;
- 4) Amagarama 32100fbu atangwa na N.V ».

Kuwa 10/6/2021, N.V yungurujwe urubanza RCA 15182 muri Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI. Urwo rubanza rwari rwamenyeshejwe N.V kuwa 10/5/2021. Bigaragara rero ko urubanza rwungurujwe mu kiringo c'iminsi mirongo itatu gitegekanijwe n'amategeko.

Muri dosiye biraboneka ko N.E yateye igikumu ku mutahe umumenyesha ko urubanza RCA 15182 rwungurujwe kandi yaratanze ivyireguro vyawe vyanditse yongera ararenguka kuburana mu ntahe y'icese kugira ashigikire imburano ziwe.

Sentare imaze gushikirizwa urubanza yaruhamagaye mu ntahe y'icese yo kuwa 22/9/2021 isanga N.V na N.E barengutse hamwe n'ivyabona vyabo. N.V yarengukanye N.S, M.D, B.R, ND.R, R.J.P na N.R. N.E nawe yarengukanye NG.F, sekuru, B.L, sewabo, M.P, H.T, NY.P, M.E na R.J.P. Sentare imaze kwumviriza ababuranyi hamwe n'ivyabona vyabo bahinyuzanya imbonankubone, imaze kunyurwa, yaciye ishira urubanza mu mwiherero w'abacamanza.

N.E nawe yaburanye aserukira ND.S, ica N.C nk'uko bigaragara kuri procuration yo kuwa 05/8/2021.

N.V yungurujye urubanza RCA 15182 avuga ko atarushimye kuko Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yamurenganiye mu gufata amatongo yiguriye ikavyita ivy'umuryango kandi afise amasezerano y'ubuguzi kandi n'abo yaguriye bakiriho kandi batamuhakana.

N.V asozera asaba Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI kugaburira abana basigwa na N.G amatongo y'umuheto n'ay'umuryango yabasigiye. Asaba kandi Sentare ko yomutunganiriza ku matongo yose yiguriye kandi afitiye n'ivyemezo.

N.E nawe yireguye avuga ko ibirego vya N.V vyose bishingiye ku kinyoma kuko n'impapuro zose avuga zakozwe mu manyanga. Ngo Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yaciye urubanza ibanje gukora amatohoza akwiye kandi yumvirije n'amasura.

N.E asozera asaba Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI ko amatongo yose asigwa na se yogaburwamwo ibipande bine bingana bitoranwa n'abana biwe bose.

Kubw'ivyo :

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 31 yo mu gitabu c'amategeko agenga ingene imanza z'amatazi zitohozwa, ziburanyishwa n'ingene zicibwa itegekanya ko « Umuburanyi wese ni we yegwa n'ugutangaga ivyemezo bigaragaza ivyo asaba, yisunga amabwirizwa »;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 13 yo mu gitabu c'amategeko cerekeye ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ryo kuwa 07/6/2018 itegekanya iti : « Abarundi bose baranganya iteka n'ivyo bakwiye kuronka. Abanyagihugu bose baranganya amateka kandi amabwirizwa abakingira kumwe. Nta murundi n'umwe azokumirwa mu vyerekeye imibano, ubutunzi canke intwari y'igihugu kubera ibara ry'urukoba, ururimi, idini, igitsina canke ubwoko vyawe » ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 19 yo mu gitabu c'amategeko cerekeye ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ryo kuwa 07/6/2018 itegekanya iti : « Amateka n'ibitegerejwe vyatangajwe bikemezwa n'amasezerano y'isi yose yerekeye agateka ka zina muntu, amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu, amasezerano y'ibihugu vya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'agateka k'abanyagihugu, amasezerano mpuzamakungu yerekeye ukurandurana n'imizi uburyo bwose bukumira abakenyezi n'amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'umwana biri mubigize iri Bwirizwa shingiro rya Republika y'Uburundi. Ayo mateka ntarengwako ntashobora kugabanywa canke kurengwako kiretse bitumwe n'ineza ya bose canke ukwubahiriza iteka rikuru » ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 36 yo mu gitabu c'amategeko cerekeye ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ryo kuwa 07/6/2018 itegekanya iti : « Umuntu wese afise uburenganzira bwo kuganza ivyiwe bimwegukira. Ntawushobora kubimuterako, kiretse ku neza y'igihugu, kuvyavuzwe bikongera bigategekanywa n'Itegeko, kandi abanje gushumbushwa bikwiye kiretse iyo ari gukurikiza urubanza rwacitse ubutagisubirwamwo kuko atayungururizo risigaye » ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 1 yo mu Masezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu yo kuwa 10 Kigarama 1948 itegekanya iti : « Abantu bose bavuka bigenga kandi bangana mu mateka n'amategeko. Barafise ubwenge n'umutima kandi bategerezwa gukora bafashanya hagati y'abo nk'abavukanyi » ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 3 yo mu Masezerano Mpuzamakungu ajanye n'amateka y'ubutunzi y'imibano n'ay'akaranga yo kuwa 16 Kigarama 1966 itegekanya iti : « Ibihugu vyashize umukono kuri aya masezerano vyiyemeje gushigikira uburenganzira bungana hagati y'umugabo n'umugore ku vyerekeye amateka y'ubutunzi, y'imibano n'ayo akaranga yavuzwe muri aya masezerano » ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 15 agace ka 1 na 2 yo mu Masezerano yerekeye kurandurana n'imizi ikumirwa ry'abakenyezi yo kuwa 18 Kigarama 1979 itegekanya iti : «

1. Ibihugu vyateye umukono kuri aya masezerano, biremeza uburinganire bw'umugore n'umugabo imbere y'amabwirizwa.

2. Ibihugu vyateye umukono kuri aya masezerano biremera ko umugore afise, ububasha n'uburenganzira bumwe n'umugabo, mu vyerekeye amategeko kandi ategerezwa gukurikizwa kumwe kuri bose. Ivyo bihugu birarekurira cane cane uburenganzira bungana mu vyerekeye kugiriranira amasezerano no gutunganya amatungo no gufatwa kumwe imbere y'ingingo z'ubutungane ku rugero urwo ari rwo rwose » ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 25 yo mw'ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 9 myandagaro 2011 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga amatungo mu Burundi itegekanya iti : « Umwe wese mu basangiye itongo arashobora gusaba korigaburwa naho hoba hari amasezerano canke ikindi kibibuza. Ariko abasangiye itongo barashobora kwumvikana kutazorigabura mu kiringo bishingiye » ;

Kubera ko uwunguruje urubanza RCA 15182 avuga ko atarushimye kuko Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yamurengeje mu gufata amatungo yiguriye ikayita ay'umuryango kandi afise amasezerano y'ubuguzi kandi n'abo yaguriye bakiriho kandi batamuhakana ;

Kubera ko uwunguruje asozera asaba Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI kugaburira abana basigwa na N.G amatungo amatungo y'umuheto n'ay'umuryango yabasigiye ; ko kandi Sentare ko yomutunganiriza ku matungo yose yiguriye kandi afitiye n'ivyemezo ;

Kubera ko, mu ntahe y'icese, uwunguruje yadondaguye amatungo yiguriye :

Ko yaguze na Ni N.I kuwa 21/9/2009 kuri 250.000fbu;

Ko yaguze na NJ kuwa 14/4/2004 kuri 28.000fbu;

Ko yaguze na ND.H kuwa 17/10/2004 kuri 45.000fbu;

Ko yaguze na B.M kuwa 15/7/2002 kuri 30.000fbu;

Ko yaguze na NT.C kuwa 21/9/2006 kuri 72.000fbu;

Ko yaguze na G.P kuwa 01/5/2013 kuri 350.000fbu;

Ko yaguze na H.L kuwa 07/7/2014 kuri 300.000fbu;

Ko yaguze na M.O kuwa 16/7/2007 kuri 300.000fbu;

Ko yaguze na H.G kuwa 22/12/2013 kuri 140.000fbu;

Ko yaguze na M.D hamwe na NZ.A kuwa 23/4/2012 ku mafaranga 160.000fbu;

Ko yaguze na N.S kuwa 09/01/2004 kuri 85.000fbu;

Ko yaguze na N.S kuwa 21/02/2003 kuri 66.000fbu;

Kubera ko uwungururijwe nawe yireguye avuga ko ibirego vy'uwungurujwe vyose bishingiye ku kinyoma kuko n'impapuro zose avuga zakozwe mu manyanga; ko Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yaciye urubanza ibanje gukora amatohoza akwiye kandi yumvirije n'amasura;

Kubera ko uwungururijwe asozera asaba Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI ko amatongo yose asigwa na se yogaburwamwo ibipande bine bingana bitoranwa n'abana biwe bose;

Kubera ko, mu ntahe y'icese, uwungururijwe ahawe akanya, yashikirije ko ibivi vyinshi vyadondaguwe n'uwungurujwe vyaguzwe n'abavyeyi; ko ibindi navyo uwungurujwe yabiguzwe abanje kugurisha umutungo wasizwe n'abavyeyi:

Ibivi vyaguzwe n'abavyeyi yavyiyanditseko abanje kuzimanganya amasezerano y'ukuri;

Ikivi caguzwe kwa M.D kuwa 23/4/2012 cavuye mu nka nyina wabo, N.L, yari yabikije i MUSUMBA;

Ikivi caguzwe kwa G.P kuwa 01/5/2013 cavuye mu nka N.L yari yabikije kwa Sp;

Ikivi caguzwe kwa N.I cavuye mu ngurube no mu mpene N.L yari yarabikije; ngo yaciye ahindura umwanditsi w'amasezerano yari NT G, amubiriza na M.P;

Ikivi caguzwe kwa H.L kuwa 07/7/2014 cavuye mu mpene N.L yari yabikije kwa Et;

Ngo inka zishika cumi (10) N.L yari yarabikije uwungurujwe yaraziriye arazimara; ngo nizo yaza araguramwo amatongo;

Ku yandi matongo umunani yaguzwe n'abavyeyi, uwungurujwe yabaye buzimanganye amasezerano ya mbere, akora rwiwe y'amanyanga;

Kubera ko uwungururijwe yaciye atanga icemezo, ikete y'ibatisimu yerekana ko uwungurujwe yavutse kuwa 04/7/1993 ; ko atari kugura amatongo akiri umwana w'imyaka 11, 12, 13,... ; ko ataho yari kuba yakuye amahera ;

Kubera ko uwungururijwe yaciye avuga ko mbere uwungurujwe yarongoye atarakwiza imyaka isabwa n'amategeko muri 2012, abanje gusabirwa uruhusha; ko N.R (icabona c'uwungurujwe) yabigizemwo uruhara runini;

Kubera ko uwungurujwe yaciye yereka Sentare ikarata karangamuntu yerekana ko yavutse mu mwaka wa 1986 ;

Kubera ko uwungurujwe yaciye ahakana ko atigeze abatizwa muri Ekleziya Gatolika ; ko iyo kete

y'ibatisimu ari impimbano ;

Kubera ko Sentare isanga N.R yararengutse muri Sentare agashikiriza ko uwunguruje yarongoye atarakwiza imyaka; ko mbere aravye imyaka y'amavuka iri kuri karangamuntu y'uwunguruje yaciye avuga ko karangamuntu yerekana ikinyoma ku myaka y'amavuka;

Kubera ko Sentare isanga R.J.P (icabona ababuranyi bahurizako), NG.F, sekuru w'ababuranyi, B.L, sewabo n'ababuranyi, NY.P, inarume w'ababuranyi, bese bahurizako uwunguruje yarongoye atarakwiza imyaka isabwa n'amategeko muri 2012;

Kubera ko Sentare yasanze muri dosiye hariyo iyindi yimuriro (photocopie) ya karangamuntu yerekana ko uwunguruje yavutse mu mwaka wa 1993 ; ko rero uwunguruje yerekanye muri Sentare karangamuntu agendana yahinduje ;

Kubera ko Sentare isanga R.J.P, icabona ababuranyi bahurizako, avuga ko ariwe yanditse amasezerano y'ubuguzi igihe NT.O yagurisha itongo na N.L mu kuwa 03/5/2000;

Kubera ko uwunguruje yarahiye akarengwa ko ata rindi tongo azi NT.O yagurishije mu muryango iwabo;

Kubera ko umushingwamanza w'uwunguruje yandurutse, basabwe kwerekana amatongo yaguzwe n'abavyeyi, yashikirije Sentare impapuro z'ubuguzi (photocopie) zerekana ko NT.O yagurishije na N.L kandi ko bari babiganiriyeko mu gitondo n'uwo yunganira ; ko izo mpapuro ata muntu yoshobora kuzihakana na cane cane ko zaciye no muri Komine ;

Kubera ko Sentare isanga NY.L yarahakanye inyandiko hamwe n'umukono biri ku masezerano y'ubuguzi yitwa ko yakozwe hagati y'uwunguruje na NT.O;

Kubera ko Sentare isanga bigaragara neza ko uwunguruje yahimvye amasezerano y'ubuguzi amuhuzza na NT.O;

Kubera ko Sentare isanga R.J.P yanditse amasezerano y'ubuguzi ahuza uwunguruje na G.P kuwa 01/5/2013 ayemanga ; ko abajijwe iyo uwunguruje yakuye amahera agaca ashikiriza ko yayakuye mu nka yari yashoye kuko bari bajanye gushora inka umwe wese ashoye iyiwe ;

Kubera ko Sentare isanga uwunguruje aterekana ahandi hantu yakuye amahera mu kugura na G.P na cane cane ko R.J.P yari yaje kuvugira uwunguruje kuri ubwo buguzi nyene;

Kubera ko Sentare ifatiye ku mvugo ya R.J.P ku bijanye n'amasezerano ahuza uwunguruje na G.P isanga amatongo yose yaguzwe n'uwunguruje abavyeyi bamaze kwitaba Imana aca yinjira mu matongo ya N.G agaburirwa abamukomokako bese kuko yavuye mu mutungo yasize kandi uwunguruje niwe yari ajejwe kuwutunganya yongerera afasha abavukanyi gushika mu bigero kuko yari mukuru wabo kandi bari bakiri abana ;

Kubera ko Sentare isanga, ifatiye ku masezerano y'ubuguzi ahuza uwunguruje na NT.O, bigaragara ko yakozwe mu manyanga uwunguruje abanje guhindura amasezerano yakozwe n'umuvyeyi wiwe kugira anyage canke agunge abavukanyi ; ko bigaragara ko hari n'ayandi masezerano yakozwe n'abavyeyi b'ababuranyi yanyegejwe n'uwunguruje kugira yihimbire ayandi nk'uko vyashikirijwe n'uwungururijwe ;

Kubera ko Sentare yongeye igafatira ku masezerano uwungurujye avuga ko amuhuza na N.S, isanga izina ry'uwungurujye ryanditswe habanje gufutwa irindi zina; ko umwanditsi R.J.P avuga ko ariwe yanditse ayo masezerano ariko atariwe yanditseko izina ry'uwungurujye ; ko Sentare isanga urwo rupapuro rwerekana uburyarya bw'uwungurujye ku bavukanyi biwe ;

Kubera ko Sentare isanga n'Umushingwamanza w'uwungurujye yemeza ko bigaragara ko amazina y'uwungurujye yanditswe kuri ayo masezerano avuzwe hejuru habanje gufutwa ayandi mazina ;

Kubera ko Sentare isanga rero ata tongo na rimwe uwungurujye yaguze mu mafaranga yiwe kandi hari amatongo uwungurujye yiyitirira abanje kuzimanganya amasezerano yakozwe n'abavyeyi biwe kugira agunge, ariye, benese na benenyina kandi ariwe yari asigaye mu kibanza c'abavyeyi atunganya ubutunzi basize ;

Kubera ko Sentare isanga R.J.P (icabona ababuranyi bahurizako), NG.F, sekuru w'ababuranyi, B.L, sewabo n'ababuranyi, NY.P, inarume w'ababuranyi, bese bahurizako uwungurujye ariko agunga, agira uburyarya ku bavukanyi ;

Kubera ko uwungurujye avuga ko hari amatongo atatu yaguriye hamwe n'abo bavukana, atanga akarorero kw'itongo baguriye M.D, ariko abavukanyi (uwungururijwe na Symphorienne) bakavuga ko ataco bazi kuri ubwo buguzi;

Kubera ko Sentare isanga n'amasezerano yatanzwe n'uwungurujye ajanye n'ubuguzi bwo kwa M.D ata mazina y'abaguzi ariko ; ko Sentare isanga n'aho nyene harimwo ubundi bwoko bw'uburyarya ;

Kubera ko Sentare isanga N.S na M.D, ivyabona vy'uwungurujye, bavuga ko uwungurujye yabaguriye ariko bakavuga ko batazi iyo yakura amahera na cane ko batabana ku mutumba umwe ;

Kubera ko Sentare isanga N.R, icabona c'uwungurujye, avuga ko yigeze guha amafaranga uwungurujye, mu mwaka atibuka, ngo yige kudandaza, abisabwe na nyina wiwe, N.L;

Kubera ko Sentare isanga B.R, ikindi cabona c'uwungurujye, avuga ko uwungurujye yaguriye itongo nyina wiwe NT.O;

Kubera ko Sentare yumvirije ND.R, ikindi cabona c'uwungurujye, avuga ko azi ko uwungurujye yaguriye itongo sewabo NJ muri 2004; ko mugabo atazi imyaka uwungurujye yari afise;

Kubera ko Sentare isanga itogira ico ivuze ifatiye kuri ND.R kuko abeshe na cane cane ko muri 2004 uwungurujye atari kugura itongo kuko yari afise imyaka cumi gusa;

Kubera ko Sentare isanga itoronka ukuri ifatiye ku mvugo ya N.S kuko avuga ko yakozwe amasezerano y'ubuguzi n'uwungurujye muri 2003 na 2004, uwungurujye agifise imyaka cumi na cumi n'umwe ;

Kubera ko Sentare isanga ata cabona na kimwe yofatirako kugira ukuri kw'uwungurujye kugaragare ;

Kubera Sentare isanga kandi ata rwandiko na rumwe mu zatanzwe n'uwungurujye (yaba ikarata karamuntu, yaba amasezerano y'ubuguzi) kugira ukuri gushikirizwa n'uwungurujye kugaragare ;

Kubera ko Sentare isanga uwungurujye yari ategukwa n'ingingo ya 31 yo mu gitabu c'amategeko agenga ingene imanza z'amatati zitohozwa, ziburamishwa n'ingene zicibwa yamaze kuvugwa hejuru gutanga ivyemezo bishigikira imburano ziwe none yatanze ivyemezo bidafashe ;

Kubera ko Sentare isanga ibwirizwa Nshingiro rya Republika y'Uburundi, mu ngingo zaryo za 13, 19 na 36 rigaragaza ko abantu bose bangana mu mateka abagenga kandi ko umuntu wese agenza uko ashaka ibintu bimwegukira ; ko Uburundi bwashize umukono ku mategeko mpuzamakungu yamirira kure ivangura aho rifatiye hose na cane amasezerano mpuzamakungu yerekeye ukurandurana n'imizi uburyo bwose bukumira abakenyezi ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 1 yo mu Masezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu yo kuwa 10 Kigarama 1948 yamaze kuvugwa hejuru itegekanya ko abantu bose bavuka bigenga kandi bangana mu mateka n'amategeko ; ko bafise ubwenge n'umutima kandi bategerezwa gukora bafashanya hagati y'abo nk'abavukanyi ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 3 yo mu Masezerano Mpuzamakungu ajanye n'amateka y'ubutunzi y'imibano n'ay'akaranga yo kuwa 16 Kigarama 1966 yamaze kuvugwa hejuru itegekanya ko Ibihugu vyayashizeko umukono vyiyemeje gushigikira uburenganzira bungana hagati y'umugabo n'umugore ku vyerekeye amateka y'ubutunzi, y'imibano n'ayo akaranga ayavugwamwo ;

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 15 agace ka 1 na 2 yo mu Masezerano yerekeye kurandurana n'imizi ikumirwa ry'abakenyezi yo kuwa 18 Kigarama 1979 yamaze kuvugwa hejuru itegekanya ko Ibihugu vyayateyeko umukono vyemeza uburinganire bw'umugore n'umugabo imbere y'amabwirizwa ; ko ibihugu vyayateyeko umukono vyemera ko umugore afise, ububasha n'uburenganzira bumwe n'umugabo, mu vyerekeye amategeko kandi ategerezwa gukurikizwa kumwe kuri bose ; ko ivyo bihugu birekurira cane uburenganzira bungana mu vyerekeye kugiriranira amasezerano no gutunganya amatungo no gufatwa kumwe imbere y'ingingo z'ubutungane ku rugero urwo ari rwo rwose ;

Kubera ko Sentare isanga uwungururijwe, mu vyireguho vyawe, yarerekanye ko atashimye urubanza RCA 15182 kandi ko yashikirije Sentare imvo zotuma ruhinduka ;

Kubera ko Sentare isanga urubanza RCA 15182 rwohinduka rugacika rugabura amatungo yose, ay'umuheto n'ay'umuryango harimwo n'amatungo yose uwungururije yiyitirira ko ari ayo yaguze ; ko ayo matungo yose yogaburwamwo ibipande bine bungana : N.V, ica ND.S, ica N.C n'ica N.E;

Kubera ko Sentare isanga yogabura ayo matungo yose yisunze ingingo ya 25 yo mu gitabu c'amategeko agenga amatungo mu Burundi yamaze kuvugwa hejuru kuko amatungo asigwa na N.G asangiwe n'abo yasize ku rugero rungana;

Kubera ko Sentare rero isanga uwungururije ariwe aca atanga amagarama y'urubanza yose kuko atsinzwe nk'uko bitegekanywa n'ingingo ya 401 yo mu gitabu c'amategeko agenga ingene imanza z'amatati zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa.

KUBERA IZO MVO ZOSE:

Sentare Nkuru isubiramwo imanza ya NGOZI ica imanza imbonankubone,

- ✓ Yihweje ingingo za 31 na 401 zo mw'Ibwirizwa n^o1/010 ryo kuwa 13 rusama 2004 ryerekeye igitabu c'amategeko agenga itohoza n'iburanishwa ry'imanza z'amatati ;
- ✓ Yihweje ingingo ya 25 yo mw'ibwirizwa inomeru 1/13 ryo ku wa 9 myandagaro 2011 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga amatungo mu Burundi ;

- ✓ Yihweje ingingo za 13, 19 na 36 zo mu gitabu c'amategeko cerekeye ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ryo kuwa 07/6/2018;
- ✓ Yihweje ingingo ya 1 yo mu Masezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu yo kuwa 10 Kigarama 1948
- ✓ Yihweje ingingo ya 3 yo mu Masezerano Mpuzamakungu ajanye n'amateka y'ubutunzi y'imibano n'ay'akaranga yo kuwa 16 Kigarama 1966
- ✓ Yihweje ingingo ya 15 agace ka 1 na 2 yo mu Masezerano yerekeye kurandurana n'imizi ikumirwa ry'abakenyezi yo kuwa 18 Kigarama 1979;
- ✓ Ibanje gukura urubanza mu mwiherero w'abacamanza nk'uko amategeko abitegereza.

ISHINZE KO :

1. Yakiriye iyunguruzwa ry'urubanza RCA 15182 ryagizwe na N.V ariko ivuze ko imburano ziwe zidashemeye ;
2. Ihinyanyuye ariko urubanza RCA 15182 uku gukurikira :
3. Amatongo yose, iry'umuryango n'ay'umuheto, harimwo n'amatongo yose N.V yiyitirira ko yaguze, agaburwemwo ibipande bine bingana vy'abana bane basigwa na N.G : ica N.V, ica ND.S, ica N.C n'ica N.E ;
4. Amagarama y'urubanza yose atangwa na N.V.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe na Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI mu ntahe y'icese yo kuwa 24/9/2021.

Hashashe

S.J, Umukuru w'Intahe, B.I.E na ND.E, abacamanza, bafashijwe na G.L, Umushikirizamanza Mukuru hamwe na B.E, Umwanditsi w'Imanza.

Umukuru w'intahe

S.J, Sé

Abacamanza

B.I.E, Sé

ND.E, Sé

Umwanditsi w'Imanza

B.E, Sé

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCSA 5633 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE NGOZI EN DATE DU 24 / 9 /2021

RCSA 5633 N.V c/ N.E **Mots clés** : Partage de la succession - Recel successoral - Articles 13, 19 et 36 de la Constitution - Instruments internationaux

I. DE L'INTRODUCTION

« Toute manœuvre dolosive, toute fraude commise sciemment et qui a pour but de rompre l'égalité du partage constitue un divertissement ou un recel quels que soient les moyens employés pour y parvenir² ».

1°. Des faits

L'affaire oppose des enfants N.V. et N.E. issus de feus N.G. et de N.L. Ces deux derniers sont décédés laissant quatre enfants dont les deux garçons, parties au procès et deux filles qui sont N.S et N.C. Après la mort des parents, N.V est désigné comme gestionnaire de la succession. Il a aussitôt pensé à dissimiler à son profit une partie des biens laissés par les défunts. Il a fait croire aux autres successibles que la succession ne devait porter que sur la propriété familiale arguant que les autres terres achetées lui revenaient. C'était alors le début de la procédure judiciaire.

2°. De la procédure

Le litige a été porté devant le Tribunal de résidence de Gatara et il fut enregistré sous le RC 2969. Le juge décida que la propriété familiale soit partagée en trois parts dont deux pour les garçons N.V et N.E ainsi qu'une autre part pour les filles N.S et N.C. Il trancha ensuite que les propriétés foncières acquises par achat par le père N.G. soient partagées équitablement entre ses quatre enfants et que le reste des portions issues des différentes transactions étaient la propriété de N.V.

Signifié du jugement, N.V. interjeta appel devant le Tribunal de grande instance de Kayanza sous le RCA 15182. Le juge d'appel réforma, par sa décision rendue en date du 30/4/2021, la première décision quant au point relatif aux propriétés foncières acquis par achat. Il retira du partage uniquement la portion de terre que l'appelant N.V. avait achetée auprès d'un certain G.P.

Insatisfait encore une fois de la décision rendue par le tribunal de grande instance, N.V. saisit la Cour d'appel de Ngozi sous le RCSA 5633. Il réclamait toujours au juge de confirmer que l'ensemble des portions achetées constituait une propriété propre, donc non comprise dans la masse successorale. Mais, au lieu de satisfaire à sa requête, la Cour d'appel de Ngozi par son arrêt RCSA 5633 rendu le 30/4/2021, ajusta le jugement dont appel en ordonnant que la propriété obtenue par son père par dévolution successorale et les autres terrains acquis ultérieurement soient partagés entre les quatre enfants de N.G. en parts égales.

3°. De la question juridique posée

Est-ce que les successibles ont droit aux parts égales ?

² V. BRETON, A, Répertoire civil Dalloz, 2^{ème} édition, n°852 s

4°. De la réponse de la Cour

La situation présentée à la Cour d'appel de Ngozi était complexe.

La problématique à résoudre concernait surtout l'identification des héritiers des terrains acquis au moyen des différentes transactions.

La Cour d'appel de Ngozi a procédé à la confrontation de toutes les pièces produites par les parties et à l'audition des témoins cités qui comprenaient pour la plupart des membres des familles paternelle et maternelle des parties en litige.

Il s'est avéré que les pièces à l'appui des prétentions de N.V. étaient falsifiées ou établies à son nom alors que les fonds utilisés pour l'acquisition des terrains provenaient de la vente du bétail laissé par les parents. La fraude successorale a été aussitôt démasquée par la Cour d'appel de Ngozi. Elle a alors répondu par l'affirmative à la question juridique posée.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

L'arrêt RCSA 5633 répond à la question de droit soumise à la Cour d'appel de Ngozi. Pour fonder sa conviction, le juge a analysé les preuves apportées par les parties, procédé à l'audition des témoins et interrogé différents instruments nationaux et internationaux.

L'arrêt trouve d'abord son fondement sur le prescrit des articles 13, 19 et 36 de la Constitution du Burundi qui consacrent l'égalité de tous devant la loi, la jouissance libérale des biens par le propriétaire et l'élimination de toutes sortes de discrimination³.

En plus de ces dispositions jugées pertinentes par la Cour d'appel de Ngozi, celle-ci a fondé sa décision sur trois instruments internationaux qui sont la Déclaration universelle des droits de l'homme (article 1^{er}), le Pacte international sur les droits économiques, sociaux et culturels (article 3) et la Convention internationale sur l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard de la femme (article 15, points et 2)⁴.

La Cour d'appel de Ngozi a fait application de tous ces instruments.

Comme elle venait d'être éclairée sur l'origine de tous les biens litigieux, elle a décidé le partage

³ Voir la Constitution du Burundi du 7 juin 2018

⁴ - Article 1^{er} de la Déclaration universelle des droits de l'homme : « Tous les êtres humains naissent libres et égaux en dignité et en droits. Ils sont doués de raison et de conscience et doivent agir les uns envers les autres dans un esprit de fraternité ».

- Article 3 du Pacte international sur les droits économiques, sociaux et culturels : « Les Etats parties au présent Pacte s'engagent à assurer le droit égal qu'ont l'homme et la femme au bénéfice de tous les droits économiques, sociaux et culturels qui sont énumérés dans le présent Pacte ».

- Article 15, points 1 et 2 de la Convention Internationale sur l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard de la femme :

1. « Les Etats parties reconnaissent à la femme l'égalité avec l'homme devant la loi.

2. Les Etats parties reconnaissent à la femme, en matière civile, une capacité juridique identique à celle de l'homme et les mêmes possibilités pour exercer cette capacité. Ils lui reconnaissent en particulier des droits égaux en ce qui concerne la conclusion de contrats et l'administration des biens et leur accordant le même traitement à tous les stades de la procédure judiciaire ».

équitable de la masse successorale entre les quatre enfants de N.U.

2°. De la valeur de l'arrêt

L'arrêt RCSA 5633 répond aux préoccupations de N.E. et de ses deux sœurs qui sollicitaient un partage équitable de l'ensemble du patrimoine familial entre les quatre successibles de N.G. Il a versé dans l'actif successoral la propriété foncière familiale du De cuius N.G. et tous les terrains acquis ultérieurement par l'épouse survivante N.L ainsi que ceux achetés, après le décès de celle-ci, par N.V. désigné par la famille comme gestionnaire de la succession.

Les conventions de vente présentées par N.V. pour attester qu'il était le seul propriétaire de tous les terrains achetés ont été rejetées au vu des autres pièces produites par l'appelant comme la carte de baptême. Il s'est avéré incompréhensible qu'un enfant de dix ans puisse s'acheter une propriété foncière.

Le juge a constaté que N.V. avait falsifié les contrats d'achats qui étaient initialement établis au nom de sa mère N.L. et profité de la confiance placée en lui par les autres héritiers pour inscrire à son nom les terres achetées au moyen du produit de vente du bétail commun (vaches et chèvres).

Les témoignages recueillis auprès des proches de la famille et les références légales exploitées sont à la base de la motivation de la décision de la Cour d'appel de Ngozi.

C'est un arrêt bien motivé qui atteste la diversité des sources légales en faveur de l'égalité en matière successorale.

3°. De la portée de l'arrêt

Le présent arrêt fait avancer la jurisprudence burundaise relativement au domaine successoral encore régi par la coutume instable et non harmonisée.

Le juge a bien instruit l'affaire en vue de démasquer les manœuvres frauduleuses initiées par l'appelant N.V. pour écarter les autres héritiers du partage des terres acquises par transactions émaillées de plusieurs irrégularités. L'intimé N.E. a utilisé tous les moyens de preuves nécessaires pour battre en brèche les allégations de son frère N.V, gestionnaire désigné de la succession.

C'est un arrêt innovant qui peut servir de guide pour la promotion des droits des enfants.

THEME II :

LE DROIT DES ENFANTS NATURELS DANS LA SUCCESSION DE LEURS GRANDS - PERES MATERNELS

INTRODUCTION

Cette thématique appelle la problématique de la succession de la descendance de la fille qui a grandi et restée chez ses parents où elle a eu des enfants naturels et de la descendance de la femme qui a été déçue par le mariage et qui est retournée sous le toit parental. Pareille situation engendre beaucoup de conflits fonciers devant les cours et tribunaux entre neveux et leurs oncles maternels. Les premiers voulant hériter du côté de leur mère sur la propriété de leur grand-père maternel, les seconds invoquant le principe coutumier que la fille n'hérite pas mais qu'elle a en usufruit une petite part successorale et que sa descendance doit hériter du côté de son auteur et jamais du côté de son grand-père maternel.

Par rapport à ce contexte, les deux arrêts que compte la thématique sous rubrique avaient à traiter la question du droit des enfants naturels dans la succession de leurs grands-pères maternels et leurs commentateurs ont relevé ces différentes questions juridiques :

- Dans l'arrêt RTC 1820, rendu par la Cour suprême toutes chambres réunies le 3 novembre 2021, la question juridique posée est de savoir si une fille peut concourir à la succession avec ses frères et léguer sa part à sa progéniture ;
- Dans l'arrêt RCSA 5263, rendu par la Cour d'appel de Ngozi le 5 novembre 2021, la question juridique posée est de savoir si l'enfant naturel d'une mère que le mariage a déçue et retournée chez ses parents a-t-il le droit d'hériter du grand-père maternel.

A toutes ces questions juridiques le juge y a apporté une même réponse qui protège les droits de la femme et de l'enfant en écartant toute forme de discrimination.

Ainsi, la plus-value des arrêts commentés dans cette thématique par rapport à la décision du juge est qu'ils renforcent la jurisprudence coutumière non discriminatoire en matière d'héritage en affirmant cette règle générale de droit : « *En matière de succession, l'enfant naturel (non reconnu par son père) de la femme que le mariage a déçue ou de la femme qui est restée sous le toit parental est en droit d'hériter la propriété foncière résultant de son grand-père maternel* ».

RTC 1820**SENTARE NTAHINYUZA, IBISATA VYAYO VYOSE**

UWITWAYE : G.C, Komine Gihogazi, intara ya Karusi

UWITWARIWE: ND.P, Komine Gihogazi, intara ya Karusi

INGENE URUBANZA RWAGIYE RURATERA IMBERE MUR'IYI SENTARE

Kw'igenekerezo rya 22/07/2019, Umushikirizamanaza Kizigenza wa Republika yarungikiye urwandiko umukuru w'iyi Sentare asaba ko urubanza RCSA 1958/Git rwaciwe na Sentare Nkuru Isubiramwo ya Gitega kw'igenekerezo rya 23/05/2018 rwabaye ntabanduka rwosubirwamwo.

Urubanza ruca ruza k'urutonde rw'imanza zisubirwamwo, ruhabwa inumero RTC 1820.

Uwitwaye yashikanye imburano zerekeye ido n'ido ry'urubanza ziwe mw'iyandikiro ry'imanza rya Sentare kw'igenekerezo rya 03/09/2019.

Kw'igenekerezo rya 14/11/2019, uwitwariwe yaramenyeshye uru rubanza;

Uwitwarirwa yarireguye mu mburano ziwe yashikirije iyandikiro ry'imanza rya Sentare kw'igenekerezo rya 25/03/2020.

Umukuru wa sentare yarafashe ingingo yo guhamagaza urubanza mu ntahe z'icese zo k'umagenekerezo 18/05/2020, 30/12/2020, 21/12/2020, aho kur'iyi yanyuma ababuranyi bompi barengutse hamwe n'amasura yabo barashikiriza sentare imburano zabo imbonankubone kandi bahinyuzanya.

Imaze kunyurwa yaciye ishira urubanza mu mwiherero kugira ice urukurikira:

IMBURANO Z'UWITWARA

Mu mburano zanditse, Uwitwara asaba kurenganurwa ku matati y'itongo bafitaniye na ND.P;

Ngo uwo baburana ni mwene M.P nawe ari mwene R.D, ngo bapfa kubagora ari abishwa ba sekuru wiwe;

Abandanya avuga ko atumva rero ukuntu abishwa batorana amatongo kwa ba inarume kandi bafise amatongo yabo yaba se n'aba sekuru babo, kandi n'uwo nakuru wabo bitwaza yapfuye iryo tongo atarisavye.

IMBURANO ZO KWIREGURA ZASHIKIRIJWE N'UWITWARIRWA

Uwitwariwe abanza kugaruka ku manza zacitse eka zikaba na ntabanduka ikurikizwa rigakorwa agashikirizwa itongo rya M nkuko yari yaritsindiye;

Avuga ko G.C yahenze Sentare igatuma yakira urubanza rwamaze kuba ntabanduka, ko yakoresheje ububeshi bwinshi;

Uwitwarirwa asaba iyi Sentare kwihweza ukuntu bagiye baraburana mu ma sentare yose, irabe ukuntu rwashizwe mungiro, n'igihe kihaciye, n'igihe rugarutse muri Sentare kandi uwo baburana ataho

yagiye, ngo Sentare imumukureko, amategeko akurikizwe ngo urubanza RTC 1820 rufutwe kuko rwakiriwe hatakurikijwe amategeko.

KWIHWEZA IMBURANO Z'URUBANZA:

Kubera ko ikiburanwa ari itongo rikomoka kuri B nawe akaba yavyaye abana babiri FY umuhungu, na M umukobwa urugo rwananiye aca agaruka iwabo kwa se;

Kubera ko ubu amatati ahagaze kugabura iryo tongo rya B, ababurana uwitwaye akaba akomoka kuri FY uwitwariwe nawe akomoka kuri M;

Kubera ko uwitwaye avuga ko atamwishwa agabura naba inarume;

Kubera ko bavuga ko uwo baburana ata muryango basangiye ko se ari M.P uwundi ari R.D;

Kubera ko B nkuko twabivuze hejuru yavyaye abana babiri aribo FY na M;

Kubera ko FY yavyaye R.D nawe akavyara G.C abo bose akaba ari abahungu;

Kubera ko M umukobwa urugo rwananiye yagarutse kwa se aharerera umwana wiwe w'umukobwa K akaba atamuhungu yavyaye, K nawe avyara ND.P;

Kubera ko Uwitwaye avuga ko mu migenco n'imico y'ikirundi, umukobwa urugo rwananiye aronka igiseke nkabakobwa kiretse iyo asavye kugaburirwa nka bahungu kubera atokwanganzwa;

Kubera ko abandanya avuga ko uwo M atigeze asaba kugaburirwa itongo, ko rero atawundi yoza gusaba igice c'itongo ryiwe ataryo yigeze asaba wewe;

Kubera ko uwitwariwe nawe avuga ko babahora kuba uwo bakomokako atavyaye abahungu;

Kubera ko nabo bavuga ko mu mico n'imigenco y'ikirundi, igisubira muhira (umukobwa agaruse kuba iwabo urugo rwamunaniye) atorana nk'umwana w'umuhungu;

Kubera ko M nawe yotorana nk'umuhungu naho yapfuye batari bwamusaturire ko bitobuza abamukomokako kumutorana;

Kubera ko Sentare Ntahinyuzwa ishashe mu Bisata vyayo vyose yisunze imico n'imigenco y'ikirundi umukobwa w'igisubira muhira bisigura uwo urugo rwananiye, atangazwa ahubwo asubira iwabo kwa se, ari co gituma M atanganjwe yagarutse kuba kwa se B;

Kubera ko iyi Sentare nyene yisunze iyo mico n'imigenco y'ikirundi, iyo umukobwa asubiye iwabo urugo rwamunaniye yaca afatwa nk'umwana w'umuhungu aho kwa se, no gutorana atorana k'urugero rumwe nk'umuhungu;

Kubera ko M ari muri uwo murwi, ategerezwa kugaburirwa itongo k'urugero rungana na musaza wiwe FY kuko nawe yabaye nk'umuhungu;

Ko rero Sentare Ntahinyuzwa ishashe mu Bisata vyayo vyose, yisunze iyo mico n'imigenco nibihejwe kuvurwa aho hejuru, igaburiye itongo rya B abana biwe babiri aribo FY na M, ibice bibiri bingana umwe wese amenyane n'abamukomokako.

Kubera izo mvo,

Sentare Ntahinyuzwa ica imanza imbona nkubone;

Ibanje gukura urubanza mu mwiherero w'abacamanza ikurikije amategeko;

Ishinze ko:

1. Yakiriye imburano nkuko yazishikirijwe na G.C ariko isanze zidashemeye.
2. Itongo rya B rigaburwamwo ibice bibiri bingana kimwe gihabwe FY ikindi gihabwe M.
3. Amagarama y'urubanza atangwa na G.C.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe i Bujumbura mu ntahe y'icese yo ku wa 03/11/2021 hashashe, G.E, Umukuru w'intahe, NT.N, ND.A, ND.Y na H.J.C, abacamanza; bafashijwe na ND.E, Umushikiri-zamanza Mukuru, na M.J, umwanditsi w'imanza.

UMUKURUW'INTAHE

G.E

ABACAMANZA

NT.N

ND.A

ND.Y

H.J.C

UMWANDITSI:

M.J

COMMENTAIRE DE L'ARRET RTC 1820/ RCSA 1958/GIT/RCA 2185/009/ RENDU PAR LA COUR SUPREME TOUTES CHAMBRES REUNIES LE 3/11/2021

RTC 1820/ RCSA 1958/GIT/RCA 2185/009 ND. P. c/ G.C.

Mots clés : - Successions - Révision des arrêts -Sort de la femme mariée qui retourne vivre chez ses parents- possibilité d'une femme de léguer la propriété acquise.

I. DE L'INTRODUCTION

Tous les citoyens sont égaux devant la loi qui leur assure une protection égale⁵....

1°. Des faits

La propriété foncière en litige était au départ celle de B. Ce dernier a mis au monde M. (fille) et FY, (garçon).

⁵ Article 22 alinéa premier de la Constitution du Burundi

M. s'est mariée, mais par la force des circonstances, elle était revenue vivre chez ses parents et y a conçu un enfant, la nommée K.R. qui a été élevée chez son grand Père B. K. R. à son tour a mis au monde ND. P. (la demanderesse).

F.Y. de son côté, a mis au monde R.D. qui à son tour, a mis au monde G.C. (le défendeur). A la mort de M., le défendeur a repris la propriété pour son compte.

Le conflit réside donc dans le partage de la propriété de B. entre la fille de la lignée de M. et le fils de la lignée de F.Y.

2°. De la procédure

Saisi du litige entre ND.P. et G.C., le premier juge, a rendu un jugement donnant aux enfants issus de M. un tiers (1/3) de la succession en invoquant le fait que K.R. s'est mariée et n'est pas restée dans la propriété de M.

G. C. a fait appel contre ce jugement devant le Tribunal de Grande Instance en invoquant le fait que ND.P. ne peut pas concourir à la succession de B. avec ses oncles maternels et doit hériter de son père, tandis que ND.P. prétendait qu'elle est discriminée parce qu'elle est une fille. Le juge d'appel a revu le jugement du tribunal de résidence disant que ND.P ne pouvait pas hériter chez ses oncles maternels et par conséquent le tribunal l'a déboutée de ses prétentions.

ND.P. a porté l'affaire devant la Cour d'appel de Gitega siégeant en matière foncière en présentant les mêmes prétentions mais en ajoutant aussi que sa mère K.R. a toujours vécu sur la propriété de sa grand-mère M. et qu'elle ne l'a quitté qu'à cause des crises que le Pays a connu en 1993. De plus, la Cour a tenu compte du fait que le père de K.R. n'est pas connu.

La Cour d'appel a statué en disant qu'une fille ou une femme mariée qui retourne chez ses parents en cas de l'échec de son mariage hérite de ses parents au même titre que les garçons. Et a décidé que la propriété de B. soit divisée en deux parts égales entre ses enfants M. et F.Y. et que ces propriétés soient divisées en faveur de leurs progénitures respectives.

Non content du jugement, G .C. porta l'affaire en révision devant le Ministre de la Justice qui instruisit le Procureur Général de la République de faire une révision devant la Cour Suprême pour violation de la coutume en invoquant la fraude à la loi, estimant que ND.P. ne pouvait pas concourir dans l'héritage avec ses oncles maternels⁶.

La Cour Suprême statuant toutes chambres réunies, après avoir entendues les parties plaidant au fond se basant sur la coutume burundaise qui considère qu'une femme qui retourne sous le toit paternel après l'échec de son mariage n'est pas rejetée mais elle hérite de son père au même titre que les garçons et de fait la Cour suprême décida que la propriété de B. soit divisée en deux parts égales l'une pour M. et l'autre pour F.Y.

⁶ La notion de fraude dans cet avis du Ministre est floue et ne répond pas à la définition de la fraude c'est-à-dire un acte qui a été utilisé par des moyens déloyaux destinés surprendre un consentement pour obtenir un avantage matériel ou moral indu (voir dictionnaire – juridique.com). La fraude à la loi est définie comme la manipulation d'une situation juridique dans le but de transgresser une loi dans son esprit ou dans sa lettre. Elle est caractérisée par la mauvaise foi, l'utilisation d'un dispositif juridique dévié de sa finalité (FR .m.wikipedia.org). Dans le cas d'espèce, la Cour Suprême toutes chambres réunies n'a pas retenu la fraude mais a plutôt confirmé que le juge d'appel avait bien dit le droit.

3°. De la question juridique posée

Est-ce que la fille qui est restée chez ses parents ou qui a été déçue par le mariage peut concourir à la succession avec ses frères et léguer sa part à sa progéniture ?

4°. De la réponse de la Cour

La Cour suprême siégeant toutes chambres réunies a rejoint l'arrêt rendu par la Cour d'appel de Gitega siégeant en matière foncière qui avait tranché en faveur de l'égalité des enfants en disant que la femme qui retourne habiter chez ses parents ou qui ne s'est pas mariée du tout (voir l'arrêt de la Cour d'appel de Gitega) a le droit d'hériter au même titre et dans les mêmes proportions que les garçons et peuvent léguer leurs parts à leur progéniture.

II. Du Développement

1°. Du sens de l'arrêt

Dans sa motivation, l'arrêt de la Cour Suprême reconnaît qu'une femme mariée qui retourne sous le toit conjugal après l'échec de son mariage, a le droit d'hériter au même titre que les garçons et en parts égales. Et la Cour d'appel de Gitega a le mérite d'explicitier le sort de l'héritage ainsi acquise en disant que chacun a le droit de léguer sa propriété à sa progéniture.

2°. De la valeur de l'arrêt

L'arrêt de la Cour Suprême qui a confirmé celui de la Cour d'appel de Gitega statuant en matière foncière vient en complément de la coutume non discriminatoire, dans le sens de l'affirmation du partage équitable en parts égales entre les filles et les garçons lorsqu'ils concourent dans un héritage dans le cas où une fille est retournée vivre chez ses parents.

L'arrêt de la Cour suprême vient révolutionner la coutume en affirmant que la femme qui retourne vivre chez ses parents a le droit d'hériter de ses parents dans les mêmes conditions et les mêmes proportions que ses frères.

En statuant de ce sens, l'arrêt est conforme aux motifs qui ont guidé la rédaction du code des personnes et de la famille. Dans ses motifs, cette loi dit « *qu'il est impérieux, conformément à la constitution de promouvoir les droits de la personne humaine, notamment en mettant fin aux dispositions anachroniques qui discriminent la femme et en renforçant la protection de l'enfant en vue de son développement harmonieux et qu'il est primordial de consacrer les meilleures conditions coutumières du Burundi dans la mesure où elles répondent aux aspirations légitimes du peuple burundais* » ;

3°. De la portée de l'arrêt

Comme cela vient d'être dit, cet arrêt a valeur de principe et se rapproche finalement du droit positif burundais à savoir la Constitution qui en son article 22⁵ et en son article 19⁶, élève au niveau de la Constitution, la Convention internationale pour l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard des femmes. Cette convention, en son article 5, recommande aux Etats parties de « *prendre*

⁵Article 22 de la constitution : Tous les citoyens sont égaux devant la loi, qui leur assure une protection égale. Nul ne peut être l'objet de discrimination du fait de son sexe

⁶Les droits et devoirs proclamés et garantis par les textes internationaux relatifs aux droits de l'homme régulièrement ratifiés font partie intégrante de la Constitution.

toutes les mesures appropriées pour modifier les schémas et modèles de comportement socio- culturel de l'homme et de la femme en vue de parvenir à l'élimination des préjugés et des pratiques coutumières, ou de tout autre type, qui sont fondés sur l'idée de l'infériorité ou de la supériorité de l'un ou l'autre sexe ou d'un rôle stéréotypé des hommes et des femmes

Cet arrêt va renforcer la coutume non discriminatoire en matière d'héritage, car, quand bien même la coutume affirmait que la femme non mariée ou celle qui retourne sous le toit familial a le droit d'hériter comme un garçon, dans les faits, elle avait toujours une part moindre que son frère garçon, car suivant la coutume ; sa part dans l'héritage s'exprimait en matière « d'igiseke ou d'ikivi ».

Donc l'arrêt a valeur de principe et peut faire jurisprudence.

RCSA 5263**SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA NGOZI ISHASHE I NGOZI MU MANZA Z'AMATATI Y'AMATONGO ZUNGURUJWE KU RUGERO RUDASANZWE ICIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KUWA 05/9/2021****Haburana:****UWUNGURUJE : B.V****ABUNGURURIJWE: N.L na S.C****ICUNGURURIJWE: Urubanza RCA 14575 rwa Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA.**

Kuwa 30/7/2020, Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yaraciye urubanza RCA 14575 rukaba rwacitse ruvuga ruti : «

- 1) Imburano za N.L na S.V baserukiwe na S.C zishemeye ;
- 2) Ihinduye urubanza RC 3251 rwa Sentare y'Intango ya MURUTA, ni ukuvuga ko B.V ahebujwe kw'itongo arondera kuri N.L na S.V baserukiwe na S.C ;
- 3) Amagarama y'urubanza atangwa na B.V ».

Urubanza RC 3251 rwa Sentare y'Intango ya MURUTA narwo rwacitse uku: «

- 1) Yakiriye imburano nk'uko yazishikirijwe isanze zishemeye mu bice bimwe bimwe ;
- 2) Ivuze ko itongo rya BU risaturwamwo ibisate bitatu bingana bitorane MU, S.T, N.L, igipande ca S.T gitorane BU;
- 3) Indishi BU arondera arayihebujweko ;
- 4) Amagarama uko ari 18.700fbu atangwa n'abitwariwe ».

B.V yaramenyeshajwe urubanza RCA 14575 akaba atarushimye aca ararwunguruza muri iyi Sentare, nayo ica irarwakira ku rutonde rw'izindi manza z'amatati zungurujwe ku rugero rudasanze ku numero RCSA 5263;

Urubanza rwarahamagawe kuwa 26/7/2021 aho Sentare yumvirije ababuranyi ahari amatati, mw'isekeza ryatunganijwe ryo gukura mu nzira imanza zose z'amatati zungurujwe muri iyi Sentare zo mu ntara ya KAYANZA, Sentare isanga mu baburanyi haregutse uwungurujwe, abungururijwe basivye, ariko isango yari isanzwe izwi biciye mu matangazo n'intonde z'imanza zari zimanitse mu mitumba yose, mbere n'abakuru b'imitumba bagasigura ko babimenyeshaje ababuranyi bose ; ariho Sentare yaca yumviriza uwungurujwe, irumviriza n'ivyabona yitoreye hamwe na NY.D, icabona ca bose kuko yari umunyamuryango ; imaze kunyurwa ica ishira urubanza mu mwiherero w'abacamanza.

IRAHEZA ISHINGA URUKURIKIRA:

Uwungurujwe avuga ko atashimye urubanza rwa Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA ngo kuko itafatiye kuvyo yayishikirije, ko bamuhebuje kw'itongo rya sekuru BU, mu gihe ariho yavukiye aka-

hakurira ngo kuko nyina yari yarananiwe n'ingo aza amuzanye inda amuvyariraho, akuriraho, ngo ntiyumva ukuntu yotuzwa muri iryo tongo ngo kandi na nyina S.T yapfuye amusiga muri iryo tongo, ko yahunze mu magume aha aho hantu ngo munyuma agarutse baca baramutuzaga ngo ntahagaruke;

Abungururijwe nabo mu vyireguro vyabo vyanditse bavuga ko bavyawe na BU, ngo ntibumva ukuntu mwishwa wabo ashaka gutorana itongo rya sekuru BU afise kwa se, ngo ntibosangira itongo batavukana, ko bemera ko ariho yavukiye ngo kuko ico gihe mushiki wabo S.T umugabo yari yamwirukanye aca aza kwa se amuvyariraho ;

Ko se MU yaje kumumwa imvanda, munyuma afise imyaka cumi nyina ngo yaramujanye kwa se agaruka afise imyaka cumi n'itanu, ngo asanga nyina yaragiye ku wundi mugabo. Abandanya avuga ko ku myaka mironko ibiri yahagarutse mu 1995 baca baramwirukana burundu ngo aca aja muri Site CAMPAZI aho aba gushika n'ubu ; bagasozera basaba ko yoja kwa se ;

Sentare yaciye yumviriza ivyabona yitoye mubari aho, aho N.F yavuze ko azi B.V, ko yavukiye kwa sekuru BU ngo kuko nyina niho yaba ngo kandi ntiyigeze abona aja ku mugabo ; ngo yarinze apfa ariho aba asiga uwo B.V ariho aba ;

Sentare yabajije kandi K.B, nawe avuga ko azi B.V aba kwa sekuru BU apima n'inzoga, abana na nyina yari yananiwe n'ingo ; Sentare yabajije B.Z, icabona ca B.V, amaze kurahira ukuri, avuga ko atazi se wa B.V ; ko yamubonye kuva akivuka akuriraho, ko nyina ata mugabo wundi yagiyeko ngo yapfiriye kwa se BU ;

Sentare yarumvirije kandi NY.D ari ku ruhande rw'abungururijwe akaba n'umuryango, avuga ko B.V yavukiye kwa sekuru BU, ko nyina S.T yaguye kwa se BU, abajijwe igituma yapfiriye kwa se akishura ko yari yarananiwe n'ingo;

KUBW'IVYO:

Kubera ko Sentare isanga uwungururije avuga ko sekuru ari BU, ko yavukiye aho kwa sekuru ari kumwe na nyina S.T, ko nyina bagumanye aho atigeze amubona aja ku mugabo, ko yarinze yitaba Imana aba kwa se BU, ko ariko yandurutse yirukanwa aho yavukiye agakurira ;

Kubera ko Sentare isanga abungururijwe nabo batarengutse ngo bashigikire imburano zabo zanditswe, bahakana ko B.V atosangira itongo nabo ngo kuko n'aho ariho yavukiye, afise kwa se bakemeza ko nyina yari yaramutwaye kwa se;

Kubera ko Sentare isanga ababuranyi bahuza ko B.V yavukiye kwa BU sekuru, NY.D ari ku ruhande rw'abungururijwe akemanga ko nyina wa B.V yaguye kwa se BU bivanye n'uko yari yarananiwe n'ingo ; ivyo navyo bikaba vyatomowe n'ivyabona vyose vyitoye na Sentare vyerekanye ko S.T nyina wa B.V yavyariye B.V kwa BU, akahakurira, na S.T nawe akitaba Imana aba kwa se ; ivyo Sentare ikaba itobura kubifatirako mu kurenganura B.V kuko ibona ko afise uburenganzira kw'itongo kwa sekuru, mu gipande ca nyina yananiwe n'ingo ;

Kubera ko Sentare isanga itongo rya BU ryogaburirwa abamukomokako bose hisunzwe ingingo ya 31 y'igitabu c'amategeko agenga itohoza, iburanishwa n'icibwa ry'imanza z'amatati n'ingingo ya 25 y'igitabu c'amategeko agenga amatongo mu BURUNDI;

Kubera ko Sentare yisunze imico n'imigenzo y'ikirundi aho umukobwa ananiwe n'ingo atorana

nk'umuhungu, ikisunga kandi n'Ibwirizwa Nshingiro rya Republika y'Uburundi mu ngingo ya 13 hamwe n'ingingo za 2 na 7 z'amategeko mpuzamakungu agenga agateka ka zina muntu, ko abana bose bavuka bangana imbere y'amategeko, arico gituma S.T yananiwe n'ingo afise uburenganzira bwo gutorana kw'itongo rya se BU, igipande atoranye gice gitorana umuhungu wiwe B.V kuko nyina atakiriho, igarama ry'urubanza ritangwe n'abungururijwe hisunzwe ingingo ya 401 y'igitabu cavuzwe aho hejuru ;

KUBERA IZO MVO ZOSE:

Sentare ica imanza imbonankubone,

- ✓ Yihweje ingingo za 31 na 401 zo mu gitabu c'amategeko agenga itohoza, iburanishwa n'icibwa ry'imanza z'amatati ;
- ✓ Yihweje ingingo ya 13 y'Ibwirizwa Nshingiro rya Republika y'Uburundi ;
- ✓ Yihweje ingingo za 2 na 7 z'amategeko mpuzamakungu agenga agateka ka zina muntu ;
- ✓ Yihweje ya 25 yo mw'Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 9 myandagaro 2011 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga amatongo muBurundi ;
- ✓ Ibanje gukura urubanza mu mwiherero w'abacamanza nk'uko amategeko abishinga;

ISHINZE KO :

1. Urubanza RCA 14575 rwa Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA rurahindutse mu ngingo zarwo zose ;
2. Itongo rya BU risaturwamwo ibipande bitatu bingana, ica MU, ica N.L n'ica S.T ; ico gisate ca S.T gitorane umuhungu wiwe B.V.
3. Amagarama atangwa na N.L na S.C.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe na Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI mu ntahe y'icese yo kuwa 05/9/2021.

Hashashe

B.D, Umukuru w'Intahe, NG.C na R.A, abacamanza, bafashijwe na Y.P, Umushikirizamanza Mukuru hamwe na ND.A, Umwanditsi w'Imanza.

UMUKURU W'INTAHE

B.D, Sé

ABACAMANZA

NG.C, Sé

R.A, Sé

UMWANDITSI W'IMANZA

ND.A, Sé

**COMMENTAIRE DE L'ARRET RCSA 5263 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE NGOZI
EN DATE DU 5/9/2021**

B.V.c/ N.L et S.C.

Mots clés : Succession des enfants naturels - Grand-père maternel - Partage de la succession - Coutume burundaise - Successible de la fille non mariée - Constitution du Burundi - Instruments internationaux ratifiés par le Burundi

I. DE L'INTRODUCTION

La succession de l'enfant naturel (non reconnu) chez son grand-père maternel pose des problèmes en droit burundais.

1°. Des faits

L'objet du litige porte sur le domaine foncier se trouvant à Muruta-Kayanza. Cette propriété foncière est dans le patrimoine foncier du De cujus BU. qui avait deux fils (actuels défendeurs) et une fille S. T., mère du demandeur. L'affaire oppose B.V. contre N.L. et S.C., les deux défendeurs étant des oncles maternels de l'appelant. Le terrain querellé a été laissé par l'ancêtre commun BU. (grand-père de l'appelant). Les deux défendeurs au procès s'opposent à la succession de leur neveu sur les biens du De cujus.

2°. De la procédure

L'appelant demande de respecter son héritage sur les biens lui laissés par sa mère S. T. tandis que les intimés refusent l'héritage du requérant chez son grand-père maternel arguant qu'il doit hériter de son père selon la coutume. L'affaire a débuté devant le Tribunal de résidence de Muruta sous le RC 3251 qui a ordonné que le terrain foncier de BU. soit partagé en trois parts égales entre MU, S. T, N. L.; que la part de ST soit donnée à son fils B. V.

Non satisfaits de ce jugement, les oncles de ce dernier ont interjeté appel devant le Tribunal de grande instance de Kayanza et il a été décidé de réformer le jugement en déboutant B.V. Ce dernier a interjeté appel devant la Cour d'appel de Ngozi sous le RCSA 5263 qui a ordonné que cette propriété foncière soit partagée en trois parts égales entre MU, S. T, N.L; que la part de S.T. soit donnée à son fils B.V.

3°. De la question juridique posée

L'enfant naturel d'une mère que le mariage a déçu et retournée chez ses parents (*UMUKOBWA YANANIWE N'URUGO*) a-t-il le droit d'hériter du grand père maternel?

4°. De la réponse de la Cour

La Cour d'appel de Ngozi a décidé le partage équitable entre les garçons et la femme que le mariage a déçu. Elle a déclaré que l'enfant naturel hérite de sa mère S.T. et du coup les biens du grand père maternel.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

Dans sa motivation, le juge de la Cour d'appel a auditionné les témoins qui ont affirmé que l'appelant est né et a grandi chez son grand-père maternel BU. La cour a souligné que les défendeurs ne nient pas cet état de fait et a affirmé que lorsqu'une fille divorce et retourne chez ses parents, elle a les mêmes droits que son frère sur la propriété foncière familiale. Partant, l'enfant naturel né de cette femme hérite indirectement de son grand-père maternel.

Bien plus, en se basant sur la preuve testimoniale, la coutume et l'article 25 du code foncier, le juge a montré que la femme que le mariage a déçu a les mêmes droits que ses frères sur les biens de leur parents, que les terrains fonciers laissés par le De cujus ne peuvent rester dans l'indivision et doivent être partagés équitablement.

2°. De la valeur de l'arrêt

En analysant la motivation du juge de la Cour d'appel, le constat est que ce dernier a tranché légalement en respectant les droits de l'enfant naturel et en mettant sur le même pied d'égalité les enfants d'un même père. La décision du juge de la cour d'appel est assise sur une bonne motivation qui s'inspire d'une bonne pratique coutumière⁹, de la Constitution¹⁰ et des instruments internationaux¹¹ relatifs aux droits de l'homme ratifiés par le Burundi.

Bien évidemment, le juge a poussé plus loin son raisonnement en multipliant les bases légales de sa décision car ces sources légales raffermissent les droits de l'enfant naturel. Cette décision du juge se fonde sur diverses sources du droit qui prévoient l'égalité de genre et la non discrimination basée sur le sexe.

3°. De la portée de l'arrêt

Dans l'optique d'asseoir une bonne motivation susceptible d'inspirer la solution pour les cas similaires, le juge a dû appuyer son argumentation sur la coutume, la Constitution burundaise et la Déclaration universelle des droits de l'homme. Son raisonnement sur la non discrimination s'inscrit également en droite ligne avec le Pacte international relatif aux droits civils et politiques, sur la Charte africaine des droits de l'homme et des peuples.

Selon l'article 13 de la Constitution, tous les Burundais sont égaux en mérite et en dignité. Tous les citoyens jouissent des mêmes droits et ont droit à la même protection de la loi. Aucun Burundais ne sera exclu de la vie sociale, économique ou politique de la nation du fait de sa race, de sa langue, de sa religion, de son sexe ou de son origine ethnique. Le Pacte international relatif aux droits civils et politiques ratifié par le Burundi en son article 26 et la Charte africaine en ses articles 2 et 3 convergent sur cette égalité de genre, interdisent toute discrimination, garantissent à toutes les personnes une protection égale et efficace et une jouissance des droits et de fortune sans distinction aucune.

A toutes fins utiles, le Burundi est lié par le Pacte international relatif aux droits civils et politiques

Le juge a saisi que les biens de la veuve ne pouvaient pas être confondus avec le patrimoine du beau-père.

3°. De la portée de l'arrêt

L'arrêt RCSA 3425/GIT pose la règle générale de respect du statut de la veuve.

Il y va de la dignité de la veuve qu'elle soit protégée dans la gestion de tous les biens de la famille. Le juge a prouvé qu'il est inacceptable que le beau-père profite du décès de son fils pour s'approprier d'une terre acquise grâce aux fruits du travail commun de la famille de ND.V.

Les manœuvres dolosives du beau-père ont été démasquées par la Cour d'appel de Gitega qui a rétabli ND.V. dans ses droits de propriétaire d'une terre achetée après le décès de son mari.

C'est un arrêt modèle qui va contribuer dans la régulation d'autres cas similaires.

THEME IV :

ACCORD PREALABLE DU CONJOINT DU VENDEUR

INTRODUCTION

Généralement dans la société burundaise traditionnelle, les hommes mariés se considèrent comme chef absolu du ménage. Ils se croient qu'ils ont en conséquence tous les pouvoirs pour disposer des biens familiaux à leur simple guise et que personne ne peut les en empêcher. Bien qu'il y ait eu une législation en la matière à travers le Code des personnes et de la famille, le poids de la coutume et de la tradition qui discrimine la femme continue à peser dans la société. Il s'en suit que pas mal de maris ignorent l'avis et le consentement de leur épouse avant de conclure un contrat de vente ou d'accomplir un autre acte juridique qui grève le patrimoine de la famille. Cette situation ne cesse alors de créer des procès entre époux devant les cours et tribunaux.

Par rapport à ce contexte, les cinq arrêts qui composent la thématique sous examen avaient à statuer sur l'accord préalable du conjoint vendeur. Des commentaires développés par rapport à ces arrêts ont fait ressortir ces questions juridiques :

- Dans l'arrêt RCSA 2371/00185, rendu par la Cour d'appel de Makamba le 6 novembre 2019, la question juridique posée est de savoir si l'un des époux peut vendre un bien immobilier de la famille sans l'accord de l'autre ;
- Dans l'arrêt RCA 118/2011, rendu par la Cour d'appel de Bujumbura le 2 août 2013, la question juridique posée est de savoir si un époux a le droit de vendre une propriété familiale sans le consentement de l'autre époux ;
- Dans l'arrêt RCA 955, rendu par la Cour d'appel de Ngozi le 13 août 2019, la question juridique posée est de savoir si dans la vente des biens immobiliers dépendants de la communauté conjugale, le consentement doit être écrit et exprès ;
- Dans l'arrêt RCC 29895, rendu par la Chambre de cassation de la Cour suprême le 3 décembre 2020, la question juridique posée est de savoir si l'hypothèque sur un bien immobilier dépendant de la communauté conjugale constituée par un époux exige le consentement de l'autre conjoint ;
- Dans l'arrêt RCC 26600, rendu par la Chambre de cassation de la Cour suprême le 29 février 2016, la question juridique posée est de savoir si un acte de disposition d'une propriété familiale accompli par l'un des conjoints sans le consentement de l'autre est valide.

A l'égard de toutes ces questions juridiques, le juge y a donné une même réponse conforme à l'article 126 du Code des personnes et de la famille qu'aucun époux ne peut sans le consentement de l'autre disposer d'un immeuble familial ou de le grever de droits réels. Ainsi la plus-value des arrêts commentés dans cette thématique par rapport à la solution du juge est qu'ils arrivent à la conclusion que le consentement ouvre la voie à l'égalité des droits entre l'homme et la femme sur les biens de la communauté conjugale et précisent que le consentement ne doit pas toujours être explicite.

RCSA 2371/00185**SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA MAKAMBA ISHASHE I MAKAMBA MU MANZA Z'AMATATI ZIHUNGURURIJWE KU RUGERO RUDASANZWE YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KUWA 06/11/2019****HABURANA**

UWUNGURUJE : 1. G.V, wo ku musozi MUYANGE, Komine NYANZA-LAC, Intara ya MAKAMBA afashwa n'umushingwamanza M.I.

2. B.J, umusozi MUYANGE Komine NYANZA-LAC Intara ya MAKAMBA.

UWUNGURURIJWE : V, wo ku mutumba MUYANGE, Komine NYANZA-LAC, Intara ya MAKAMBA (aserekurikiye na T.A) (bafashwa n'umushingwamanza ND.A)

Kw'igenekerezo rya 29/12/2017 Sentare Nkuru y'Igihugu ya MAKAMBA yaraciye urubanza ruvugara ruti :

1° Ubuguzi bw'itongo bwabaye hagati ya G.V na B.J ari impfagusa.

2° B.J yaguze amenyana na G.V baguze.

3° Amagarama y'urubanza uko ahagarurwa atangwa na G.V na B.J ku rugero rungana.

Kw'igenekerezo rya 03/01/2018, G.V na B.J baramenyeshwe urwo rubanza kw'igenekerezo rya 31/01/2018 baca barwungururiza muri Sentare Nkuru isubiramwo imanza, irarwakira irushira ku rutonde rw'izindi manza z'amatati zihungururijwe ku rugero rudasanze, rwandikwa ku n°RCSA2371/00185. Uwungururijwe yaragiriye umutahe umumenyeshya ko afise urubanza yungururijwe, arawubona ndetse aranawuterako igikumu.

Urubanza rwaciye ruhamagarwa ku magenekerezo ya 25/3/2019, 8/4/2019, 8/4/2019 na 30/4/2019 aho kuri iryo genekerezo rya nyuma urubanza rwaciye rushirwa mu mwiherero. Kw'igenekerezo rya 02/7/2019, Sentare yaraciye urubanza rw'intangamarara rusubiza urubanza mu ntahe y'icese, ababuranyi baramenyeshwa :

Kw'igenekerezo rya 30/9/2019, urubanza rwarongeye guhamagarwa ababuranyi bararenguka hamwe n'abashingwamanza babunganuira, barumvirizwa urubanza rushirwa mu mwiherero kugira ngo hafatwe ingingo.

Umushingwamanza yunganira B.J avugako yungurujwe urubanza kuko Sentare yagize impfagusa ubuguzi uwo afasha yaguze na G.V ngo kandi yaguze n'uwubifitiye ububasha. Avugako yaguze m30 kuri m80 ngo ahagura imiriyoni zitanu (5.000.000) nkuko biri ku mpapuro z'igurizo. Akavugako G.V afise abagore benshi rero ngo ntibazi uwemewe uwo ariwe. Akabandanya avugako uwo mugore V yahaye uburenganzira umwana wiwe ngo ubu ari mu rundi rugo.

Avuga ko G.V yadandaje ubwatsi arembye kugira yivuze kandi ngo yagurishije ipfupfu yisigariye abana yari yarabahaye.

B.J nawe avugako yaguze na G.V amubariyeko abana yabahaye ngo ko ako ari ako yari yisigariye

nk'ipfupfu :

Avugako yamuhaye 5.000.000 ngo hari ayo yagiye aramuha batanditse. G.V avuga ko ahanini yagurishije agomba gukurikirana itongo yariko araburana ngo hamwe no kuronka utwo adya kandi ngo ic'uko B.J avugako yamuguriye 5.000.000Fbu ngo sivyo ngo yahaguze amafaranga umuriyoni (1.000.000Fbu) kandi ngo yayamuhaye incuro zibiri ; abandanya avugako V bavyaranye abana indwi abakobwa batanu n'abahungu babiri akavugako V batakiri kumwe ngo ari iwabo baravanye ariko ngo ntawundi mugabo yojako ngo kuko yaramukoye ngo aracarindiriye arabe ivyo yikoza.

Uwungururijwe mu kwiregura ko se G.V yahungiyeye i Tanzaniya muri 1972 ngo aca arongorerayo nyina wiwe V yaserukiye rero ngo i Tanzaniya baca mu rusengero bakabahezagira rero aho ngo umugore aba yemewe n'amategeko akavugako se afise uwundi mugore mukuru yitwa N.S avuga ko hari impapuro bakuye i Tanzaniya ariko ngo ntibabikoreyeko baciye bandika aho atanga imperezwa.

Umushingwamanza yunganira uwungururijwe avugako icemeza ko V ari umugore yemewe n'amategeko ari urupapuro batanze ngo muri 2016 niho bumvako G.V yagurishije ngo rero ubwo buguzi ngo kuko atabigiye inama n'umuryango kandi ngo nubwo yoba atazwi n'amategeko yaravyaranye na G.V rero nta kwandikwa gusumba uko. Akavugako na G.V yiyemereye ko V ari umugore wiwe.

Sentare yahavuye yumviriza amasura :

Uwitwa K.J avuga ko V amumenye vuba aho amatati atanguriye ngo ntiyarazi ko ari umugore wa G.V ngo kuko batabana akavuga ko igihe B.J agura mu muryango wa G.V ata wundi yariho, V ngo babana hafi ahora amubwira ko bahukanye na G.V.

Uwitwa K.O avuga ko G.V yagurishije itongo 5.000.000 Fbu ngo umugore ntiyari kumurondera ngo kuko yari yavuze ko batazosubira kubana.

Umushingwamanza yunganira B.J asozera avuga ko nyene kugurisha ata mugore numwe yari afise hafi yanditswe rero ngo yagurishije kugirango aronke ico yifashisha.

Umushingwamanza yunganira uwungururijwe asozera avuga ko ivyandiko vyemeza ko V na G.V bari bubatse biciye mu mategeko babivuze akavuga ko bashoboye kuronka ikete ry'ubukirisu ry'umwana wabo kandi ngo handitseko amazina y'abavyeyi biwe kandi ngo ivyo uwo baburana ariko aranka ubu ngo nivyo yari yasavye.

KUBW'IVYO

Kubera ko G.V yungurujwe asaba ko ubuguzi bw'itongo yagurishije na B.J bukomezwa :

Kubera ko B.J yungurujwe avuga ko yaguze n'uwubifitiye ububasha ngo yokwubahirizwa mw'itongo yaguze.

Kubera ko uwungururijwe avuga ko ubuguzi bwabaye umuryango udakoranye ngo uvyumvikane, agasaba ko ubwo buguzi bwofutwa ;

Kubera ko B.J, nyene kugura itongo yemera ko igihe yagura umupfasoni wa G.V atariho yari, akavuga ko yari yamubariye ko bavanye ;

Kubera ko G.V mu ntahe y'icese yo ku wa 30/4/2019 yavuze ko V bafitaniye abana indwi ngo kandi

nta wundi mugabo yojako kuko yamukoye, ngo aracarindiriye ivyo yikoza ;

Kubera ko Sentare yari yatumye uwungururijwe uburenganzira ahabwa n’abana bo ku mugore wundi ariko uwo mugore nyene akaba yaciye abutanga ;

Kubera ko Sentare yari yatumye uwungururijwe icemeza ko yari yubatse na G.V ariko akaba yashoye kuzana ikete ry’ubukirisu ry’umwana bavyaranye ;

Kubera ko biboneka ko kugira ngo G.V agurisha iryo tongo yabanje gufata nabi umugore wiwe V bikumvikana ko intumbero yari iyo kugurisha itongo atabona mu gihe we nyene yiyemerera ko ariwe mugore wiwe ;

Kubera ko G.V amaze kwemeza ko V ari umugore wiwe ata wundi yerekanye ibihushanye nivyo, ingingo ya 126 y’igitabu c’amategeko agenga abantu n’ingo ikaba itomora ko umwe mu bubakanye adashobora kugurisha amatungo y’umuryango atagiye inama n’uwo bubakanye, gutyo rero hisunzwe iyo ngingo Sentare ikabona ko ubuguzibwabaye hagati ya B.J na G.V bwoca buba impfagusa, itongo ryagurishijwe rikagaruka mu muryango wa B.J yari yaguze agaca araba uwo yaguriye ariwe G.V.

KUBERA IZO MVO ZOSE

Sentare Nkuru isubiramwo imanza ya Makamba ica imanza z’amatati imbonankubone,

- Yihweje ingingo ya 126 yo mu gitabuc’amategeko agenga abantu n’ingo (art 126 CPF) ibanje kuvana urubanza mu mwiherero w’abacamanza nkuko amategeko abigenga;

ISHINZE KO

1. Ikomeje urubanza RCA 6025 rwa Sentare Nkuru y’Igihugu ya Makamba mu ngingo zarwo zose
2. Amagarama atangwa na G.V na B.J.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe mu ntahe y’icese yo ku wa 6/11/2019.

Hashashe NT.J.P, Umukuru w’intahe, K.A na ND.J.C, abacamanza bafashijwe na N.D umushikirizamanza mukuru na ND.R umwanditsi.

UMUKURU W’INTAHE

Sé/ NT.J.P

ABACAMANZA

Sé/ K.A

Sé/ND.J.C

UMWANDITSI

ND.R

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCSA 2371/00185 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE MAKAMBA LE 6/9/2019

Affaire V. c/ G.S. & B.J.

Mots clés : Accord du conjoint du vendeur (pour la vente d'une propriété foncière commune) -Article 126 du Code des personnes et de la famille. – Vente d'une propriété foncière familiale – Mariage

I. DE L'INTRODUCTION

L'accord du conjoint du vendeur d'un immeuble est une condition de la validité de la vente d'un immeuble issu de la communauté conjugale.

1°. Des faits

G. et V. étaient mariés et avaient eu en commun sept enfants dont cinq filles et deux garçons. Due à l'impossibilité de cohabitation, V. est retournée vivre chez ses parents et entre-temps G. a partagé la propriété entre ses enfants et s'était réservé une part qu'il a vendue à B.J. à l'insu de son épouse V. L'époque de la vente n'est pas précisée dans le jugement.

En 2016, sa femme V. eut connaissance de cette vente et donna procuration à sa fille T.A. pour intenter une action en justice contre l'acheteur B.J. pour l'annulation de cette vente.

2°. De La procédure

Il ressort de l'examen de l'arrêt que T.A. avait saisi le Tribunal de résidence (dont le jugement n'est pas connu) et qu'un recours a été fait devant le Tribunal de Grande Instance de Makamba. En date du 29/12/ 2017, le Tribunal rendit le jugement RCA 6025 en vertu duquel G. représentée par sa fille T.A. a eu gain de cause et la vente fut annulée par le Tribunal de Grande Instance de Makamba.

G.S. et B.J. interjetèrent l'appel contre ce jugement devant la Cour d'appel de Makamba et l'affaire fut enrôlée sous le RCSA 2371/00185.

Devant la Cour d'appel de Makamba, les deux co-appelants G.S et B.J. ne sont pas concordants dans leurs déclarations. B.J. prétendit que le vendeur avait plusieurs femmes et qu'il ne savait laquelle était légitime, encore que selon lui, V. se serait remariée. Il ajoute dans ses déclarations que G.S. aurait vendu cette propriété, parce qu'il était gravement malade et voulait se faire soigner et que par ailleurs, G.S n'avait vendu qu'une partie de la propriété familiale qu'il s'était réservée lors du partage de la propriété entre ses enfants. Il conclut en demandant à la Cour de confirmer la vente.

Monsieur G.S a démenti la version donnée par B.J, en disant que sa femme demeurait chez ses parents, certes, mais qu'elle ne s'était pas remariée et que par ailleurs il avait vendu la propriété pour avoir un peu d'argent pour manger et pour avoir aussi les frais de justice nécessaire pour le suivi d'un dossier relatif à une autre propriété foncière et a demandé la confirmation de la vente.

L'intimée V. représentée par T.A. quant à elle demande l'annulation de la vente et la confirmation du jugement attaqué.

La Cour d'appel de Makamba en considération du fait que le mariage entre G.S et V. n'est pas contes-

table et que dès lors en application de l'article 126 du code des personnes et de la famille l'arrêt attaqué devait être confirmé.

3°. De la question juridique posée

Est-ce que, l'un des époux peut vendre un bien immobilier de la famille sans l'accord de son conjoint ?

4°. De la réponse de la Cour

Pour répondre à cette question, la Cour d'appel de Makamba dans sa motivation a montré que G.S avoue qu'il était marié à V. et que personne ne dit le contraire. Elle est aussi revenue sur les aveux de B.J. qui affirme qu'au moment de la vente V. n'était ni présente ni représentée, pour dire que V. n'avait pas donné son accord.

Ainsi, en s'appuyant sur l'article 126 du Code des personnes et de la famille il a annulé la vente. Cet article dispose que :

« Aucun époux ne peut sans le consentement de l'autre :

1°) Aliéner ou grever de droits réels les immeubles ou les exploitations dépendant de la communauté conjugale, ni disposer desdits droits ou biens à titre gratuit même pour l'établissement des enfants communs.

La Cour a été catégorique et a affirmé que l'un des conjoints n'a pas le droit de vendre une propriété sans accord de son conjoint parce que cela est interdit par cet article. En conséquence, elle a confirmé le jugement du Tribunal de grande instance de Makamba qui annulait cette vente conclue en violation de l'article 126 du code des personnes et de la famille.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

Dans la législation burundaise, spécialement l'article 126 du code des personnes et de la famille, l'aliénation des biens immeubles issu de la communauté conjugale a été réglementé. La Cour d'appel de Makamba a alors appuyé les arguments du juge du Tribunal de grande instance de Makamba qui avait annulé cette vente pour défaut d'accord de son conjoint.

Les juges d'appel se sont basés sur l'article 126 du Code des personnes et de la famille, qui constitue par ailleurs une protection importante de la famille contre la dilapidation des biens familiaux par l'époux irresponsable, pour annuler cette vente car selon cet article aucun des époux n'a le droit de vendre un immeuble sans l'accord de son conjoint.

2°. De la valeur de l'arrêt

L'arrêt de la Cour est conforme à l'article 126 du Code des personnes et de la famille, le conjoint du vendeur d'une propriété familiale doit donner son accord. Cela est conforme en réalité au droit positif burundais car l'homme et la femme ont en commun leurs biens, et dans une communauté des biens, chacun doit donner son accord au moins implicite pour aliéner un bien de la communauté.

En confirmant le jugement du Tribunal de Grande instance de Makamba qui annule la vente conclue entre G.S et B.J., la Cour d'appel de Makamba a bien appliqué l'article 126 du code des personnes et de la famille car l'absence du consentement de G. suffit pour constater une violation flagrante de la loi et motiver l'annulation de la vente de l'immeuble commun.

3°. De la portée de l'arrêt

Les immeubles dont la vente est interdite sans l'accord commun des conjoints sont énumérées par l'article 126 du Code des personnes et de la famille, c'est-à-dire *le fonds de terre acquis par dévolution successorale, la maison servant de logement ou de moyen de logement à la famille, l'exploitation agricole faisant l'objet ou étant le fruit du travail commun des époux.*,

Pour le cas en l'espèce, la propriété vendue dépendait de la communauté conjugale d'où alors le conjoint de G. devrait donner son accord conformément à l'article 126 du Code des personnes et de la famille.

L'arrêt RCSA 2371 qui confirme le jugement RCA 6025 rendu par le Tribunal de grande instance de Makamba en annulant la vente d'un immeuble faisant partie de la communauté conjugale conclue sans l'accord du conjoint, amène un ajout à la jurisprudence burundaise surtout dans l'application du Code des personnes et de la famille.

Cet arrêt est bien motivé et peut servir de jurisprudence pour la protection des biens communs des conjoints.

RCA 118/2011

SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA BUJUMBURA ISHASHE MUMANZA Z'AMATATI ZAHUNGURURIJWE YACIYE URUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KU WA 02/08/2013

UWUNGURUJE: K.E

ABUNGURURIJWE: NSH.A

B.D

ICUNGURURIJWE: Urubanza RC 16661

Sentare;

Yihweje urubanza RC 16661 rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu mu gisagara ca Bujumbura ku wa 28/07/2011 ruvuga ruti :

- 1) Irakiriye urubanza nkuko yarushikirijwe na NSH.A aserukiwe n'umushingwamanza Maître BA.D kandi ivuze ko imburano ziwe zishemeye;
- 2) Itegetse K.E gusubiza i parcelle B.D, igaruke mumuryango;
- 3) Itegetse B.D gusubiza K.E imilioni cenda (9.000.000 F) yari amaze kwakira;
- 4) Amagarama atangwa na K.E na B.D;

Yihweje ko K.E yamenyeshejwe ku wa 31/08/2011 ingene urwo rubanza RC 1661 rwacitse agaca arwungururiza muri ino sentare itariki 20/09/2011 ;

Yihweje ko rwaciye rwandikwa ku rutonde rw'imanza zahungururijwe, rugahabwa inomeru RCA 118/2011 ;

Yihweje ihamagarwa ry'urwo rubanza mu ntahe z'icese zo ku wa 11/06/2012, 11/9/2012 ; 03/12/2012, 04/03/2013 na cane cane iyo ku wa 04/07/2013 aho ababuranyi bose bari barengutse, uwunguruje yaserukiwe n'umushingwamanza wiwe, abandi nabo bari kumwe n'umushingwamanza wa bo, bompi bakaba bashimye ko rwocika hisunzwe inzandiko zabo baburanyi, ikaba yaciye irushira mu mwiherero kugira hacike urukurikira :

Kubera ko K.E yamenyeshejwe ku wa 31/08/2011 ingene urwo rubanza rwacitse agaca arwungururiza muri ino sentare itariki 20/09/2011 ;

Kubera ko biboneka ko yarwunguruje mu kiringo gitegekanijwe n'ingingo ya 197 ya CPC (iminsi 30);

Ko rero iryo yunguruza rikwiye kwakirwa;

Kubera ko imvo ya mbere uwunguruje atanga mu nzandiko ziwe zo ku wa 19/09/2011 ngw'aruko umucamanza wa mbere yahengamye gushika naho yiyibagiza ivyemezo vyatanzwe vyerekana ko parcelle atari iyabo ahubwo ari ubusuma bweruye ;

Kubera ko abandanya ngo ingingo ya 31 y'igitabo c'amategeko agenga iburanishwa n'ikurikizwa ry'imanza z'amatazi ivuga ko umuburanyi wese ariwe yerwa n'ugutanga ivyemezo bigaragaza ivyo asaba, yisunga amabwirizwa ; ko we atanze ikete n°770/938 ryo ku wa 15/06/2011 ry'ubushikiran-ganji bw'amazi, ibidukikije, hamwe no gutunganya ibisagara ryerekana neza mwene itongo ariko ngo sentare yariciye iruhande nkana, ngw'igitangaje ngo sentare ntiyigeze isaba NSH.A n'uwo baguze nkuko iyo ngingo ibivuga, kwerekana ibiranga inkomoko y'iryo tongo, ngo sinzi rero ico sentare yahagazeko kugira ivuge ko iryo tongo ari iryabo, ngw'ikaba yarenze ingingo ya 34, 136, 137 CPC ;

Kubera ko imvo ya kabiri uwungurujye ashikiriza ngw'aruko umucamanza agaruka mu masezerano y'ubuguzi yabaye itariki 24/8/2009 kandi ibona neza ko uwo baguze yagurishije ibitari rwiwe, bisubiye ngo naho bitabaye ivyo ngo yari yashikirije sentare ko ayo masezerano y'izo tariki (24/08/2009) ata nguvu yaragifise kuko uwo baguze we nyene ubwiwe yari yayihanaguriye havuka mashasha y'itariki 03/12/2009 yabereye imbere y'umushikirizamanza NK.C;

Kubera ko mur'iyi mvo uwungurujye avuga ngw'agira yerekane uburyarya bw'uwo baguze ingene buteye ubwoba ;

Kubera avuga ko uwo baguze yatanguye amugurishako itongo riri mu kibenga rural ku mafaranga imiliyoni indwi (7.000.000 FBU) itariki 25/04/2009, ngw'itariki 03/07/2009 amwongera ibihumbi amajana atanu (500.000 FBU) amuha avance y'umuliyoni umwe (1.000.000 FBU) umwongera uwundi muliyoni n'ibihumbi amajana ane (1.400.000 FBU) yose hamwe n'imiliyoni zibiri n'ibihumbi amajana icenda (2.900.000 FBU) ngw'agiye kuraba asanga hari uwundi yamaze kuhasuka amabuye, ngo niho yamubarira ko yomusubiza nawe ngw'azomuha ahandi ;

Kubera ko abandanya ngo bukeye kabiri yamweretse ahandi mu G amwongera imiliyoni zitanu (5.000.000 FBU) aca atangura kwubaka, Directeur des cadastres we nyene ubwiwe niwe yamuhagaritse ngo aho hantu ntihubakwa, ngo niho yashikira uwo baguze amubarira ngo amusubize nawe ngo aranka amwemerera ahandi ariho bagura aho hari amatati uno munsi ;

Kubera ko uwungurujye yemeza neza ko azi ko uwo baguze yarazi neza ko aho hantu yamugurishijeko atari itongo ryiwe, ngw'ivyo bikabonekera mu nyifato zimwe zimwe yagiye arerekana ngo na cane ko ingingo ya 225 CCLIII ivuga ko ibifatwa nk'ukuri, ni inkurikizi ibwirizwa canke umucamanza akura kukintu kizwi akazishira ku kintu kitazwi ;

Kubera asubira ng'uwo baguze rero yaramuhaye imiliyoni mirongo ibiri (20.000.000 FBU) aranka, icabona n'abagenzi biwe aribo E. na F. nabo nyene baramuhanuye aranka ngo mbere n'uwundi mugenzi wiwe yitwa M. aramuhamura ararahira;

Kubera ko yibutsa sentare ko yari amaze kumuha imiliyoni zitanu (5.000.000 FBU) zisanga zimwe zibiri n'ibihumbi amajana icenda (2.900.000 FBU) za KIBENGA Rural kuko bari basezeranye ko azoharurimwo, ngo amaze kuyanka yaciye asimbira muri parquet aramwitwarira nkuko bigaragazwa n'ikete ryo ku wa 10/11/2009 asaba ko bamuhagarika kubaka, ngo niho yabwira umushikirizamanza ko yamuhaye amahera aranka ngw'ariko n'ubu hamwe yoba yumva yoyatora ngw'arafise imiliyoni cumi na zitanu (15.000.000 FBU) naho nyene aranka kuyakira ;

Kubera uwungurujye amenyesha ko haciye haza urukurukuru ruvuga ko amatongo ya Gasekebuye Rural arimwo ingorane ngo abahari bose ngo bazogira ingorane na Leta, ngo niho yaja kubaza muri urbanisme umukozi waho amubarira ko nibagira Imana bazobarihisha canke babasambuze ngo mu-

gabo ngo ntibarafata ingingo ngo biracigwa;

Kubera ko abandanya ngo haciye indwi bavuye muri parquet umushikirizamanza yaciye amuterefo-na amubwira ko uwo baguze ari mu biro iwe ko yomushira amafaranga yari yemeye aca amubwira ko afise imiliyoni zine (4.000.000 FBU) gusa nawe akayemera akayakira, ngw'aba asambuye artyo amasezerano ya mbere ;

Kubera ko avuga ng'uwo baguze yamwitwariye ngw'ahagarike kubaka atari azi neza ko amasezerano y'ubuguzi aboshe :

Umugore wiwe NSH.A yarasinye ko yoshobora kuyasambuza (ingingo ya 126 CPF);

Ko harimwo clause pénale;

Kubera yemeza neza ko uwo baguze ivyo vyose yabirengako gushika naho avumbukana imiliyoni zine (4.000.000 FBU) yanse mirongo ibiri (20.000.000 FBU bigaragara rero ko urwo rukurukuru rwamuteye ubwoba ahitamwo kwakira n'utwo dukeya kuko yarazi neza kw'itongo atari rwiwe;

Kubera ko uwungurujye arangiza asaba iyi sentare ko yomwakirira iyunguruzwa ry'urubanza ikavuga ko rishemeye, ko i parcelle atari iy'umuryango w'uwo baguze yomusubiza amafaranga imiliyoni cumi n'imwe n'ibihumbi amajana icenda (11.900.000 FBU) agerekako inyungu ya 23% kuko iyo ngw'ayashira muri banque ariyo nyungu yari kuronka, ishire amagarama kuri abo bungururijwe;

Kubera ko uwagurishije yiregura mu nzandiko ziwe zo ku wa 27/10/2011 ngw'aremeza ko amasezerano yo kugurisha yabaye hagati ya we n'uwungurujye, umupfasoni wiwe atagishijwe inama ngw'ari-ko ayo masezerano y'ubuguzi ntiyari bwabe bwegu ; ngw'wwo bari bagiriraniye amasezerano bari bumvikanye ko ategerezwa kuriha ikiguzi cose imbere y'italiki 25/10/2009 kandi ko iyo tariki irenganye azoca amusubiza amafaranga amaze kumuha, gurtyo bakaba bahagaritse amasezerano bagiriraniye (C1) ;

Kubera ko amenyesha ko muri ayo masezerano y'intangamarara bari basezeranyeko amaze gutanga ikiguzi cose nawe akamushikiriza itongo baguze baciye kwa notaire eka mbere yazanye n'umupfasoni wiwe ; ngo yamara ivyo ntivyabaye yaherutse kumuha amafaranga imiliyoni icenda (9.000.000 FBU) kukiguzi c'amahera 30.000.000 FBU ;

Kubera abandanya ng'umupfasoni wiwe amaze kumenya ko uwungurujye yubahutse kwubaka kuri iyo parcelle atagishijwe inama eka mbere akanamenya nyeneyo yaramwandikiye ikete amusaba ko atoguma yubaka mw'itongo ry'umuryango ngo yamara yarabirenzeko aguma yubaka ;

Kubera ko yemezako inyuma y'amezi abiri ikiringo ntabanduka cumvikanywe kirenze, kugira ntamu-samburire umuryango kubera uguhonyanga amasezerano, yaramwandikiye ikete amumenyesha ko amasezerano bari bafitaniye ayahagaritse burundu kubera nawene atayubahirije, ngw'ivyo navyo bikaba bitegekanijwe n'ingingo ya 33 ya CCLIII, ivuga neza ko amasezerano abaye hisunzwe amategeko afatwa nk'itegeko ; ko aravye adategerezwa gutanga ico yagurishije mu gihe ikiguzi kitarishwe, ngo bikibonekeza ko itarike y'kuriha yarenganye uwaguze atarariha, bica bituma amasezerano y'ubuguzi ahagarara ;

Kubera ko yishura ku mvo ya mbere ngo uwungurujye agomba gusamaza sentare avuga ko itongo ari irya Leta yamara ntahakana ko yahubatswe kubera amasezerano y'ubuguzi yo ku wa 24/08/2009 ; ngo

noneho ikiburanwa muri runo rubanza n'ihanagurwa ryayo masezerano kuko ata Leta yamwitwariye imwagiriza ko yayitwaye ahantu hayo ; ngo niyamwitwarira azoyitaba kuko ngo ivyemezo arabifise, ngo n'ingingo ya 31 CPC avuga ntaco imufasha kuko ivyemezo bijanye n'ayo masezerano vyatanzwe ngo kandi sentare nivyo yakoreyeke ;

Kubera ko mu mvo ya kabiri amenyesha ko uwungurujye agenda yihinyuza ; ngo aremeza ku rupa-puro rwa kabiri ko itongo atari iry'uwagurishije mu nyuma akavuga ko yamuhaye imiliyoni zibiri akayanka ngo mbega ngo yoheza kumenya ko atahaganza akamuzanira amahera angana uko.

Kubera ko avuga ngo kuvyerekeye imiriyoni zine, ngo nizo ziza zikwiza imiriyoni icenda ngo yamwandikiye amusaba ko yoza kuyatora akayamusubiza kuko atubahirije amasezerano ;

Kubera abandanya ngw'amasezerano mashasha avugwa bagiriraniye nayo ngo ntabaho ; ngw'aho naho yitwaza ng'umucamanza wa mbere yoba atasiguye ngo ntiyigera yerekana aho atasiguye ngo narirya amategeko yose yanditse muri motivation ;

Kubera arangiza asaba iyi sentare ko yokomeza urubanza RC 16661 ngo kuko rutunganiriza bose;

Kubera ko umushingwamanza w'uwugira kabiri yungururijwe ariwe mutambukanyi w'uwagurishije yiregura mu nzandiko zo ku wa 31/10/2011 ;

Kubera ko avuga ko uwo baburana asa naho yungururije uwagurishije gusa aravye imburano zo kunguruza kuvyerekeye amahera boba barahanye yamara ntatange ico yoba anegura urubanza rwa mbere ruhanagura amasezerano, ko naho amahera yobaye yaratanzwe yose ubwo buguzi bwari guhanagurwa narirya bwari bwahonyanze amategeko ;

Kubera abandanya ngo kuvyerekeye ido n'ido uru rubanza umunywanyi wiwe yarushingishije amenye ko umugabo wiwe yubahutse akagurisha i parcelle baronderanye hamwe atamugishije inama; ngo vyerekanwa n'amasezerano mfatakibanza yabaye hagati y'uwagurishije n'uwaguzi;

Kubera amenyesha ko ingingo ya 126 CPF ivuga ko ubuguzi bene ubwo buba buteye kubiri n'amategeko ; ko rero buca buhanagurwa maze ibintu bigasubira uko vyahora ;

Kubera ko kuri uwo mushingwamanza ingingo za 34, 31, 136 na 137 CPC uwungurujye ahagararako zitahonyanzwe namba na sentare ya mbere narirya urwaciwe rwasiguye neza hisunzwe amategeko; ko na nyene kunguruza atigeze yerekana ukuntu izo ngingo zoba zarahonyanzwe;

Kubera ko arangiza ivyireguro vyawe asaba ibi bikurikira:

Kwakira iyunguruzwa ry'urubanza hamwe ryoba ryagizwe mu ndagano yamara sentare ikavuga ko ridashemeye;

Gukomeza urubanza RC 16661 rwaciwe na sentare nkuru y'igihugu muri Bujumbura Mairie;

Kubera ko ku wa 10/07/2013 uwungurujye yanditse note en délibéré asaba hamwe ko urubanza rwosubizwa mu ntahe y'icese ahandi naho agasaba ko rwocika, akemera amasezerano y'ubuguzi, agasaba ahubwo ikiringo c'ukuriha amahera asigaye ;

Kubera ko iyi sentare ibona ko ikwiye guca runo rubanza kugira ikiranure ababuranyi yisunze amategeko;

Kubera ko imvo ya mbere uwungurujwe atanga ngw'aruko umucamanza wa mbere yarenze ingingo za 31, 34, 136 na 137 ya CPC ;

Kubera ko avuga ko kuvyerekeye ingingo ya 31 ya CPC ngo umuburanyi wiwe ntiyatanze ivyemeza vy'uko itongo ari rwiwe atari irya Leta ;

Kubera ko uwungururijwe (uwagurishije) yishura ngw'iyo ngingo ntaco ifasha uwungurujwe ngo kuko ivyemezo bijanye n'ayo masezerano vyatanzwe kandi ngo sentare nivyo yakoreyeke; ko noneho ata Leta yamwitwariye ngo yayitwaye ahantu hayo;

Kubera ko ibona ko habayeho amasezerano y'ubuguzi hagati y'uwungurujwe n'uwagurishije, umugore w'uwagurishije akaba atari muri ayo masezerano, ubwo buguzi buca bufutwa hisunzwe ingingo ya 126 ya CPF ;

Kubera kandi ko Leta itigeze yitwarira uwagurishije, uwo rero ntagituma yotanga ivyemeza ko itongo ritari rwiwe canke ari rwiwe kuko ata rubanza rwerekeye itongo (parcelle) ruhari ;

Ko rero ata ngingo ya 31 ya CPF yarenzwe;

Kubera ko kuvyerekeye ingingo za 31, 34 136 na 137 ya CPC, abungururijwe bavuga ko uwungurujwe aterekana ingene zarenzwe;

Kubera ko iyi sentare nayo nyene ibona ko uwungurujwe avuga kw'ingingo za 34, 136 na 137 za CPC zarenzwe akaba aterekana aho zarenzwe ; noneho amasezerano y'ubuguzi yabaye umugore w'uwagurishije atabizi, atavyemeye, ingingo ya 126 ya CPF itegeka ko ubwo buguzi buca bufutwa bitari na nkenerwa rero ko izo ngingo za 31, 34, 136 na 137 za CPC zihwezwa ;

Ko rero imvo ya mbere idafashe;

Kubera ko imvo ya kabiri uwungurujwe ashikiriza ngw'aruko umucmaananza agaruka mu masezerano y'ubuguzi yabaye itariki, 24/8/2009 kandi ibona neza ko uwo baguze yagurishije ibitari rwiwe, bisubiyeye ngo naho bitobaye ivyo, ngo yari yarashikirije sentare ko ayo masezerano y'izo taliki (24/8/2009) ata nguvu yari agifise kuko uwo baguze wenyene ubwiwe yari yayihanaguriye havuka mashasha y'itariki 03/12/2009 yabereye imbere y'umushikirizamanza NK.C;

Kubera ko uwungurujwe yemeza murino mvo ngo yari amaze kuriha uwugurishije 11.900.000 FBU; muri ayo hakaba harimwo 2.900.000 FBU yamuhaye kuri parcelle yo KIBENGA Rural;

Kubera ko uwungururijwe (uwagurishije) yemera avance ya 5 millions na 4 millions yamuhaye munyuma, zose zigacika icenda;

Kubera ko iyi sentare isanga urubanza rwerekeye parcelle yo muri Gasekebuye ruterekeye iyo mu KIBENGA Rural narirya uwungurujwe atigeze yerekana ko uwo baguze yemeye ko boharuriramwo vyose;

Ko rero biboneka ko uwungurujwe yari amaze kuriha uwo baguze 9 millions gusa ko rero n'iyo mvo ya kabiri idafashe;

Kubera ko ayo masezerano ategerezwa gufutwa, uwagurishije nawe agasubiza uwungurujwe 9 millions yari amaze kuriha;

KUBERA IZO MVO ZOSE:

Sentare Nkuru Isubiramwo imanza ya Bujumbura, ica imanza imbona nkubone yisunze inzandiko z'abaturanyi;

- Yihweje ibwirizwa n°1/010 rwo ku wa 18/03/2005 ryerekeye ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ;
- Yihweje ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa 17/03/2005 ryerekeye iringanizwa ry'amasentare n'ububasha bwayo ;
- Yihweje ibwirizwa n°1/010 ryo ku wa 13/05/2004 ryerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa zikongera zigakurikizwa
- Yihweje itegeko bwirizwa n°1/024 ryo ku wa 28/4/1993 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga ingo n'abantu ;
- Yihweje igitabu ca gatatu cerekeye imanza z'amatati (CCLIII) ;
- Ibanje gukura urubanza mumwihereho w'abacamanza nk'uko amategeko abivuga;

ISHINZE KO

1. Yakiriye iyunguruzwa ry'urubanza RC 16661 nkuko ryagizwe na K.E, ariko isanze ridashemeye ;
2. Irakomeje urubanza RC 16661 rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu mu Gisagara ca Bujumbura mu ngingo zarwo zose ;
3. Amagarama y'urubanza atangwa n'uwunguruje.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe i Bujumbura mu ntahe y'icese yo ku wa 02/08/2013, hashashe B.A, umukuru w'intahe, K.L na NK.R, abacamanza, bafashijwe n'umushikirizamanza Mukuru NT.R n'umwanditsi N.H.

UMUKURU W'INTAHE :

B.A

ABACAMANZA :

NK.R

K.L

UMWANDITSI :

N.H

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCA 118/2011 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE BUJUMBURA LE 2/8/2013.**RCA 118/2011 : K. E. c/ NSH. A. et B. D.****Mots clés :** Consentement préalable du conjoint - Contrat - Epoux - Communauté de biens - Validité du contrat - Nullité du contrat - Article 126 du Code des personnes et de la famille.**I. INTRODUCTION**

Le mariage crée entre les époux une communauté de vie impliquant le devoir de cohabitation, de fidélité, de secours et d'assistance tel que cela ressort des art 121 et 122 du Code des personnes et de la famille.

1°. Des faits

L'époux NSH.A a conclu un contrat de vente qui portait sur une parcelle familiale. Quand l'acheteur commençait à y ériger une construction, l'épouse du vendeur s'est opposée avec motif qu'elle n'a pas donné à son mari son consentement à la vente. La procédure judiciaire venait de commencer.

2°. De la procédure

L'épouse du vendeur a alors assigné l'acheteur et son mari devant le Tribunal de grande instance de la Mairie de Bujumbura sous le RC 16661. Le Tribunal dans son jugement RC 16661 du 28/7/2011 a annulé le contrat de vente. L'acheteur a interjeté appel contre le jugement RC 1661 devant la Cour d'appel de Bujumbura.

L'appelant dans ses prétentions avance que la parcelle n'était pas du patrimoine familial ; que c'était une propriété de l'Etat que par conséquent l'accord préalable de l'épouse n'était pas requis.

L'époux vendeur quant à lui soutient que l'acheteur n'aurait pas donné de l'argent à quelqu'un qu'il sait bien ne pas être propriétaire de la chose vendue, que non plus l'Etat ne s'est jamais plaint contre lui ou que sa propriété a été spoliée. Que c'est plutôt l'appelant qui n'a pas respecté les termes du contrat en ce qui concerne le délai de paiement ; que si jamais il avait respecté les clauses du contrat qu'ils auraient accompli toutes les formalités de vente devant le notaire et que son épouse aurait été présente.

L'autre intimée soutient que son mari a vendu la parcelle familiale à son insu et demande à la Cour de confirmer le jugement RC16661 du Tribunal de grande instance de la Mairie de Bujumbura.

3°. De la question juridique posée

Est-ce qu'un époux a le droit de vendre une propriété familiale sans le consentement de l'autre époux ?

4°. De la réponse de la Cour

La Cour d'appel de Bujumbura a répondu par la négative dans son arrêt RCA 118/2011 rendu le 2/8/2013. Elle a confirmé le jugement RC 16661 du Tribunal de grande instance de la Mairie de Bujumbura qui a annulé le contrat de vente pour défaut de consentement.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt.

La Cour d'appel de la Mairie de Bujumbura dans son arrêt RCA 118/2011 à travers sa motivation indique que l'épouse n'a pas signé sur le contrat de vente et conclut que son consentement n'a pas été requis par son mari. Elle confirme le jugement RC 16661 du Tribunal de grande instance rendu le 28/7/2011 qui avait annulé le contrat de vente. La Cour a mis en application l'article 126 du décret –loi n°1/024 du 28/4/1993 portant réforme du Code des personnes et de la famille qui dispose que : « *Aucun époux ne peut sans le consentement de l'autre :*

1° aliéner ou grever de droits réels les immeubles ou les exploitations dépendant de la communauté conjugale ni disposer desdits droits ou biens à titre gratuit même pour l'établissement des enfants communs (.....) ».

La Cour d'appel de la Mairie de Bujumbura ne pouvait donc que confirmer la nullité du contrat dans l'arrêt RCA 118/2011 du 2/8/2013.

Les choses n'ont pas été toujours facile come on pourrait le croire. Avec le décret – loi n° 1/1 du 15 janvier 1980 portant Code des personnes et de la famille, le mari était considéré comme chef absolu de la communauté conjugale et pouvait passer tout acte sans le consentement de son épouse. Cette législation avait rencontré la tradition burundaise qui reconnaît l'homme comme seul chef du ménage. Elle a malheureusement permis à certains maris irresponsables de dilapider les biens de la famille au regard impuissant de leur épouse.

Pour corriger cette situation un décret- loi a été adopté. C'est le décret - loi n° 1/9 du 22 juin 1981 relatif à la gestion des biens de la communauté conjugale. Précisons que ce décret -loi compte un article unique. Sa principale innovation c'est le consentement de l'autre époux et la détermination des biens de la communauté conjugale.

L'article unique dispose que : « Il est ajouté au décret-loi n° 1/1 du 15 janvier 1980 portant Code des personnes et de la famille un article 126 bis ainsi libellé : « *Aucun époux ne peut sans le consentement de l'autre :*

1° aliéner ou grever de droits réels les immeubles ou les exploitations dépendant de la communauté conjugale ni disposer desdits droits ou biens à titre gratuit même pour l'établissement des enfants communs.

2° acquérir à titre onéreux un immeuble ou une exploitation ou un droit réel portant sur ces biens. Sont réputés dépendant de la communauté conjugale, sauf preuve contraire résultant d'une disposition légale, conventionnelle ou coutumière :

- le fonds de terre acquis par dévolution successorale ;

- la maison servant de logement à la famille ;

- l'exploitation agricole faisant l'objet ou étant le fruit du travail commun des époux. Les actes de disposition cités à l'alinéa premier ne pourront être conclus en ce qui concerne le fonds de terre qu'après partage entre héritiers ».

Cet article 126 bis intégré dans le Code des droits des personnes et de la famille du 15 janvier 1980 a connu aussi une évolution avec la loi n° 1/024 du 28/4/1993 portant réforme du Code des personnes et de la famille. Il est devenu l'article 126 avec un champ élargi des biens faisant objet de la communauté conjugale. Le point 2° a été modifié ainsi qu'il suit : « acquérir à titre onéreux *la propriété ou tout autre droit réel portant sur les immeubles ou les exploitations dépendant de la communauté conjugale* ». Le deuxième tiret du troisième alinéa a ajouté maison servant de moye de logement pour la famille et il est devenu : « - la maison servant de logement ou de moyen de logement à la famille ».

Depuis le décret - loi n°1/9 du 22 juin 1981 relatif à la gestion des biens de la communauté conjugale le consentement de l'autre époux est toujours requis pour qu'il y ait validité du contrat.

2°. De la valeur de la décision

La juridiction d'appel dans sa motivation a fait remarquer que l'épouse du vendeur n'a pas donné son consentement parce qu'elle n'a pas signé sur le contrat.

Ce raisonnement peut soulever une critique. Ne pas signer sur un contrat de vente ne signifie pas nécessairement qu'on n'a pas donné son consentement à l'acte de vente. Si l'époux qui se réclame être victime des manœuvres de son mari qui aurait vendu un bien de la communauté conjugale à son insu aurait par exemple voyagé en classe affaire pour des vacances en Europe ou se serait acheté une belle voiture avec de l'argent du prix de vente, le fait de n'avoir pas signé sur le contrat l'exonérerait-il de son consentement à l'acte de vente? Sur ce point, le juge devrait être plus vigilant dans son instruction pour éviter l'usage abusif de l'article 126 du Code des personnes et de la famille par des couples plus rusés.

En tout état de cause le consentement ouvre la voie à l'égalité des droits entre l'homme et la femme sur les biens de la communauté conjugale.

La juridiction d'appel en appliquant l'article 126 du Code des personnes et de la famille a reconnu l'égalité entre les deux époux. « *Aucun époux ne peut sans le consentement de l'autre (... ..)* ». Cela est conforme à la Convention internationale sur l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard des femmes ratifiée par le Burundi et intégrée dans la Constitution. L'article 19 de la constitution dispose que : « *Les droits et devoirs proclamés et garantis par les textes internationaux relatifs aux droits de l'homme régulièrement ratifiés font partie intégrante de la Constitution* ».

Cette Convention prévoit en son article 2,c) d' « *instaurer une protection juridictionnelle des droits des femmes sur un pied d'égalité avec les hommes et garantir, par le truchement des tribunaux nationaux compétents et d'autres institutions publiques, la protection effective des femmes contre tout acte discriminatoire* ».

3°. De la portée de l'arrêt

L'arrêt RCA 118/2011 du 2/8/2013 de la Cour d'appel de la Mairie de Bujumbura, dans son raisonnement de l'application de l'article 126 du Code des personnes et de la famille ressort la prise en compte des intérêts de l'enfant et du ménage. L'article 126 indique les biens sur lesquels aucun époux ne peut aliéner sans le consentement de l'autre. Ces biens constituent fondamentalement la base du bien-être des enfants et du ménage. On pourrait citer notamment la maison servant de logement ou de moye de logement à la famille ; les exploitations agricoles et les fonds de terre qui ne pourront faire objet

d'aliénation qu'après partage entre héritiers. Le législateur a pris des balises dans l'intérêt des enfants et du ménage contre l'un ou l'autre époux qui serait amené à vendre en cachette les biens cités à l'article 126 du Code des personnes et de la famille. La règle de droit y relative est que : « *aucun époux ne peut vendre sans le consentement de l'autre* ».

L'arrêt RCA 118/2011 rendu par la Cour d'appel de la Mairie de Bujumbura le 2/8/2013 dont commentaire est donc un bon arrêt fondé sur le respect de la législation en matière des droits des personnes et de la famille. C'est un arrêt de principe.

RCA 955**SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA NGOZI ISHASHE I NGOZI MU MANZA Z'AMATATI ZUNGURURUJWE YACIYE URUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICесе YO KUWA 13/8/2019****Haburana:**

- **ABUNGURUJE** : N.P aba ku mutumba wa MUREMERA, Komine NGOZI, Intara ya NGOZI yunganirwa na Maitre ND.J.
- **ABUNGURURIJWE** :
 1. B.V aba ku mutumba GATWARO, Komine KIREMBA, Intara ya NGOZI yunganirwa na Maitre S.A.
 2. N.E aba muri Quartier SHIKIRO, Komine NGOZI, Intara ya NGOZI.

-ICUNGURURIJWE : Urubanza RC 1351.

Kuwa 03/5/2019, Sentare Nkuru y'Igihugu ya NGOZI yaraciye urubanza RC 1351 aho B.V yari yitwariye N.P na N.E ruvuga ruti :

- 1) Imburano za B.V zishemeye ;
- 2) Irafuse ubuguzi bwabaye hagati ya N.E na N.P butakurikije amategeko ;
- 3) Igarama ritangwa na N.P na N.E ».

N.P yamenyeshejwe urwo rubanza kuwa 06/3/2019 aca arwunguruza kuwa 27/3/2019, umwanditsi w'imanza yaciye arushira ku rutonde rw'imanza z'amatati zungururujwe ku Numero RCA 955.

Kuwa 15/4/2019 niho abungururijwe baronswa umutahe ubamenyesha ko urubanza rwungurujwe ukabarengutsa mu ntahe y'icese kuwa 30/4/2019. Kuri iyo sango, ababuranyi barengutse bose ariko urubanza ruhabwa iyindi sango mu kurindira umushingwamanza w'uwungurujwe hamwe n'ivyabona vyawe.

Rwasubiye guhamagarwa mu ntahe y'icese kuwa 18/6/2019 harenguka umushingwamanza w'uwungurujwe hamwe n'abungururijwe.

Rwahamagawe kuwa 27/7/2019 ababuranyi barenguka bose bari kumwe n'abashingwamanza babo, barashikiriza imburano, ivyabona vy'uwungurujwe n'icumwe mu bungururijwe, B.V, birumvirizwa, N.E aravuga ko ivyabona bidakenewe.

Uwungurujwe avuga ngo icatumye yunguruza urubanza ngo ni uko rumuhotora ngo kandi runyuranye n'amategeko akoreshwa mu Burundi cane cane ingingo ya 196 y'igitabu c'amategeko agenga imanza z'amatati.

Asigura ngo itongo riburanwa yariguze mu 2001 arirangiwe na B.V, ngo kuva ico gihe yagumye aha-korera, ngo mu 2018 niho B.V yaja kwitwara avuga ngo ubwo buguzi ntabuzi.

Abandanya avuga ngo N.E na B.V bahagurishije bagomba kuriha ideni bari bafise muri Interbank.

Arongerera akavuga ngo ingingo ya 126 y'igitabu c'amategeko agenga abantu n'imiryango ivuga umwumvikano ngo ntivuga igikumu.

Asaba gukomorerwa itongo ngo yariguze biciye mu mategeko.

B.V nawe avuga ngo urugo rukuru ruri i KIREMBA, ngo mu magume bahungiyeye i NGOZI ngo baca bagura iryo tongo riburanwa;

Ngo munyuma yarabanye nabi n'umugabo wiwe ariwe N.E, ngo aca asubira ku gatumba i KIREMBA agenda atwaye abana mu 1999;

Ngo yarabaza umugabo wiwe ivyerekeye iryo tongo akamubarira ko yarikotesheje, ngo amaze ku menya ko ryagurishijwe niho yaca yitura ubutungane;

Avuga ngo icemeza ko atazi ubwo buguzi ngo ni uko atasinye ku masezerano;

Asaba ko ubuguzi bufutwa, ngo uwungurujye amenyane n'uwo baguze;

N.E nawe avuga ngo yarashimye urubanza, ngo itongo niwe yarigurishije;

Avuga ngo yarigurishije batavyumvikanye n'umugore wiwe, ngo ntiyigeze abimumenyesha, ngo yagurishije mu manyanga;

Aravuga ngo muri 2001 yari afise ideni ngo ariko amahera yagurishije itongo yaciye ayirira, yari yahomye, mbere n'inzu yiwe Intarbank yaciye iyifata;

Asaba gusubiza uwungurujye amafaranga umuliyoni umwe n'ibihumbi amajana atanu yari yamuhaye;

KUBW'IVYO:

Kubera ko uwungurujye avuga ngo yungurujye urubanza ngo kuko rumuhotora ngo kandi runyuranye n'amategeko akoreshwa mu Burundi cane cane ingingo ya 196 y'igitabu c'amategeko agenga ibisezeranwa;

Kubera ko asigura ngo yaguriye itongo N.E mu mwaka wa 2001 abanje kugurisha amatongo yiwe y'i Busiga ngo kuko ariyo aturuka;

Kubera ko abandanya avuga ngo yari yarirangiye na muka N.E yitwa B.V, ngo ubwa mbere B.V yari yabivuganye n'umugore w'uwungurujye ko bafise itongo ashaka ko babagurira, ngo baca bajana kuriraba ;

Kubera ko avuga ngo ico gihe barimubungako bariko arishuzwa na Banque kw'ideni bari batoye, ngo umugore wa N.E yavuga ko bagira babatware inzu babamwo y'umuryango;

Kubera abandanya avuga ngo iryo tongo yariguze ririmwo ibitoke vyinshi, ngo nta kintu na kimwe bene kurigurisha basubiye kurikoreramwo canke ngo bahace n'igitoke, ngo rero ubu haheze imyaka cumi n'umunani uwo mugore ntiyovuga ko atazi ubwo buguzi, ngo kandi be n'umugabo wiwe batigeze bahukana;

Kubera ko avuga kandi ngo biragaragara ko uwo mugore yagiye inama n'uwo mugabo wiwe kugira ngo bamunyage itongo yabaguriye;

Kubera ko aheraheza asaba Sentare ko yomezwa amasezerano y'ubuguzi yabaye kuwa 04/9/2001 ngo kuko N.E yagurishije yumvikanye n'umugore wiwe nk'uko ingingo ya 126 y'igitabu c'amategeko agenga abantu n'imiryango ibitegekanya;

Kubera ko B.V nawe yiregura avuga ngo urugo rukuru rwa be na N.E ruri i KIREMBA, ngo mu magume bahungiyeye i NGOZI ngo baca bagura iryo tongo riburanwa;

Kubera ko avuga ngo yahavuye abana nabi n'umugabo wiwe, ngo mu 1999 we n'abana baciye basubira ku gatumba i KIREMBA;

Kubera ko abandanya avuga ngo mu munyuma yarabajije umugabo ibijanyeho n'iryo tongo ngo amubarira ko yahakotesheje ngo ariko muri 2018 yahavuye amenya ko yahagurishijwe aca yitura ubutungane ;

Kubera ko avuga kandi ngo icemeza ko hagurishijwe atabizi ngo ni uko atasinye ku mpapuro z'ubuguzi;

Kubera ko asaba ko ubuguzi bufutwa, uwaguzwe akamenyana n'uwo baguze;

Kubera ko N.E nawe avuga ngo yarashimye urubanza rwa Sentare Nkuru y'Igihugu ya NGOZI;

Kubera ko avuga ngo yagurishije itongo batavyumvikanye n'umugore wiwe, ko yagurishije mu manyanga;

Kubera ko avuga ngo muri 2001 yari afise ideni muri Interbank, ngo ariko amahera yagurishije iryo tongo ntiyariyashyirakaye Banque, ngo yaciye ayirira, ngo yari yahombye, ngo mbere n'inzu yiwe Interbank yaciye iyifata ;

Kubera ko asaba gusubiza uwungururwe amafaranga umuriyoni umwe n'ibihumbi amajana atanu (1.500.000fbu) yari yamuhaye;

Kubera ko ingingo ya 31 y'Igitabu c'amategeko yerekeye imanza z'amatati zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa ivuga ngo « Umuburanyi wese niwe yegwa n'ugutanga ivyemezo bigaragaza ivyo asaba yisunga amabwirizwa »;

Kubera ko icabona NS.S avuga ngo yari umuzamu w'umurango w'iryo tongo riburanwa, ngo yarabonye umupfasoni w'uwungururwe ari kumwe na B.V bagendura iryo tongo riburanwa;

Kubera ko ikindi cabona NTS.M avuga ngo yahora ararira iryo tongo riburanwa ngo yahora abona B.V aza gusoroma muri iryo tongo, ngo ariko harageze igihe ataza gusoroma;

Kubera ko icabona B.A ca B.V avuga ngo mu 2018 uwo B.V yaraje kurima iryo tongo riburanwa ngo aca aramumenyesha ko hagurishijwe, ngo niho yaca atanguza urubanza ;

Kubera ko uwungururwe aca avuga ngo ivyo B.A avuga ni ibinyoma ngo na kare N.E niwe apangiye;

Kubera ko Sentare ifatiye ku vyavuzwe n'ivyabona isanga itongo ryagurishijwe B.V abizi;

Kubera ko Sentare isanga itongo ryagurishijwe mu 2001, B.V akaba yatanguye kwitwara mu 2018 haheze imyaka cumi n'umunani;

Kubera ko ingingo ya 196 y'Igitabu c'amategeko agenga imanza z'amatati ivuga ngo « Ukwo bigenda kwose, mu gihe amasezerano yo kuba impfagusa canke kugororwa, ata kiringo kindi kigufi cash-inzwe n'itegeko, urubanza rubisaba rushobora gushingwa mu myaka cumi uhereye aho amasezerano

yapfundikiwe.

Mu gihe amasezerano yabaye ku gikenye, ico kiringo gitangura guharurwa ari uko iterabwoba riheze, iyo habaye ukwihenda canke uburyarya, gitangura umusi bihinyutse ko vyabaye »;

Kubera ko rero Sentare isanga B.V yitwaye haheze imyaka cumi n’umunani azi ko itongo ryagurishijwe;

Kubera ko rero Sentare isanga ubuguzi bwabaye hagati ya N.E na N.P bukwiye gukomezwa hisunzwe iyo ngingo ya 196 yavuzwe;

Kubera ko B.V aba ahebujwe kuvyo asaba none aca atanga amagarama y’urubanza nk’uko ingingo ya 401 y’Igitabu c’amategeko yerekeye ingene imanza z’amatati zitohozwa, ziburanishwa n’ingene zicibwa;

KUBERA IZO MVO:

Sentare ica imanza imbonankubone,

- Yihweje ingingo za 31 na 401 zo mw’Ibwirizwa n⁰1/010 ryo kuwa 13 rusama 2004 ryerekeye igitabu c’amategeko agenga itohoza n’iburanishwa ry’imanza z’amatati ;
- Yihweje ingingo ya 196 y’Igitabu c’amategeko agenga imanza z’amatati ;
- Yihweje ingingo ya 126 y’Igitabu c’amategeko agenga abantu n’imiryango ;
- Ibanje gukura urubanza mu mwiherero nk’uko amategeko abivuga;

ISHINZE KO :

1. Yakiriye imburano za N.P kandi ivuze ko zishemeye;
2. Yemeje ubuguzi bw’itongo bwabaye hagati ya N.E na N.P ;
3. Igarama ritangwa na B.V na N.E.

Kuri iyo sango Sentare yasanza harengutse uwungururijwe wenyene abungurujwe basiba bese ata n'imvo bamenyesheje urubanza ntirwaburanishwa. Sentare yarasubiyeyo ku wa 07/5/2021 hanyuma kuri iyo sango harenguka M.G na N.A bonyene ariko N.M.L na M.G ntibarenguka kandi nti bamenyesha n'imvo y'ukutarenguka. Sentare yacyiye iburanisha mw'ido n'ido ica ishira urubanza mu mwiherero.

Mu nzandiko, N.M.L na M.G nta mburano z'ido n'ido batanze ariko bavuga ko banegura urubanza rwa Sentare nkuru y'igihugu ya MAKAMBA ngo kuko rwacitse hatisunzwe amategeko mu kubima ijamba ngo bagirizanye n'uwo baburana aho ngo Sentare yamuhaye ijamba wenyene.

Babandanya bavuga ko bazokwerekana imburano mu ntahe y'icese ariko mu ntahe z'icese zabereye kw'itongo uko zakurikiranye ntibigeze barenguka ngo bashikirize imburano zabo z'ido n'ido.

M.G nawe nyene mu rwandiko rw'ukwunguruzwa urubanza nta mburano z'ido n'ido ashikiriza avuga gusa ko atashimye uko urubanza rwacitse muri Sentare nkuru y'igihugu ya MAKAMBA, akamenyesha ko azozishikiriza mu ntahe y'icese.

Mu ntahe y'icese yabereye kw'itongo riri mu matati, M.G avuga ko S.S (ari nawe se wa N.A) yari asanzwe ari umubanyi wa MP (se wa M.G) ngo kandi akaba yaje kuba aho kuri uyo mutumba wa GATWENZI ashikira mw'itongo ryahozemwo uwitwa MH ngo akaba yahaje mu nyuma ya MP.

Abandanya avuga ko amatongo ya S.S na MP asanzwe afise imbibe ziyatandukanya kuva kera aho yerekana umukobeko ugira kabiri umuntu awuravye aherereye epfo mw'itongo rya MP ritari mu matati ukagenda ukitse gushika ahatumberanye n'igiti c'igatane kiri haruguru akavuga ko kuva aho igatane itumberanye n'umukobeko ari kwa MP.

Arongerera akerekana ibiti vy'ibitongati biri hepfo ya wa mukobeko wa kabiri akavuga ko vyari bigize urugo rwa MP mbere y'uko urwo rugo rwimukira hepfo aho ruri ubu. Ngo izo mbibe bene S.S bashaka kurengana ngo banyage itongo rya MP agasozera asaba ko Sentare yomukomorera itongo ry'umuryang wa MP hubahirijwe ako karimbi avuze aha hejuru.

Mu vyireguro vyawe ku nzandiko za N.M.L na M.G, N.A avuga ko N.M.L na M.G basanzwe baserukira umuryango wa R. bakomokamwo. Ngo amatongo ya R. na S.S akaba atandukanywa n'igikombekombe c'umuho aha hoze umuhora w'inka. Abandanya avuga ko urwo rubibe rwamye rwubahirizwa ndetse ngo n'igihe MP na R. bashingirwa akarimbi (n'ubu kakiriho) ngo urwo rubibe rusanzwe rutandukanya R. na S.S rwarubahirijwe ngo mbere n'igihe ishira hamwe ZOA riziye gupima amatongo rwarasubiye rurubahirizwa. Agasaba ko n'ubu Sentare yorwubahiriza.

Ku birego vya M.G, N.A yiregura yiregura avuga ko urubibe rutandukanya amatongo ya S.S na MP aho kuba umukobeko wa kabiri wavuzwe na M.G ngo ahubwo ni umukobeko wa mbere uri haruguru y'itongo rya MP ritari mu matati aho ngo akarimbi ari uwo mukobeko kagaca ku bito vy'ibitongati vyahozze bigize uruzitiro rw'ikigangara c'inka aho ngo MP yari yatijwe na S.S, kakabandanya ku giti c'umutarabanyi kagaca kaduga gushika ku bito vy'umusarasi n'umushindwi maze ngo kakabandanya kisunze ikimanga cakuwemwo amabuye y'ukwubakisha ari naci gitayemwo ibiti vy'imishirakure vya bene S.S.

Akomeza avuga ko ikimenyamenya ko itongo rigarukira kuri ako karimbi yerekanye ari iry'umuryango wa S.S, ngo ni uko uwo muryango wahadandajeko igice kw'ishengero Anglicane ngo bi-tayeko ni muri iryo tongo nyene mwene S.S yitwa ND.J.C yateye ibiti vy'imishirakure mu mwaka w'1990 aho hose ngo nti hagire inkomanzi ivuye ku muryango wa MP gushika aho amatati atan-guriye mu mwaka wa 2018 naho nyene ngo atangujwe n'abandi atari umuryango wa MP.

Arasubira akavuga ko ari muri iryo tongo himbwe mu myaka ya 1986 amabuye yagurishijwe n'umuryango wa S.S agakoreshwa mu kwubaka ishure rya Lycée MAKAMBA.

Arasubira akavuga ko ico giti c'igatane kivugwa na M.G kitigeze kiba akarimbi ngo ndetse muri iryo tongo harimwo ibiti vy'igatane vyinshi bisabagiye hirya no hino ngo ingene abifatirako bi-ratangaje mu gihe ngo bitanatonze nk'akarimbi.

Avuga ko atangazwa kandi n'ukuntu abavyeyi babo ari bo S.S na MP babanye igihe kinini ivyo vyose adondaguye bigakorwa n'umuryango wa S.S maze MP ntamubere intambamyi ariko umwe muri bene MP ndetse w'umuhererezi akaba ari we amuburanya mu gihe na bakuruwe batigeze bamutera kuri iryo tongo.

Asozera asaba ko urubanza rwa Sentare Nkuru y'igihugu ya MAKAMBA rwokomezwa mu ngin-go zarwo zose.

KUBW'IVYO :

- Kubera ko N.M.L na M.G bungurujwe urubanza ariko rugahamagarwa kw'itongo ku masango yose batarenguka hanyuma urubanza rukaburanishwa mw'ido n'ido batahari ngo bashikirize im-burano zabo ndetse bakaba batamenyesheje Sentare imvo ibatuma kutarenguka ;
- Kubera ko ingingo ya 154 akarongo ka mbere y'igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa ivuga ko iyo uwitwaye atarengutse ata mvo yumvikana atanze uwitwariwe ashobora gusaba ko urubanza rucika mpaga ;
- Kubera ko muri runo rubanza mu bungurujwe harengutse uwitwa M.G wenyene hamwe n'uwun-gururijwe hanyuma uwungururijwe agasaba ko urubanza rwotera imbere na rirya ryari ribaye isango rya gatatu Sentare ishika kw'itongo ikabuzwa gukora n'uko abungurujwe batarenguka ;
- Ko rero runo rubanza rwocika ku mpaga ya N.M.L na M.G ;
- Kubera ko N.M.L na M.G ari bo bene M.E na NY bakomoka kuri R. batigeze bashikiriza im-burano zabo z'ido n'ido bakandika gusa ko banegura urwaciwe na Sentare Nkuru y'igihugu ya MAKAMBA ngo nayo imburano zabo bazozishikiriza mu ntahe y'icese ariko bakaba baherutse kwunguruza ntibongere kurenguka ngo bashikirize imburano zabo mw'ido n'ido ;
- Kubera ko N.A yeretse Sentare ahari akarimbi gatandukanya amatongo ya R. na S.S aha akaba yerekanye igikombekombe c'umuvo ahahora umuhora w'inka gushika ahari akarimbi k'umu-nyare kashinzwe n'abashingantahe, aha akerekana ko R. atigeze akarenga ngo aduge haruguru yako ;
- Kubera ko n'amasura yiwe ari bo B.Y na G.R bemeza ako karimbi ;
- Kubera ko ingingo ya 31 y'igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati zitohozwa,

ziburanishwa n'ingene zicibwa ivuga ko ari ababuranyi ubwabo begwa n'ugutanga ivyemezo vy'ivyo basaba muri Sentare ;

- Kubera ko ibivugwa na N.A n'amasura yiwe ata kibihinyuza na riry a N.M.L na M.G batarengutse ngo bashikirize imbuzano zabo bongere batange n'ivyemezo bihinyuza ivyatanzwe na N.A ;
- Ko rero Sentare ibona ko akarimbi gatandukanya amatongo ya S.S na R. koguma aha hoze umuhora w'inka uko hasigaye igikombekombe gushika ahari akarimbi k'umunyare, maze umuryango wa R. uganze hepfo y'ako karimbi nawo uwa S.S uganze haruguru yako ;
- Kubera ko M.G aburana avuga ko umuryango wa S.S aserukiye na N.A urenga akarimbi kanye gatandukanya amatongo ya S.S na MP akamenyeshya ko ako karimbi kagizwe n'umukobeko ugiye kabiri umuntu awuravye ahagaze epfo kw'itongo rya MP kakagenda gakitse gushika aha tumbereye igiti c'igatane iri ruguru kagaca kadugana iyo gatane gushika ku nzira kagakata gaca muni y'amazu y'ishengero Anglicane ;
- Kubera ko N.A yiregura avuga ko akarimbi katigeze gaca aho herekanwa na M.G ngo ahubwo gaca ku mukobeko wa mbere umuntu awuravye ahagaze hamwe hepfo mw'itongo rya MP kakagenda gakitse ku biti vy'ibitongati kakabandanya ku giti c'umutarabanyi kagaca kaduga ku giti c'umusarasi n'ic'umushindwi kagaca kagenda gakitse ku kimanga cimbwemwo amabuye ;
- Kubera ko M.G aca asubizayo avuga ko nk'ivyo biti vy'ibitongati bitoshobora kuba akarimbi ngo kanatsinda nivy vyahozze ari ibiti vy'urugo rwa MP ;
- Kubera ko aha N.A nawe amuhinyuza avuga ko ivyo biti koko vyatewe na MP ngo ariko akaba yabiteye aho atijijwe na S.S kugira ahubakire ikigangara c'inka mu gihe aho yazubakiye ngo hari hatewe n'amazi y'urugera, akavuga ko ivy'ukuhatizwa ababanyi babizi ngo bovyemeza ;
- Kubera ko izo mbibe z'amatongo za S.S na MP amasura yaje kuzerekana ari abavukanyi NT.B asurira M.G na mushikiwe B.Y asurira N.A ;
- Kubera ko ayo masura ahinyuzanya maze NT.B akemeza ko urubibe ari wa mukobeko wa kabiri wavugwa na M.G hanyuma B.Y nawe akemeza ko akarimbi ari wa mukobeko wa mbere wavugwa na N.A ;
- Kubera ko ayo masura yongera akavuga kuri vya biti vy'ibitongati aho NT.B avuga ko yahabonye ikigangara c'inka za MP ngo ariko ntiyomenya ko yari yahatijwe na S.S mu gihe B.Y yemeza ko hari ikigangara c'inka za MP ariko we akavuga ko azi neza ko MP yahubatswe ico kigangara ahatijwe na S.S kugira ahungishe inka ziwe amazi y'urugera ;
- Kubera ko ayo masura asubira akavuga ahinyuzanya ku vyerekeye igiti c'igatane aho NT.B avuga ko ico giti ari akatimbi kaza gahura na wa mukobeko wa kabiri mu gihe B.Y we avuga ko iyo gatane itigeze iba akarimbi ahubwo yatewe muri iryo tongo na S.S kugira haboneke ibiziriko vyo kuzirika inka ;
- Kubera ko Sentare yumvirije ibivugwa n'ayo masura isanga ibivugwa na NT.B atari vyo na riry a avuga ko ahari ibitongati yahabonye ikigangara c'inka za MP ariko akaba atomenya ko yari yahatijwe n'uko hari iwe hanyuma akavuga ko umukobeko wa kabiri ari ko karimbi ngo kuko uza guhura n'akarimbi k'igatane mu gihe bigaragara ko ata hantu na hamwe iyo gatane ihurira

n'wwo mukobeko na riry a iyo gatane ari akagundu kamwe kari hamwe ako kagundu kakaba katoshobora kuba akarimbi, aha mbere na M.G akemeza ko iyo sura yiwe yajuragiritse ;

- Kubera ko ku rundi ruhande bigaragara ko isura B.Y avuga ivyo azi aho avuga ko azi ko ahateye ibitongati hari hatijwe MP ahatijwe na S.S kandi koko arabirusha uwo musazawe NT.B kuko n'ukumukurira aramukurira bitayeko na Sentare irabona ko ata huriro riri hagati y'umukobeko wa kabiri n'igiti c'igatane mu gihe umukobeko wa mbere uri ku murongo umwe n'ibiti vy'ibitongati, umutarabanyi kuduga ku musarasi n'umushindwi, mbere aha ivy'iyi sura bikaba bishimangirwa n'iyindi sura yitwa G.R aho yemeza ko urubibe rugizwa n'wwo mukobeko wa mbere ;
- Ko rero akarimbi gatandukanya amatongo ya MP na S.S kagizwe n'umukobeko wa mbere kagaca ku biti vy'ibitongati, umutarabanyi, umusarasi n'umushundwi ;
- Kubera ko ikibanza cakuwemwo amabuye y'ukwubakisha hari n'umushingantahe yitwa S.A yemeza ko yari mu bashingantahe bashingiye akarimbi imiryango ya R., MP na S.S kandi bese ngo bakaba barakengurutse umwe wese akagaba iwe ngo akaba adategera ingene ico kibanza casubiye kuzamwo amatati ;
- Kubera ko iryo tongo riri mu matati M.G yemera ko hariho igice caryo cadandajwe n'umuryango wa S.S kw'ishengero Anglicane ariko umuryango wa MP ukaba utabaye inkomanzi muri ubwo buguzi ;
- Kubera ko kandi muri urwo ruhande rutatirwa hagaragara ko ibiti vy'imishirakure biboneka ko ari ivya kera aho bivugwa na N.A ko vyatewe na musazawe ND.J.C mu mwaka wa 1990 kandi naho nyene hakaba ata nkomanzi yigeze iterwa n'umuryango wa MP ;
- Kubera ko kuri ibi bibazo vyose vy'uko umuryango wa S.S wigenjeje igihe kinini nk'uwufise ububasha bwose kuri iri tongo ata nkomanzi M.G yishura ko mu vy'intwari y'ico gihe vyari bigoye ko batunganirizwa aravye uko umuryango wiwe wari wifashe n'uko uwo kwa S.S wari wifashe ;
- Kubera ko ariko aha Sentare isanga ivyo bidafashe na riry ivy'intwari y'igihugu c'Uburundi bitagumye ari bibi kuva muri iyo myaka ya 1986 aho ishure Lycée MAKAMBA ryubakwa gushika aho imanza zerekeye iryo tongo zitanguriye mu mwaka wa 2018 naho nyene zikaba zatangujwe n'abandi nayo M.G akaza nk'uwinjira mu rubanza gusa ;
- Kubera ko ingingo ya 22 akarongo ka mbere y'igitabu c'amategeko agenga amatongo mu Burundi ivuga ko uwuronse ikitimuka ata buryarya abigiranye akagikoresha imyaka mirongo itatu ata nkomanzi, adahagaritse, ku mugaragarako kandi ata mahinyu gica kimwegukira kubera igihe akimaranye ;
- Kubera ko akarongo ka kane k'iyi ngingo nako kavuga ko umuntu yama afatwa nk'uwutagira uburyarya, uwagiriza uwundi uburyarya akaba ari we ategerezwa kubitangira ivyemezo ;
- Kubera ko ivyakozwe n'umuryango wa S.S kuri iryo tongo riri mu matati nk'uurigurishako igice kw'ishengero Anglicane, kuriterako ibiti vy'imishirakure, guhagararira uruhande rwawo igihe abashingantahe bashingira akarimbi umuryango wa R. n'uwa MP kandi bikubahirizwa n'impande zose bigaragaza ko uwo muryango wamanye ububasha bwose kuri iryo tongo ;

- Kubera ko kuva kera na cane cane mu myaka ya 1986 aho umuryango wa S.S wadandaje amabuye y’ukwubakisha Lycée MAKAMBA gushika aho imanza zitanguriye mu mwaka wa 2018 (naho nyene zitangujwe n’abandi atari umuryango wa MP) hari haheze imyaka irenga 30 kandi M.G akaba adashobora kwerekana uburyarya bwagizwe n’uwo muryango wa S.S ;
- Ko rero Sentare isanga ivyo vyose bigaragaza ko itongo riri mu mbibe zerekanwa n’uburimbi bwavuzwe na N.A n’amasura yiwe ari iry’umuryango wa S.S kuva kera none worikomorerwa, gurtyo hagakomezwa urubanza RCA 6751 rwaciwe na Sentare Nkuru y’igihugu ya MAKAMBA ;

KUBERA IZO MVO ZOSE :

Sentare ica imanza imbonankubone hagati ya M.G na N.A no ku mpaga ya N.M.L na M.G :

- ✓ Yihweje ibwirizwa inomeru 1/010 ryo kuwa 13 rusama 2004 rishiraho igitabu c’amategeko yerekeye ingene imanza z’amatati zitohozwa, ziburanishwa n’ingene zicibwa cane cane ingingo za 31 na 154 akarongo ka mbere (Art 31 et 154 al 1 du CPC) ;
- ✓ Yihweje ibwirizwa inomeru 1/13 ryo kuwa 9 myandagaro 2011 risubiramwo igitabu c’amategeko agenga amatongo mu Burundi cane cane ingingo ya 22 akarongo ka mbere n’akarongo ka kane (Art 22 al 1 et 4 du CF) ;
- ✓ Ibanje gukura urubanza mu mwihereho w’abacamanza nk’uko amategeko abivugaga ;

ISHINZE KO :

1. Hakomejwe urubanza RCA 6751 rwa Sentare nkuru y’igihugu ya MAKAMBA mu ngingo zarwo zose.
2. Amagarama arihwa na N.M.L, M.G na M.G bayarihe ku rugero rungana.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe mu ntahe y’icese yo kuwa 07/7/2021 hashashe M.J.P, Umukuru w’intahe, ND.R na T.A.M, abacamanza, bafashijwe na N.D, Umushikirizamanza Mukuru hamwe n’umwanditsi ND.R.

UMUKURU W’INTAHE

M.J.P

ABACAMANZA

ND.R

T.A.M

UMWANDITSI

ND.R

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCSA 00954 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE MAKAMBA EN DATE DU 7/7/2021

Succession Mp. représentée par N.M.L.

Succession N.Y. représentée par M.G. c/ Succession S.S représentée par N.A.

Succession Mp. représentée par M.G.

Mots clés : Prescription acquisitive - Propriété foncière familiale - Successions – Article 22 du Code foncier - Défaut de l'appelant.

I. DE L'INTRODUCTION

La prescription peut être une solution pour mettre fin aux conflits fonciers interminables.

1°. Des faits

Le litige porte sur une partie d'une propriété foncière sise à Gatwenzi, Commune et Province Makamba. Il oppose quatre familles à savoir :

Succession R. représentée par N.M.L. (appelante)

Succession Mp. Représentée par M.G. (appelant)

Succession Ny. Représentée par M.G. (appelant)

Succession S.S. représentée par N.A. (Intimée).

Les appelants N.M.L. et M.G. avancent que la délimitation des propriétés de R. et S.S se trouve à la deuxième bordure de champs.

Par contre, l'intimée N.A. avance que ladite délimitation se trouve plutôt à la première bordure de champs. Elle ne s'arrête pas là, elle continue en disant que depuis longtemps cette bordure a été respectée et même au moment du partage de la propriété commune entre Mp. et R., la délimitation des propriétés foncières a été respectée.

Et que cela fait longtemps que l'état des lieux est comme cela et elle prend à témoin le fait que S.S. a vendu une partie de cette portion de terre à l'Eglise Anglicane et qu'en 1986, les pierres qui ont servi à construire le Lycée Makamba provenaient de cet endroit et ont été vendues par la famille S.S.

L'intimée N.A. demande la confirmation par la Cour de cette délimitation comme l'a fait le Tribunal de grande Instance de Makamba eu égard au temps écoulé depuis que la famille S.S. possède cette partie de propriété sans contestation aucune.

2°. De la procédure

Les parties saisirent le Tribunal de résidence de Makamba sous le RC 4856. Non satisfaites de la décision rendue, elles saisirent le Tribunal de grande instance de Makamba sous le RCA 6751. Le juge du Tribunal de grande instance de Makamba donna gain de cause à la succession S.S. représentée par N.A.

Toutes les parties perdantes firent appel devant la Cour d'appel de Makamba sous le RCSA 00954, mais n'ont pas présenté leurs conclusions d'appel, se contentant de dire qu'ils vont présenter leurs prétentions en cours d'audience. Or en cours d'audience elles ont fait défaut sauf Monsieur M.G. qui a comparu et présenté ses moyens de défense.

En ce qui concerne les appelants qui ne se sont pas présentés, la Cour d'appel a retenu défaut contre eux en invoquant l'article 154 du Code de procédure civile qui dispose que « *si, sans motif légitime, le demandeur ne comparait pas, le défendeur peut soit demander le défaut-congé sans qu'il soit statué au fond.*

Les parties présentes ont développé leurs prétentions et ont montré chacune la délimitation de sa propriété et mêmes les témoins ont été entendus

S'agissant de la prescription, M.G. a présenté des excuses pour son inaction pendant plus de trente ans invoquant le fait que S.S. était puissant qu'il ne pouvait pas l'affronter.

Le juge d'appel a rejeté les excuses de M.G. et a retenu qu'il y avait eu déjà la prescription trentenaire du fait que S.S. occupe paisiblement cette parcelle de terre litigieuse pendant plus de 30 ans.

3°. De la question juridique posée

Est-ce que la prescription trentenaire fait tomber les autres moyens de preuve ?

4°. De la réponse de la Cour

La Cour a répondu par l'affirmative en constatant que la Succession S.S. a occupé la propriété paisiblement pendant plus de 30 ans au vu et au su des différentes parties au procès.

II. Du Développement

1°. Du Sens de l'arrêt

Le juge de la Cour d'Appel de Makamba a répondu à une question de droit relative à la prescription trentenaire. Ainsi, s'agissant de la question de prescription telle que soulevée par N.A., le juge d'appel a donné la réponse adéquate conforme à la loi, notamment l'article 22 du Code foncier.

Dans la motivation de l'arrêt, le juge a rejeté les excuses présentées par M. G. qui prétendait qu'il n'avait pas engagé d'action plus tôt par peur de S.S. qui était très puissant. Le juge a estimé que l'histoire du Burundi a connu aussi des accalmies au cours des trente dernières années et que M.G. aurait pu agir avant la forclusion des délais.

S'agissant du défaut de certains appelants, le juge a aussi constaté qu'il ne pouvait faire droit aux prétentions des appelants dans la mesure où ils avaient fait défaut sans motif valable, encore qu'ils n'avaient même pas présenté leurs moyens d'appel dans leurs écritures antérieures.

Pour le défaut de comparution des appelants, la Cour a correctement appliqué la loi dans la logique de lutter contre les recours téméraires et vexatoires auxquelles une partie mal intentionnée peut recourir pour faire pérenniser le procès. La Cour a tranché dans le sens de l'article 154 du code de procédure civile qui dispose que « *si, sans motif légitime, le demandeur ne comparait pas, le défendeur peut soit demander le défaut-congé sans qu'il soit statué au fond soit requérir un jugement sur le fond.* Le

jugement sera rendu par défaut. Le juge s'assure au préalable que la date d'audience a été notifiée au demandeur défaillant... »

2°. De la valeur de l'arrêt

L'arrêt RCSA 00954 répond correctement à la question relative à la prescription soulevée par l'intimé. Cet arrêt a été bien motivé sur base d'une période de possession paisible, et publique qui a duré, un temps aussi long, et les prétendants propriétaires ne peuvent pas invoquer la puissance du possesseur dans la mesure où pendant les trente ans, il ne pouvait pas rester toujours puissant.

L'article 22 du Code foncier a été correctement appliqué car il résout le problème de sereinité de cohabitation des gens dans la société. Cet article protège l'acquéreur de bonne foi d'un immeuble qu'il en jouit d'une manière paisible, continue, publique et non équivoque pendant trente ans.

3°. De la portée de l'arrêt

La prescription acquisitive constitue un moyen de protection de celui qui détient le bien immeuble pendant un délai suffisamment long, généralement de 30 ans. L'arrêt RCSA 00954 tel que rendu, va servir de jurisprudence en ce qui concerne les matières similaires.

Cet arrêt va servir de référence aux juges qui seront confrontés à une question de prescription acquisitive ou usucapion dans le chef d'un détenteur de bonne foi et met à lumière que le détenteur de mauvaise foi ne prescrit jamais.

Cela va contribuer à la consolidation de la paix sociale. Le délai de trente ans étant un temps suffisant pour se prévaloir d'un droit de propriété dans le chef de celui qui veut le revendiquer, mais également un temps utile pour protéger l'acquéreur de bonne foi qui risque de perdre les preuves de sa propriété pour diverses raisons.

RCSA 1509

SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA MUHA ISHASHE MU MANZA Z'AMATA-TI YA MATONGO ATARI AYO MU BISAGARA ZIHUNGURURIJWE YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KU WA 17/2/2020

HABURANA :

UWUNGURUJE : ND.M aba i NYAKIBANDE, Komine ISARE

UWUNGURURIJWE : CI.L aba NYAKIBANDE, Komine ISARE

ICUNGURURIJWE : Urubanza RCA 6739

Ku wa 27/09/2018, Sentare Nkuru y'Igihugu ya Bujumbura yaciye urubanza RCA 6739 ruvuga ruti :

- 1) Irahebuje ND.M kw'itongo yarondera kuri CI.L.
- 2) Amagarama y'urubanza atangwa na ND.M.

Amaze kurumenyeshwa kuwa 10/01/2019, ND.M ntiyarushimye arinaho yaca arwunguruza kuwa 6/2/2019 ibirego abishikanye mw'iyandikiro ry'imanza urubanza rucarushirwa k'urutonde RCSA 1509.

Mumburano ziwe zanditse, ND.M avuga ko se yitwa BUK akaba yavukana na BUT abo nabo bakaba bakomoka kuri BWA n'umupfason iyiwe BAG.

Akomeza avuga ko bagiye babona CI.L aza avuga ko akomoka nawene kuri BWA ngo inakuru wiwe ariwe NY ngo yari umugore wambere wa BWA kandi ngo bo ico bazi ni uko NY yari arezwe muri urwo rugo cokimwe n'abandi nka BAN na BAR.

Abandanya avuga ko uwo CI.L atawigeze amumenya ndetse na nyina wiwe ntibigeze bamumenya ngo yadutse abonye ko abakomoka kuri BWA aribo BUK na BUT bitavye Imana.

Ashishikara avuga ko atavyemezo CI.L yigeze azana vyemeza ko inakuru yigeze kubakana na BWA kuko ngo no kumugandukako ntibigeze bahaseruka ngo bashikiriza ijamba akemeza rero ko ivyo CI.L vyose avuga ari ibinyoma.

Aheraheza asaba ko CI.L yohebuzwa kw'itongo arondera abone kubona ko adakomoka kuri BWA.

Mukwiregura CI.L nawe avuga ko se wiwe NIB akaba ari umukwe wa BWA yavyaye umukobwa umwe w'ikinege MU amuvyara kuri NY ari nawe yabaye umugore mukuru wa BWA ngo BUK na BUT nabo ni amahasa bavuka k'umugore wa kabiri wa BWA ariwe BAG.

Abandanya avuga ko yahakuriye kuva afise imyaka itandatu kandi ngo abo avuga BAN na BAR ntabo yigeze ahabona kandi ngo itongo bariko barapfa yarisizwemwo na inakuru NY ngo n'uburimbi yabushingiwe n'Abashingantahe kandi ngo buracariho ngo hakaba haheze imyaka mirongo itandatu ahari.

Akomeza avuga ko BWA yarafise itongo rimwe ari naryo yahavuye agaburira abagore biwe NY na

BAG ngo mugisate c'itongo yahaye NY nico yaciye amuraga, igisate naco yahaye BAG nico BUK na BUT barimwo kandi ngo C.I.L yagabanye ico gisate kuko NY atawundi mwana yari yaravyaye.

C.I.L aheraheza avuga ko yotunganirizwa mugukurwako ND.M aguma amuburagiza kugatongo yasigiwe na Inakuru.

Sentare imaze kumviriza impande zose yarahavuye irumviriza icabona catatswe na C.I.L ariwe NY.R yahavuye yumvirizwa nk'uwutanga umuco kuko ND.M yamwiyamirije.

NY.R yemezako ND.M na C.I.L bose ari abuzukuru ba BWA aho avugakandi ko yaciye ubwenge abona C.I.L ahaba.

KUBW'IVYO :

Kubera ko uwungurujwe avugako uwungururijwe ataco bapfana ariko ngo yemeza ko akomoka kumugore wambere wa BWA (sekuru) navyo ngo atarivyo ;

Kubera ko uwungururijwe nawe avuga ko BWA yari afise abagore babiri, NY arinawe yavyaye MU, umukobwa umwe, ari nawe yavyaye uwungururijwe ;

Kubera ko uwungururijwe yerekana ko yakuriye kwa Inakuru agahava ashikirizwa igisate c'itongo cegukira inakuru kandi akaba ahakorera kuva kera nk'uko vyemezwa na NY.R ahoyemeza ko yaciye ubwenge abona C.I.L ariho aba ;

Kubera ko sentare isanga uwungurujwe adatanga ivyemezo bihinyuza ibivugwa n'uwungururijwe kandi ariwe yabwirizwa kubitanga nk'uko ingingo ya 31 y'igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa n'ingene zicibwa ibitegeka ;

Kubera ko sentare isanga kandi iryo tongo uwungururijwe arimazemwo igihe kirekire cane bisigura ko atangorane zigeze zihaba abakomoka kuri BWA (BUK na BUT) bavyawe na BAG hamwe n'uwavyawe na NY ariwe MU ;

Ko rero biboneka ko amatati yagiye kwaduka abo bose bararenganye kera;

Kubera ko sentare ibona ko umwanya uwungururijwe amaze akorera mw'iryo tongo ari munini cane vyumvikana rero koyahakorera atankomanzi;

Ko rero ingingo ya 22 y'igitabu kigenga amatongo mu gace kayo kambere itomora neza ko uwo wese aronse ikitimuka akagikoresha atankomanzi, adahengeshanya kandi k'uburyo bugaragara mu kiringo c'imyaka mirongo itatu gica kimwegukira;

Kubera ko sentare isanga rero urubanza rwungurujwe rwokomezwa mu ngingo zarwo zose gurtyo uwungurujwe agahebuswa kuvyo arondera vyose;

KUBERA IZO MVO ZOSE

Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya MUHA ica imanza imbonankubone ibanje gukura urubanza mu mwiherero w'Abacamanza;

- Yihweje ingingo ya 31 y'igitabu c'amategeko agenga ingene imanza z'amatati ziburanishwa n'ingene zicibwa;

- Yihweje ingingo ya 22 agace 1 y'igitabu c'amategeko agenga amatongo mu Burundi;

ISHINZE KO:

1. Urubanza RCA 6739 rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu ya Bujumbura rurakomejwe mu ngingo zarwo zose.
2. Amagarama atangwa na ND.M.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe i Muha mu ntahe y'icese yo kuwa 17/2/2020 hashashe Umukuru w'intahe B.J.M.V, Abacamanza H.G na ND.J.C bafashijwe n'Umushikirizamanza mukuru BI.B hamwe n'umwanditsi w'imanza HA.E.

UMUKURU W'INTAHE

Sé B.J.M.V

ABACAMANZA

Sé H.G

Sé ND.J.C

COMMENTAIRE DE L'ARRET RCSA 1509 RENDU PAR LA COUR D'APPEL DE MUHA EN DATE DU 17/2/2020

RCSA 1509 : ND.M. c/ CI.L.

Mots clés : Prescription acquisitive - Article 22 du Code foncier - Preuve en matière civile - Article 31 du Code de procédure civile - Charge de la preuve renversée

I. DE L'INTRODUCTION

Il n'est toujours pas aisé de trouver des preuves du droit de propriété sur un fonds de terre obtenu dans le cadre d'une succession non contestée aussitôt après le décès du propriétaire initial.

1°. Des faits

Le litige porte sur la détermination des ayants droit à la succession de BWA.

ND.M demande à CI.L de quitter la propriété de BWA au moment où celle-ci fonde son droit de propriété sur les liens de parenté existant entre elle et le De cujus et la période écoulée qui lui confère le droit de propriété par prescription acquisitive.

Les parties se sont alors confiées aux instances judiciaires pour les départager.

2°. De la procédure

Il est renseigné que l'affaire concerne le recours en appel contre le jugement RCA 6739 rendu par le Tribunal de grande instance de Bujumbura en date du 27/09/2018. La prétention de ND.M sur la propriété litigieuse a été rejetée par le juge.

Signifié de cette décision en date du 10/01/2019, ND.M a interjeté appel devant la Cour d'appel de Muha en date du 6/02/2019 et le dossier fut enregistré sous le RCSA 1509.

Dans ses conclusions, l'appelant ND.M. débute par présenter son arbre généalogique afin de démontrer qu'il n'a aucune relation familiale avec l'intimée CI.L. et demande par la suite d'ordonner son expulsion de la propriété de son grand-père BWA. Il indique que ce dernier a eu, de son union avec BAG, deux jumeaux répondant aux noms de BUT. et BUK., aujourd'hui décédés et qu'il les représente en tant que petit-fils de BWA.

L'appelant affirme également que NY était un enfant adoptif de BWA au même titre que BAN et BAR.

L'intimée CI.L prétend que son père NIB était le gendre de BWA car, ayant épousé sa fille unique MU issue de son premier mariage avec NY. Elle confirme par la même occasion que de l'union de BWA avec BAG, sont nés également des jumeaux BUT et BUK. Elle révèle également que BWA avait, de son vivant, réglé sa succession en procédant au partage de sa propriété en parts égales entre ses deux femmes.

L'intimée CI.L s'interroge alors sur le mobile qui pousserait la partie adverse à demander son déguerpissement dans une propriété occupée paisiblement depuis plus de soixante ans.

Un certain NY.R a été cité comme témoin par l'intimée mais il fut contesté par l'appelant. Il est ressorti des renseignements donnés par lui à la Cour que les deux parties sont des petits enfants de BWA et que l'intimée occupe les lieux depuis son jeune enfance.

La Cour d'appel de Muha a constaté que l'appelant n'avait aucune preuve contraire contre les prétentions de l'intimée et a, de ce fait, confirmé par son arrêt RCSA 1509 du 17/2/2020 le jugement RCA 6739.

3°. De la question juridique posée

Un membre de famille peut-il se prévaloir d'un droit de propriété par la prescription acquisitive immobilière?

4°. De la réponse de la Cour

La Cour d'appel de Muha a tranché définitivement un conflit foncier qui, après analyse des prétentions des parties, a abouti à la prescription acquisitive immobilière en faveur de l'intimée CI.L. L'intimée n'avait pas été inquiétée du vivant du De cujus et personne ne pouvait remettre en cause son droit de propriété acquis sur le fonds convoité.

Un motif servant de fondement à l'arrêt RCSA 1509 est que l'appelant ND.M n'a pas apporté la preuve des faits nécessaires au soutien de ses prétentions comme le recommande l'article 31 du Code de procédure civile.

La Cour d'appel de Muha a également compris qu'aucun conflit n'a existé du vivant des descendants directs du De cujus à savoir BUT, BUK et MU. Ces derniers sont issus des deux épouses de BWA à savoir BAG et NY. La Cour d'appel a estimé que le conflit foncier a pris naissance longtemps après le décès des grands-parents et de cela, elle a déduit que l'intimée jouissait pleinement de la propriété occupée.

La base légale ayant servi à la décision du juge saisi en dernier ressort est l'article 22 alinéa 1^{er} du Code foncier qui dispose : « Celui qui acquiert de bonne foi un immeuble et en jouit d'une manière paisible,

continue, publique et non équivoque pendant trente ans, en acquiert la propriété par prescription».

Et par voie de conséquence, le juge a débouté l'appelant de ses prétentions par la confirmation du jugement RCA 6739 du Tribunal de grande instance de Bujumbura.

II. DU DEVELOPPEMENT

1°. Du sens de l'arrêt

Le juge de la Cour d'appel de Muha a répondu à une question de droit relative à l'usucapion ou prescription acquisitive.

Dans l'instruction juridictionnelle de l'affaire, le juge a remarqué que l'appelant cherchait à remettre en cause la répartition faite par BWA de sa propriété entre ses deux femmes BAG et NY. Pour remédier à la situation, la Cour d'appel de Muha a, à l'instar du tribunal de grande instance, vérifié le délai et les conditions d'occupation du terrain par l'intimée.

De la motivation de la décision, il en est ressorti que les parties sont des descendants de BWA et qu'ils ont les mêmes droits sur la seule propriété immobilière laissée par le défunt. Aucun témoin ou aucune autre preuve n'a été apporté pour soutenir les prétentions de l'appelant par rapport à l'argumentaire de l'intimée.

La Cour d'appel de Muha a, en vertu des dispositions de l'article 31 du Code de procédure civile et de l'article 22 alinéa 1^{er} du Code foncier, ordonné que l'intimée soit sécurisée dans ses droits acquis de par la prescription acquisitive.

En rendant cet arrêt, le juge savait que l'usucapion fait partie intégrante du droit des biens et est un moyen d'acquérir un droit de propriété par l'exercice de ce droit prolongé et sous conditions déterminées par le Code foncier.

2°. De la valeur de l'arrêt

La décision RCSA 1509 répond à la question principale soulevée par l'intimée de prescrire pour autrui.

La Cour d'appel de Muha a d'abord constaté que la question de filiation par rapport à feu BWA était élucidée et a trouvé un moyen de sécuriser l'intimée dans la propriété acquise par sa grand-mère NY. Elle a résolu l'affaire en faisant recours à la prescription acquisitive immobilière en faveur de C.I.L., acquéreur de bonne foi.

Les conditions de l'usucapion sont précisées par l'article 22 du Code Foncier. A son alinéa 1^{er}, cette dernière disposition protège un acquéreur de bonne foi d'un immeuble qui en jouit d'une manière paisible, continue, publique et non équivoque pendant trente ans.

En la matière, il faut qu'il y ait d'abord l'entrée en possession avant de parler du délai de prescription. La possession est constituée par deux éléments à savoir : le corpus et l'animus et elle doit s'exercer de manière continue, publique et sans violence.

La prescription acquisitive permet ainsi au possesseur de devenir propriétaire après l'écoulement d'un certain délai. Le délai de trente ans exigé pour les immeubles trouve sa justification dans la

valeur de ceux-ci et également pour laisser un temps suffisant au vrai propriétaire de se manifester.

3°. De la portée de l'arrêt

L'arrêt commenté a légitimé une situation de fait qui a perduré avant que l'appelant ne tente de s'ac-
caparer de tout le patrimoine du De cujus BWA et ce, au détriment des petits enfants issus de NY.

Le juge a considéré l'emprise qu'avait l'intimée sur la propriété par la jouissance régulière et qui
s'était prolongée dans le temps et sans discontinuité.

Plusieurs cas pareils jonchent les cours et tribunaux et le juge éprouve des difficultés pour connaître
la vérité parfois cachée ou dénaturée par des faux témoins.

L'usucapion répond à deux objectifs :

1° Elle facilite la preuve par l'institution d'une présomption qui repose sur le postulat consistant à
admettre que le détenteur du terrain soit son propriétaire et qu'il appartient à celui qui ne possède pas
la chose de prouver qu'il en est le propriétaire.

C'est l'esprit même du 3^{ème} alinéa de l'article 22 du Code foncier qui dispose que : « *la bonne foi est
toujours présumée et c'est à celui qui allègue la mauvaise foi de la prouver.* »

2° La prescription acquisitive favorise également la paix sociale. Il faut que certaines situations de fait
soient consolidées au motif que la remise en cause d'une situation qui s'est durablement prolongée
dans le temps pourrait, en effet, être de nature à créer un désordre important.

L'arrêt RCSA 1509 est un arrêt de principe qui va orienter la plupart des juges qui, appelés à trancher
des situations d'occupation paisible d'une propriété foncière pendant plusieurs années, se heurtent à
un manque de preuves irréfutables du droit de propriété.

La possession paisible, continue, publique et non équivoque ainsi que le délai sont les deux condi-
tions exigées pour qu'un membre de famille puisse se prévaloir du droit de propriété par la prescrip-
tion acquisitive immobilière.

RCSA 2314

SENTARE NKURU ISUBIRAMWO IMANZA YA NGOZI ISHASHE I NGOZI MU MANZA Z'AMATATI Y'AMATONGO ZUNGURUJWE KU RUGERO RUDASANZWE ICIYE URUBANZA RUKURIKIRA MU NTAHE Y'ICESE YO KUWA 07/3/2017

Haburana:

ABUNGURUJE : NT.J na NG.F bo ku musozi KAVOGA, Komine MURUTA, Intara ya KAYANZA.

UWUNGURURIJWE: N.M wo ku musozi KAVOGA, Komine MURUTA, Intara ya KAYANZA yunganirwa na Mê B.D.

ICUNGURURIJWE : Urubanza RCA 10726 rwaciwe na Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA ruhagaze ku bugabire.

INGENE URUBANZA RUTEYE

N.M na basazawe aribo NT.J na NG.F bapfa itongo rigizwe n'imyaba itatu ; N.M avuga ko hari imyaba ibiri yagabiwe na nakuru avyara se n'uwundi mwaba umwe yagabiwe na se nyene ariwe BUR ; NT.J na NG.F nabo bavuga ko ata bugabire bwigeze buhaba ngo kuko ata vyabona uwagabiwe afise kandi ata n'urwandiko.

INGENE RWATEYE IMBERE

Sentare Nkuru y'Igihugu ya KAYANZA yaciye urubanza ivuga iti: «

- 1) *Imburano za NT.J na NG.F ntizishemeye ;*
- 2) *Ikomeje urubanza RC 2062 rwaciwe na Sentare y'Intango ya MURUTA mu ngingo zarwo zose ;*
- 3) *Amagara uko ari 8.800 fr atangwa na NT.J na NG.F ».*

Urubanza rwa Sentare y'Intango ya MURUTA ari narwo rwakomejwe rwavuga ruti : «

- 1) *Ivuze ko N.M yubahirizwa ku myaba itatu (3) NT.J na NG.F bamunyaze ;*
- 2) *Amagarama uko ari 7.800fr atangwa na NT.J na NG.F ».*

Uru rubanza abunguruje ntibarushimye baca bitura iyi Sentare ngo irwakire ku rugero rwayo rudasanzwe.

Barwunguruje kuwa 03/5/2016 bari barumenyeshwe baratera n'igikumu kuwa 05/4/2016 ku vyerekeye NT.J no kuwa 07/4/2016 ku vyerekeye NG.F.

Uwungururijwe yarateye igikumu ku mutahe umumenyeshya urubanza RCSA 2314 rwashingishijwe muri iyi Sentare kuwa 15/5/2016 yongera kuri uyo mutahe nyene aramenyeshwa isango yo kurenguka kuwa 28/6/2016 sambiri z'igitondo ;

Kuri iryo sango, urwo rubanza ntirwahamagawe, ahubwo hoba harasabwe isango ya hafi kuko ata

cegeranyo tubona mw'idosiye. Kuwa 17/6/2016 niho rwahamagawe ubwa mbere, umwe mu bungurujwe ntiyarenguka, kandi basanga nta cemeza ko uwungururijwe yamenyeshejwe urubanza naho yarengutse.

Kuwa 27/7/2016 ababuranyi bose bararengutse bazanye n'ivyabona vyabo ; urubanza rurumvirizwa ababuranyi bahinyuzanya n'ivyabona birumvirizwa urubanza ruraja mu mwiherero.

KUBW'IVYO :

Kubera ko abungurujwe bavuga ko ubugabire bw'imyaba uwungururijwe yitwaza butigeze bubaho, ngo kuko baravye igihe nyene kugaba iyo myaba ibiri ariwe nakuru w'uwungururijwe yapfiriye basanga uwungururijwe atari bwavuke ngo kuko yapfuye mu mwaka wa 1948 ;

Kubera ko babandanya bavuga ko Sentare yaje gusatura itongo rikomoka k'uwo nakuru igaburira abahungu biwe babiri aribo NZ. na BUR ngo uwungururijwe niho yari ari ariko ntaco yavuze ;

Ko bongera bakavuga ko niyaba yaragabiwe yoheza akazana ivyabona canke inzandiko z'ubwo bugabire ; bagasozera basaba ko uwungururijwe yohebuzwa kuri iyo myaba abaronderako, ngo igihe azoshakira umwaba w'igiseke bazowumuha ;

Kubera ko uwungururijwe nawe yiregura avuga ko yasanasanye inakuru wiwe amuvomera amazi, amusenyerwa n'udukwi mugihe yari mu zabukuru afise amagara make ; maze inakuru mu kumushimira akamugabira iyo myaba ibiri, ico gihe ngo yari atanguye mu mwaka wa mbere afise imyaka indwi n'aho abungurujwe babeshe ngo inakuru yapfuye ngo we akiri mu nda ;

Kubera ko abandanya avuga ko inakuru amaze gupfa yaciye aja kuba kwa musazawe NT.J akaba ariwe yanamukosheje atwara inkwano ; ko yagiye kwabirwa aja i BUJUMBURA ; agaruka azanye umwana n'inzoga ngo yerekane umwana ku bavyeyi ; maze se ngo aranezerwa n'ukwakira umwuzukuru ati « *ndakugabiye umwaba uzoze urarima ugaburire uwo mwuzukuru wanje* » ;

Kubera ko yongera akavuga ko abo bahungu ba inakuru nyene kumugabira aribo NZ. na BUR barinze bapfa atawumudurumbanije kuri iyo myaba itatu, gushika ayirime imyaka irenga mirongo ine (40 ans) ; ati nahavyariye abana cumi na babiri ;

Ko aho yaba i BUJUMBURA yagize ingorane z'ingwara n'impfu bigatuma amara igihe adashobora kuza kurima muri iyo myaba, aho agarukiye asanga abo bungurujwe bayimunyaze baranayigurisha ;

Kubera ko asozera asaba ko yokomorerwa iyo myaba yiwe itatu, ngo mbere n'itongo ryose aronke igiseke mu vy'umuryango na 1/5 kw'itongo ry'umuheto wa se ; akanisigura ko igihe Sentare yaza gusatura atabimenye ; ko musazawe yariye inkwano yari akwiye kuhamubera ;

Kubera ko yabwiye Sentare ko hageze igihe sewabo bose yashatse kugurisha iyo myaba maze abo bungurujwe baramwankira bati « iyo myaba yagabiwe mushiki wacu » ;

Kubera ko Sentare yaciye yumviriza ivyabona vy'abungurujwe ihereye kuri NS.D ; Sentare iramubaza iti « iyo myaba bapfa urayizi », nawe ati « ntayo nzi » ariko aremera ko uwungururijwe yagiye i BUJUMBURA agaruka azanye umwana n'inzoga, ariko ko ijamba ryahavugiwe ataryo azi ;

Aremera kandi ko uwungururijwe yabaye kwa se BUR ahamara imyaka irenga mirongo itatu ngo arima iyo myaba nk'umwana wo mu nzu ;

Kubera ko NT.S, icabona kindi c’abungurujwe, nawe yabajijwe niba azi iyo myaba bapfa yishura ati « ntayo nzi ni ukuri », Sentare ica isanga ntaco yokwongera kumubaza ;

Kubera ko Sentare yaciye ibaza M.V, icabona c’uwungururijwe, asigura ko yahora abona uwungururijwe ariwe arima iyo myaba ariko ngo ubu harima abaguzi ba NT.J na NG.F, muri abo baguzi ati harimwo S.D ;

Kubera ko ico cabona nyene gisigura ko muri iyo myaba NT.J yigeze kuhimbamwo ibinogo vy’amafi nyina w’uwungurujwe aca arabuza ati « ni iya N.M » ;

Kubera ko Sentare imaze kwumviriza ababuranyi n’ivyabona vyabo isanga itegerezwa kwihweza imvo zatanzwe n’ababuranyi ;

Kubera ko ku mvo ya mbere abungurujwe basigura ko uwungururijwe atari kugabirwa atari bwavuke igihe nyene kugaba yapfa, ariko bakaba bafatiye ku mwaka uwungururijwe yavukiyeko kuko hariho icemezo ariko ntibatange icemezo cerekana itariki n’umwaka nyene kugaba yapfiriye bakabivuga ku munwa gusa ; iyo mvo ikaba ata gaciro ifise ;

Kubera ko imvo ya kabiri bavuga ko Sentare yaje gusatura itongo isaturira abo kwa NZ. n’abo kwa BUR maze ngo uwungururijwe ntaco yashikiriza ; uwungururijwe yavuze ko atariho yari ari kandi ko musazawe NT.J yariye inkwano ziwe yari kumubera mu kibanza ; Sentare ibona ko iyo mvo idashe-meye kuko n’ubu abakomoka kwa BUR aribo baburana muri uru rubanza n’ubu bashobora kugabura, ko igihe uwungururijwe yobishakira yosaba ko amatongo ya BUR yogaburirwa abamukomokako ;

Kubera ko ivyerekeye imvo ya gatatu aho abungurujwe basaba ko uwungururijwe yozana ivyabona canke inzandiko z’ubwo bugabire ; Sentare ibona ko ivyo vyemezo bitabonetse ku mvo zidaturutse ku muburanyi, irafatira no ku bindi vyemezo vyose bishobora kuyimurikira ukuri ;

Kubera ko n’ivyabona vy’abungurujwe, umwe yavuze ko n’iyo myaba bapfa atayo azi kandi ataco ayiziko ;

Kubera ko uwundi yemeje ko iyo myaba ayizi ; ko yahora irimwa n’uwungururijwe igihe kirenga imyaka mirongo itatu mugabo ntasigure ingene abo asurira bayishikiriye ;

Kubera ko ico cabona nyene gisigura ko uwungururijwe yigeze kuva i BUJUMBURA azanye umwana n’inzoga mugabo atazi ijamba ryahavugiye ; bihuriranye n’ivyo uwungururijwe yavuze igihe se wiwe BUR yamugabira umwaba wiyongera kuyo inakuru yamuhaye ;

Kubera ko ico cabona nyene c’abungurujwe kivuga ko cemera ko uwungururijwe yaharimye ari mu nzu kwa se imyaka irenga mirongo itatu bikaba navyo bihuye n’ivyo uwungururijwe yashikirije ko yaharimye imyaka irenga mirongo ine ;

Kubera ko abavyeyi b’abo baburanyi bose bamye bubahiriza iyo myaba uwungururijwe yagabiwe gushika bapfe, imyaka irenga mirongo ine yose igahera ata muntu amugora, biboneka ko bari bazi ko ari iyiwe ;

Kubera ko abungurujwe rimwe bavuga ngo niyo myaba ntibaho, ngo ntayo yigeze, ngo mbere nta n’iyo bazi, aho bakaba bashaka kujijisha Sentare kuko iyo itaba ihari ntaco bari kwunguruza bavuga ko ngo ata bugabire bwabayeho kuri iyo myaba ;

Kubera ko n'icabona bo nyene bizaniye cemeza ko iyo myaba kiyizi, ko uwungururijwe yayirimye nk'umwana wo mu nzu imyaka irenga mirongo itatu ;

Kubera ko abunguruje badasigura ingene iyo myaba yagiye mu minwe yabo ivuye mu minwe y'uwungururijwe ; bisigura ko bayinyaze ku gitugu ;

Kubera ko Sentare isanga ko n'aho ivyemezo bitari gutangwa nk'uko vyatanzwe n'uwungururijwe, ico kiringo cose yamaze ahakorera cotuma iba iyiwe hisunzwe ingingo ya 22 y'ibwirizwa n⁰¹/13 ryo kuwa 09/8/2011 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga amatongo mu BUR. Nayo ivuga iti : « Uwuronse ikitimuka ata buryarya abikoranye, akagikoresha imyaka irenga mirongo itatu ata nko-manzi, adahagaritse, ku mugaragaro kandi ata mahinyu gica kimwegukira kubera igihe akimaranye » ;

Kubera ko amatongo yo mu myonga ataco apfana n'ayo mu misozi, imyonga ari iya nyene kuyigazura atari iya nyene amatongo ahanamiye imyonga canke bene utubande tuhashokera nk'uko ingingo ya 444 y'ayo mategeko duhejeje kuvuga ibitegekanya ;

Ko rero Sentare ibona ko iyo myaba ari iy'uwungururijwe ;

Ko ariko ku mburano z'inyongera yashikirije aho asaba Sentare ngo imugaburire kw'itongo ryose ry'umuryango n'iry'umuheto wa se, Sentare itashikirijwe urubanza rwo kugabura amatongo asigwa na BUR, ahubwo yashikirijwe urubanza rwerekeye ubugabire, igasabwa kubufuta canke kubwemeza ;

Ko Sentare isanga imanza zerekeye kugabura ibisigi bigizwe n'amatongo zidatangurira ngaha nk'uko ingingo ya 12 y'ibwirizwa n⁰¹/08 ryo kuwa 173/2005 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga itunganywa n'ububasha bw'amasentare ibivuga ;

KUBERA IZO MVO ZOSE :

Sentare Nkuru isubiramwo imanza ya NGOZI ica imanza imbonankubone ababuranyi bahinyuzanya,

- Yisunze ingingo za 22 na 444 zo mw'Ibwirizwa inomeru 1/13 ryo ku wa 9 myandagaro 2011 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga amatongo muBUR ;
- Yisunze ingingo ya 12 agace c y'ibwirizwa n⁰ 1/08 ryo kuwa 17/3/2005 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga itunganywa n'ububasha bw'amasentare ;
- Ibanje gukura urubanza mu mwiherero w'abacamanza nk'uko amategeko abivuga;

ISHINZE KO :

1. Yakiriye imburano nk'uko yazishikirijwe na NT.J na NG.F ariko ivuze ko zidashemeye ;
2. N.M arakomorewe imyaba itatu aburana na NT.J na NG.F ;
3. Amagarama atangwa na NT.J na NG.F.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe na Sentare Nkuru Isubiramwo Imanza ya NGOZI mu ntahe y'icese yo kuwa 07/3/2017.

Hashashe

NG.D, Umukuru w’Intahe, S.J na N.L, abacamanza, bafashijwe na B.J, Umushikirizamanza Mukuru hamwe na ND.R, Umwanditsi w’Imanza.

UMUKURU W’INTAHE

NG.D, Sé

ABACAMANZA

S.J, Sé

N.L, Sé

UMWANDITSI W’IMANZA

ND.R, Sé

COMMENTAIRE DE L’ARRET RCSA 2314 RENDU PAR LA COUR D’APPEL DE NGOZI LE 7/3/2017

Affaire RCSA 2314 ; NT J. c/ N M.

Mots clés : Prescription - Possession - Bonne foi – Paisible- Publique - Article 22 du Code foncier de 2011.

I. DE L’INTRODUCTION

Le poids de la tradition selon laquelle une fille ne peut avoir un droit de propriété sur le fonds de terre familiale en présence de ses frères pèse encore dans la société burundaise.

1°. Des faits

Deux frères et une sœur avaient un litige foncier. La sœur cultivait trois lopins de terres ; elle disait que c’est une donation qu’elle a eu de la part de sa grand-mère pour deux lopins de terre et une autre de la part de son père. Ses deux frères le contestaient et disaient qu’il n’y a jamais eu de donation de la part de qui que ce soit. Ils ont fini par spolier les trois lopins de terre à leur sœur.

2°. De la Procédure

La fille a assigné ses frères en justice. Devant le Tribunal de résidence de Muruta, dans son jugement RC 2062, la demanderesse a eu gain de cause. Les défendeurs ont interjeté appel devant le Tribunal de grande instance de Kayanza sous le RCA 10726. Le jugement du tribunal de grande instance de Kayanza confirma le jugement du tribunal de résidence. Les mêmes appelants ont exercé un recours spécial devant la Cour d’appel de Ngozi sous le RCSA 2314. Ils avancent dans leurs prétentions que leur sœur n’a jamais eu de donation ; qu’elle ne peut le prouver par aucune preuve ni écrite ni testimoniale.

L’intimée se défend en arguant qu’elle a entretenu sa grand-mère dans sa vieillesse en lui apportant de l’aide dans les petits travaux ménagers et en guise de remerciement qu’elle lui a fait une donation de deux lopins de terres. Elle rapporte aussi que son père lui a fait une donation d’un lopin de terre quand elle était allée lui présenter son premier né et d’ajouter qu’elle a cultivé tous ces lopins de terre

quarante ans durant au vu et au su de tout le monde sans que personne ne vienne la troubler dans sa jouissance.

3°. De la question juridique posée

La prescription fait- elle tomber les moyens de preuves ?

4°. De la réponse de la Cour

Dans son arrêt RCSA 2314 rendu le 7/3/2017, la Cour d'appel de Ngozi a répondu par l'affirmative en statuant sur base de l'article 22 de la loi n°1/13 du 9/8/2011 portant révision du Code foncier du Burundi qui dispose que :

« Celui qui acquiert de bonne foi un immeuble et en jouit d'une manière paisible, continue, publique et non équivoque pendant trente ans, en acquiert la propriété par prescription.

Est réputé avoir acquis de bonne foi un immeuble quiconque a la croyance erronée mais non fautive en l'existence d'un droit foncier de la personne qui lui a cédé ledit immeuble.

La bonne foi est toujours présumée et c'est à celui qui allègue la mauvaise foi de la prouver.

La détention précaire pour autrui ne peut servir de base à cette prescription. »

